

R E V

# REVOLISYON FINANSYE PAW

Pouvwa Estrateji a

O L I

# GARY KEESEE

S Y O N



# REVOLISYON FINANSYE PAW

Pouvwa Estrateji a

GARY KEESEE

S Y O N

**Your Financial Revolution**

**The Power of Strategy.** Haitian Creole. By Gary Keesee

Originally printed In English

ISBN: 978-1-945930-14-0

Faith Life Now

P.O. Box 779

New Albany, OH 43054

LIFE

You can reach Faith Life Now Ministries on the Internet at  
[FaithLifeNow.com](http://FaithLifeNow.com).

**Revolisyon Finansye Paw**

**Pouvwa Estrateji a,** ke Gary Keesee ekri

Vèsyon Orijinal la enprime an Anglè

ISBN: 978-0-9729035-9-2

Viv Lafwa Kounye a

Faith Life Now

P.O. Box 779

New Albany, OH 43054

LIFE

Ou kapab kontakte Ministè Viv Lafwa Kounye a sou entènèt nan  
[FaithLifeNow.com](http://FaithLifeNow.com).

# **DEDIKAS**

Mwen vle dedye liv sa bay madanm mwen, Drenda, paske se gras ak ankourajman li, pasyon li pou bagay pa Bondye yo, epi lanmou li pou fanmi an avèk pou mwen menm kite enspirem pandan tout ane sa yo. Ansanm, nou te pwouve ke rèv yo kapab vin yon reyalite tout bon vre!

—Gary Keesee



# **TABLO KONTNI YO**

<b>ENTWODIKSYON .....</b>	<b>09</b>
<b>CHAPIT 1: Kisa Ou Vle Pou Nou Fè?.....</b>	<b>19</b>
<b>CHAPIT 2: Wayòm Nan.....</b>	<b>31</b>
<b>CHAPIT 3: Sezisman.....</b>	<b>39</b>
<b>CHAPIT 4: Baz yo: Pa kite lakay Ou San Bagay sa.....</b>	<b>53</b>
<b>CHAPIT 5: Prèv Vèsè Labib Yo.....</b>	<b>67</b>
<b>CHAPIT 6: Èske Tout Moun kapab Priye nan Lòt Lang?.....</b>	<b>75</b>
<b>CHAPIT 7: Kòfrefò Trezò a.....</b>	<b>85</b>
<b>CHAPIT 8: Andwa ki Difisil Pouw pran Pwomosyon.....</b>	<b>99</b>
<b>CHAPIT 9: Toujou Menm Ti Vwa a.....</b>	<b>107</b>
<b>CHAPIT 10: Vizyon ak Rèv Yo.....</b>	<b>119</b>
<b>CHAPIT 11: Lespri Sen an Sonnen Tankou Patwon Mwen an.....</b>	<b>131</b>
<b>CHAPIT 12: Kòman Pouw Priye ak Resevwa Batèm Sentespri a.....</b>	<b>143</b>



# ENTWODIKSYON

*Revolisyon Finansye Paw: Pouwwa Estrateji a se twazyèm liv nan seri Revolisyon Finansye a. Se 5 yap ye lè yo fini, epi yo tout se yon vèsyon elaji yon konferans mwen te fè Albani nan ane 2005. Se te nan konferans sa kote direksyon lavim te chanje dramatikman. Siw te gentan tande istwa sa, ou ka petèt vle sote entwodiksyon an epi kòmanse nan chapit 1 an. Men, siw pat ko tande li, ebyen, tanpri kitem pale avèw sou bwouya ble a. “Bwouya ble,” ou ka petèt ap mande, “kisa, li ye?” Mwen konprann kesyon an. Lè mwen te wè la, mwen pat konnen kisal te ye tou, men pouwwa Bondye a te tèlman fò, mwen te konnen li te dwe soti nan Li. Kitem rakontew istwa a.*

Madanm mwen ansanm avèk mwen te kòmanse soti nan maryaj nou an akoz dèt epi nou te rete anba dèt pandan 9 ane. Se pat sèlman anba dèt, men nou tap soufri feblès estrès ak laperèz pou lajan ak nenpòt lòt pwoblèm lajan an. Malgre ke nou pat janm gen entansyon kraze lavi nou finansyèman, se sa sèlman nou tap fè. Nou te kòmanse ak yon kat senp kredi gazolin, apresa, yon kat Viza, epi apre, 10 kat Viza. Lè nou pat kapab peye kat Viza sa yo, nou te vin jwenn prè finansye pou konpayi nou an soti nan 28 rive nan 33 poustan enterè pou yo te kapab konsolide peman nou yo. Men, lè nou te kòmanse itilize kat sa yo ankò, epi dèt la te jis kontinye grenpe! Evantyèlman, nou te fini ak 10 kat kredi maxed soti epi anile, 3 prè finansye konpayi a, epi privilèj taks IRS pou plizyè dizèn milye dola, ak anpil lòt dèt ankò ki pi piti. Nou te dwe dantis nou an, Dray la, paran nou yo plizyè dizèn milye dola, peman 2 machin nou yo, yon peman kay nou an, epi son lis kap kontinye. Nou tap viv gras ak komisyon nan moman sa, epi estrès tap touyem, literalman. Mwen te gen kriz atak panik epi yo te metem sou medikaman antidepresè, ki pat edem.

Tout sa nou te gen te kraze. Machin nou yo tout te gen plis pase 200,000 kilonmòt sou yo. Ansyen fèm 1856 nou an, ke nou te lwe pou \$300 chak mwa, te gen pwoblèm. Anpil nan ansyen fenèt yo te krase, epi kòm nou pat gen lajan pou repare yo, nou te senpleman mete tep nan fant kase yo. Men, menm sa pat bon ase.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

Pye rezen yo kite deyò yo tap grandi nan fant kase y oak nan ankadreman yo. Madanm mwen, Drenda, te konn senpleman kenbe epi taye yo tankou yo te fè pati dekorasyon ki nan kay la. Nou te jwenn tapi sa kisa nan chanm ptit gason nou yo sou wout la sou yon pil fatra. Nou te jwenn matla yo nan yon mezon retrèt pou granmoun aje. Chak moso mèb nou yo te soti yon kote nan bagay yap vann nan garaj oswa nou te jwenn li jete nan pil fatra ke yon lòt moun te voye jete.

Lavi pat amizan lèw reveye chak jou epi wap mande tèt ou kijanw pral bay fanmiw manje. Laperèz te pran lavim, epi lajwa avèk espwa tap toufe nan dezòd siviv sa. Drenda ansanm avèk mwen tap viv konsa pandan 9 ane! 9 ane byen long! Mwen tap kapab konprann si se te yon mwa, oswa nan pi move a, yon ane, men 9 ane? Apre nèf ane nan kalite estrès sa, emosyon vini anvan tout koreksyon epi pasyans pat egziste.

Pandan 9 ane sa yo, nou te kretyen ki tap asiste sèvis nan yon gwo legliz ki tap anseye nou ke povrete se pat volonte pa Bondye pou pèp Li a. Nou te konn bay ladim epi nou te fè sa souvan, men poutan finans nou pat reflete fidelite Bondye avèk sa Pawòl Bondye yo te endike yo. Mwen te gen yon diplòm Ansyen Testaman epi mwen te ale nan plis pase yon ane nan lekòl Labib tou. Mwen te konnen gon bagay kitap mal mache men mte jis kenbe espwa ke, yon lè, bagay sa yo tap chanje. Ok, men anyen pat chnaje pandan 9 ane byen long sa yo. Moun kap ranmase enpo yo te konn relel prèske chak jou, epi Drenda ansanm avèk mwen te prèske pèdi tout espwa.

Apre tout bagay sa yo, okòmansman doktè yo te di mwen kem te gen tout endikasyon yo poum te dyabetik paske mwen tap fè fas pwoblèm ak feblès sante. Pat gen okenn lajan, chak gress kat kredi yo te anile, epi pat gen okenn manje nan kay la. Laperèz tap toumante lavim nan yon pwen ke mwen te literalman pè kite kay mwen an. Madanm mwen te kòmanse planifye nan tèt li kijan li menm ak timoun yo ta pral bezwen tounen lakay paran li yo pandanl te panse li ta pral pèdi maril. Sepandan, li te la ansanm ak mwen nan pwen ki pi ba mwen ke lavi mwen te pran an.

Yon avoka te relem, epi mwen te kontinye pwomèt li peman, ke mwen te espere ke nouo tap genyen, men lajan an pat janm rive poun peye bòdwo a. Alòs, yon jou maten li te relem, pasyans li pat prezan. “Ou dwe gen lajan an disponib nan 3 jou oswa map pote yon manda ba ou pou pou lajan sa yo kew dwe kliyan mwen an.” Se nan moman sa ke mwen te reyalize fè sanblan an te fini. Mwen pat gen lajan, epi

menm pwòp fanmi mwen pa tap prete nou lajan ankò. Nan dezespwa, mwen moute mach eskalye yo chanm nou an nan ti fèm lan, mwen kouche sou kabann mwen an, epi rele nan pye Bondye. Etonan, soti nan lespri mwen, li reponn imedyatman. Premyèman, li te senpleman fèm sonje yon vèsè mwen te tande epi li plizyè fwa, Filipyen 4:19:

*“Epi Bondye mwen an ap satisfè tout bezwen nou yo dapre richès glwa li nan Jezikri.”*

“Se vre, mwen te konnen vèsè sa,” mwen te di Senyè epim te kontinye di, “men bagay sa pap rive nan lavim. Tout bezwen mwen yo pat satisfè.” Senyè a te reponn mwen: “Mwen pa gen anyen poum wè ak dezòd sa ou ye a. Ou nan dezòd sa paske ou pat janm aprann kijan Wayòm mwen an fonksyone.” Li te kontinye dim kèk lòt bagay, men mwen te resevwa mesaj la: Dèt se pat volontè li pou lavi mwen. Byenkem te kontan dèskem te tande Bondye, map oblige admèt mwen pat konnen sal te vle di lè lap pale de Wayòm nan. Mwen te gen yon diplòm nan Bib la epi mwen te santi mwen konnen Bib lan ase byen, men, aparamman, mwen te gen tò. Premye bagay mwen te fè apre mwen te fin tande pawòl sa yo se te al jwenn Drenda epi repanti ba li pou dezòd sa mwen te mete nou ladaml nan. Apre sa, nou tou 2 te priye Bondye epi nou te mandel poul anseye nou kijan Wayòm li an te fonksyone. Nou te repanti tou paske nou te konte sou dèt epi nou te vin detèmine ke nou pa tap depann sou dèt kòm yon fason poun viv ankò. Men, an reyalite, menmsi mwen te gen yon diplòm nan Bib la, Wayòm nan te yon mistè nan moman sa. Sèl fwa mwen te kapab sonje ke mo wayòm yo te itilize nan Nouvo Testaman an se nan Lapriyè Senyè a.

*“Rèy ou a vini, volonte w fèt, sou tè a menm jan li ye nan syèl la”* (Matye 6:10).

Nou vreman pat konprann sa Bondye tap eseye di nou, men lè nou te kòmanse chèche Senyè a, li te kòmanse anseye nou. Premye bagay nou te oblige konnen se kisa yon wayòm te ye epi poukisa Bondye te itilize tèm sa. Kisa Li tap eseye di nou? Apre kèk rechèch, mwen te vin aprann ke yon wayòm se pat jis yon foul moun. Se te yon foul moun ki tap viv anba jiridiksyon yon gouvènman ak yon Wa. Anreyalite, mo Wayòm nan aktyèlman fè referans ak dominasyon yon wa. Dominasyon wa a, oswa otorite li ak lwa li yo, yo pote bay chak sitwayen nan dominasyon li atravè

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

gouvènmanl yo. Alòs, te gen yon gwo kle pou mwen: Wayòm Bondye a se yon gouvènman.

Epi gouvènman yo gen lwa!

Ou wè sa, mwen te wè Bondye menm jan anpil lòt kretyen wèl, ak yon move konpreyansyon sou sa li kapab fè. Nan tèt pam mwen te sipoze paske li se Bondye Li tap kapab fè nenpòt bagay li te vle a lè li vle. Mwen konnen nan pati sa nan liv la ou pral di ke mwen gen tò, men kitem kontinye. Paske mwen te kwè ke Bondye te kapab fè nenpòt bagay li te vle lè li vle a, mwen te konsidere lapriyè san repons kòm yon demann ke li te refize. Ensètitid sa konsènan lapriyè te mennenm sèlman nan espere ke li tap reponn. Alòs, fòma majorite papye lavim yo te kòmanse nan priyè, sipliye ak kriye pou mizèrikòd, mtap jis espere ke ka pa mwen an tap sonnen ase grav pou atire atansyon Bondye. Men, lè Bondye te kòmanse anseyem ke Wayòm Li an annatyé se yon gouvènman ki gen lwa nou kapab aprann epi itilize, mwen te eksite. Mwen te aprann ke lèm te vin jwenn Kris la mwen te vin eritye epi vini yon sitwayen gran Wayòm Li an.

*“Se poutèt sa, nou pa etranje ak etranje ankò, men nou se parèy ak pèp Bondye a ak manm fanmil”* (Efezyen 2:19).

Mwen sonje mwen te li Vèsè sa epi mwen tap panse, *Mwen gen dwa legal nan Wayòm Li an! Èske son bagay ki ta kapab senp konsa tout bon vre? Antanke sitwayen Etazini, mwen pa oblige ap sipliye poum jwenn sa ki gentan pou mwen kòm sitwayen. Mwen pa bezwen santi mwen boulvèsan poum pwouve mwen se yon sitwayen. Ke se isit lan Mwen te fèt. Lèm te fèt yon nouvèl fwa nan Wayòm Bondye a, mwen te vin yon sitwayen Wayòm Li an. Sa vle di mwen gen aksè legal nan chak lwa ak benefis ki anregistre nan lwa sa Wayòm Li an.* Mond mwen an te chanje drastikman lè Bondye te kòmanse montrem bagay sa. Ou wè, Drenda ansanm avèk mwen menm, tankou pifò kretyen, pat konprann Wayòm nan ak lwa Wayòm nan.

Anreyalite, wap tandé majorite kretyen yo kap di bagay tankou, “Se Bondy eki kite sa fèt, Bondye konnen pi bon bagay ke sa, Bondye gen kontwòl bagay sa, oswa Bondye se souveren an” lè yon moun ap fè fas ak yon moman difisil. Kòmantè sa yo lonje dwèt sou kwayans ki kwè ke Bondye gen pouwwa pou bay repons lan men se vle Li pa vle oswa li pa deside antre nan bagy konsa. Fo konsèp sa yo konsènan

Bondye se yon rezulta lèw pa konnen karaktè Bondye oswa lèw pa konprann fason Wayòm Bondye a fonksyone.

Kitem ilistre sa map di a. Si ou te gen yon milya dola nan bank, ou tap di, “Mwen gen yon milya dola.” Men, reyalite a ou pa gen yon milya dola nan pòch ou lèw di sa. Olye de sa, ou gen yon milya dola nan yon enstitisyon, kote ou dwe swiv yon pwosesis legal pouw deplase lajan an nan enstitisyon an pou vin nan men ou. Wayòm Bondye a se menm bagay la. Antanke yon sitwayen ak yon manm nan kay Bondye a, kounye a nou se eritye tout sa Bondye genyen. Men, gen lwa ak pwosesis kote nou anpeche sa ki gentan pou nou legalman vin jwenn nou.

Piske pifò moun pa konprann kisa Wayòm Bondye a ye epi yo pa konprann pwosesis ak lwa lap fonksyone, lè yon bagay pa rive jan Pawòl Bondye a di, alafen moun sa yo sipoze ke se fòt pa Bondye, men se pa fòt pa yo.

Men sa mwen te jwenn. Ann di ke ou deside sote nan Batman Empire State la, san okenn parachit, anyen menm, men ou konvenki nan tèt ou ke siw bat 2 ponyèt ou yo ase fò wap ka vole san danje pouw desann. Mwen panse ke ou tap konnen rezulta mòd kaskad moun sòt sa. Rezon ki fèw gentan konnen rezulta a se paske ou konprann lwa gravite a. Lèw konnen ke lwa gravite a pa gen okenn patipri, pa gen okenn favori, epi li travay menm jan an chak fwa, ou tap sèten kisa rezulta an ap ye. Menm jan an tou, lèw peze bouton limyè a, ou espere anpoul yo ap limen paske ou konprann lwa yo nan elektrisite. Lè mwen vole nan yon avyon, mwen espere ke avyon sa vole paske mwen konprann lwa asansè a. Avyon ak limyè travay chak fwa paske fonksyon yo baze sou lwa ki ka aprann epi answit kopye pou pwodwi menm rezulta a ak fonksyone chak fwa. Wayòm Bondye a fonksyone avèk menm nivo sètitid sa.

*Sa se konfyans nou genyen nan pwoche bò kote Bondye: ke si nou mande yon bagay ki nan volonte Li, Lap koute nou. Epitou si nou konnen li tande nou—kèlkeswa sa nou mande—nou konnen nou gentan gen bagay sa ke nou te mandel la.*

—1 Jan 5:14-15

Sa se konfyans pa nou. Si nou mande yon bagay ki nan volonte Bondye, nou konnen Li tande nou, epitou si nou konnen Li tande nou, nou konnen nou gentan gen bagay sa nou te mandel la. Ou wè sa, mwen kapab gen konfyans nan rezulta a paske

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

se Wa a menm ki fè lwa yo. Li pral sipòte pwòp lwa pal yo. Lè Vèsè a di Li tande nou, li pap fè referan ak tande son pawòl nou yo, men pito, lap fè referans ak kijan yon jij tande yon ka pou rann jistis. Jij la pa jije sou pwòp santimanl, men pito, li la pou asire ke lalwa aplike nan benefis sitwayen yo nan wayòm nan. Mwen gentan konnen kijan dosye tribinal la pral fini anvan menm li te kòmanse.

Drenda ansanm avèk mwen te wè bagay remakab ki tap rive nan lavi nou lè nou te kòmanse aplike lwa Wayòm yo nan lavi nou. Nou te vin konplètman libere anba dèt nan apeprè yon lane edmi. Nou te soti nan oblige divize yon bon ti manje ant 3 timoun pou rive nou peye ak lajan kach pou nouveau machin nou yo ak bati kay nou te toujou reve genyen an sou 55 kawo tè epi tout bagay te peye. Nou te kòmanse konpayi sa yo kèk ane pita kap pwodwi toujou plizyè santèn milye dola chak ane pwofî nèt. Apre sa, nou te kòmanse yon legliz nan vil mwen an poum pataje avèk lòt moun sa nou te jwenn sou Wayòm Bondye a. Epi nou te dekouvri ke anpil lòt moun vle konnen bagay sa yo nou te aprann yo epi yo te vle vin viv bon lavi ke Wayòm Bondye a ofri. Akòz bon nouvèl Wayòm nan, depi lè sa legliz lan grandi epi vin yon plizyè milye pi fò.

Malgre ke mwen tap anseye Wayòm nan prèske chak jou bay nenpòt moun kite vle tande a, mwen te gen yon dezi poum te rive jwenn yon gwoup moun ki pat janm tande bagay sa yo anvan kòm yon kalite eksperyans. Mwen te konnen poum te kapab wè chanjman nan lavi yon moun parapò ak konpreyansyon yo genyen sou Wayòm nan, mwen tap bezwen plis pase yon grenn sesyon pou yo te rive jwenn konpreyansyon debaz Wayòm nan. Konsèp mwen panse ki tap mache a te pran nesans nan eksperyans mwen lèm tap grandi nan yon legliz Metodis. Lèm te yon jèn gason, nou te konn genyen yon semèn-byen long sou renesans nan aswè. Alòs, mwen te reve kem kenbe yon renesans finansye pandan yon semèn-byen long, siw ta vle dil konsa. Mwen te anvizaje li te dire 5 sesyon nan aswè. Mwen pat janm anseye nan liy Wayòm nan anvan sa, epi mwen tap mande kijan mwen tap kapab mete bagay sa yo ansanm. Men, mwen te kirye poum te konnen ki enpak ansèyman 5 sesyon san rete ta pral genyen sou moun ki tap tande yo. Mwen te kòmanse priye poum fè yon kalite reynyon konsa epi mwen te mande Bondye yon opòtinite poum te fè sa. Egzijans pa mwen an se te poum te anseye bagay sa yo bay yon gwoup moun ki pat tande yo anvan sa.

Yon apremidi, mwen te rankontre yon zanmi mwen kite misyonè nan Albani. Konvèrsasyon nou an se te sou anpil aspè nan legliz ak ministè yo, epi, evantyèlman,

konvèrsasyon nou an te vrie nan sa Bondye te montrem yo. Larry tap organize konferans anyèl ministè li an tout kote nan peyi a nan Albani ti tras pita nan ane sa pandan sezon otòn lan epi li te envitem kòm youn nan oratè yo. Mwen pat dil anyen ou dezi mwen an poum te fè 5 sesyon, men mwen te kontan lè li te dim kem tap gen poum dirije 3 sesyon. Li te di mwen ta dwe peye trampò poum vini an memm jan ak lòt pastè kite vle vini yo tap peye pou tèt pa yo, kòm Albani nan epòk la te pòv anpil. Mwen te dakò epi mwen te fè plan poum tale Albani nan sezon otòn 2005.

Alafen vwayaj lan te vin rive, epi mwen te tèlman kontan poum te kapab anseye Wayòm nan ak yon gwooup moun ki tap jis aprann kisa sa vle di yon kretyen. Lèm te rive Albani, Larry te vin rankontrem nan ayewopò a epi li te di youn nan oratè li yo te anile vwayaj pa li a epi kounye a mwen tap kapab fè 5 sesyon. Mwen te konnen ke sa se te yon konfigirasyon Sentespri poum asirew! Mwen te gen nòt pou twa sesyon sèlman men byen vit mwen te priye epi mwen te ekri pou 2 lòt sesyon yo. Mwen te yon ti kras pè konsènan sou kijan pèp la ta pral reyaji paske yo tap viv nan yon povrete grav epi koripsyon te toupatou nan nasyon an.

Mwen te kapab di pandan premye sesyon an yo te yon ti kras ezite, men pandanm tap kontinye anseye sa Bondye te anseyem yo, ansanm avèk istwa ki valide sa mwen tap anseye a, moun yo te vin pi kontan epi yo te vin eksite pi plis. Nan katriyèm sesyon mwen an, yo te ri epi yo te tèlman kontan pou sa yo tap tande a ke kèk nan yo tap rele byen fò. Etranjman, mwen te santi Senyè a ki tap dim kem ta dwe pran yon ofrann nan senkyèm sesyon an. Mwen di etranj paske mwen te peye pou anpil nan moun sa yo te vin nan reyinyon an epi mwen te konnen ke mwayen lajan yo te piti anpil oswa pat egziste. Men apre mwen te fin reflechi sou sa, mwen te reyalize ke pèp la tap bezwen aji sou sa yo tap tande yo. Mwen te yon ti kras konsène poum te di Larry sa a, sepandan, men byen vit li te dim kontinye, pran ofrann lan. Se vre, mwen pa tap pran yon ofrann pou pwòp tèt mwen; ofrann lan tap rete la nan Albani pou benefis legliz Albanyen yo.

Dènye sesyon an te vini, epi mwen tap anseye sou fason pouw libere lafwaw, mwen tap klarifye kèk lwa sa yo kem tap anseye yo. Nan fen sèvis la, apre mwen te fin pran ofrann lan, tout bagay te jis kraze. Pèp la te kòmanse rele epi danse pandan onksyon Bondye te plen oditoryòm nan. Nou te gen 4 moun kite kanpe devan avèk panyen nan men yo, epi yo pat ka rete kanpe. Yo tap kriye epi yo tap tranble anba prezans Bondye pandan pèp la tap pote ofrann yo. Mwen pat janm wè yon reyinyon konsa, sitou nan pati kote yo tap bay lajan an!

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

Pandan Larry ansanm avèk mwen te deplase kite reyinyon an, nou tap pale sou fason nou te etone pou pwisans onksyon an epi repons pèp lan jou lannwit sa. Apre Larry te rive nan apatman, Larry te kirye poul konte lajan an kòm li pat janm gen 2 sachè plen lajan nan yon ofrann anvan sa. Yon ka nan youn nan sak yo se te kantite lajan yo te konn ranmanse chak fwa pandan tout ane pase yo. Pandan Larry tap vide ofrann lan sou tab ki nan salon an, toudenkou yon bwouya ble te anvayi chanm nan, epi yon onksyon tankou mwen pat janm santi anvan te vin sou nou. Nou pat kapab fè anyen men nou te jis lage kò nou sou chèz la. Pandanm tap gade pil lajan an sou tab devan nou an, mwen te wè bag maryaj yon gason nan mitan pil kob la. Mwen te konnen ke moun kite bay bag sa son moun ki pat gen lajan men kite bay tout sal te genyen. Pandanm te wè bag la, Seyè a te pale avèk mwen.

“Map relew nou nan tout nasyon yo pouw anseye yo alyans mwen an sou benediksyon finansye, epi nenpòt kote mwen voye nou, map peye pou sa.”

Mwen te dekontwole. Mwen pat kapab dòmi pandan 3 jou. Onksyon sa te rete sou mwen pandan plizyè semèn apre sa. Sim tap janm rankontre yon moun ki soti nan yon lòt nasyon, mwen tap santi onksyon sa ankò. Malgre ke nou te kite ofrann lan pou legliz Albanyen yo, aprem te fin rive lakay mwen, Larry te relem epi li te di Senyè a te dil poul te voye bag la pou mwen. Mwen te tranble. Menmsi mwen pat di Larry anyen konsènan dezi mwen genyen poum te gen bag sa, li te tande Bondye epi li te voyel ban mwen. Mwen te vle bag sa kòm yon souvni de sa Seyè a te dim, epi jodya mwen genyen li kole sou miray lakay mwen.

Lèm te rive lakay mwen Ohio, yon pastè zanmi Larry, ki se pastè yon ti legliz nan Utah, te tande sak te pase nan Albani an epi li te kontaktem poum te vin nan legliz li a sim ta vle sa. Li tap sèvi kòm pastè sou yon teren rezèvasyon Endyen, epi li te di pèp la te pòv anpil. Li te di legliz li a te sèlman gen anviwon 60 moun, men mwen te dil pa gen pwoblêm; mwen tap vini.

Mwen te fè menm 5 sesyon mwen te anseye Albani an. Mwen pat wè bwouya ble an, men onksyon an te fò anpil yon lòt fwa ankò.

Ofrann lan nan ka sa se te pou pwòp ministè pa mwen, alòs mwen te zip sak lajan an epim te potel tounen Ohio. Pandanm te rive nan biwo mwen an, mwen te remèt sak la bay sekretè mwen an poul te kontel epi depozel labank pou mwen, apre sa mwen tal manje, manje midi. Pandanm tap manje a midi an, telefòn mwen an sone, epi mwen wè nimewo telefòn sekretè mwen an parèt. Lèm te reponn telefòn lan, mwen pat tandem pèsonn sou liy lan, sepandan. Pandanm ta pral rakwoche, mwen te

pansem tandem yon moun ki tap kriye. “Tracy?” se sa Mwen di. Tracy te reponn, li tap eseye kenbe emosyon li. Li te di “Pastè,” “Kisa kite pase Utah ak lajan sa?” “Kisaw vle di, lèw mande kisa kite rive ak lajan an?” Li te di: “Ok,” “lèm te ouvri sak la epi videl sou biwom nan poum kontel, toudenkou onksyon Bondye a te vin sou mwen tèlman fò ke mwen te sot tonbe atè. Lòt sekretè kite tandem bri a te kite biwo li an poul vin wè sak tap pase, epi pouvwa Bondye a te frapel menm jan an! Kisa ki rive lajan an, Pastè?” Mwen te rakontel sa kite pase nan Utah avèk gwo onksyon kite la pandanm teap ranmase ofrann lan, men, pat gen anyen ankò kite vrèman rive. Mwen pral oblige admèt mwen te vin entrire sou sa ki tap pase a paske mwen pat janm tandem oswa wè yon bagay konsa anvan. Byenkom pat konprann sa, li te evidan ke onksyon nan reyinyon an te sou lajan sa! Vrèman!

Nou te kòmanse fè sa nou te rele Konferans Revolisyon Finansye nan tout peyi a, nan gwo ak ti legliz yo, nenpòt kote yon moun tap kapab koute a. Malgre ke nou te sèlman wè bwouya ble a nan kèk okazyon, onksyon an te toujou fò anpil. Menm jan avèk Albani epi ofrann legliz Endyen an nan Utah, rès onksyon an te nan ofrann lan menm. Mwen te kapab remake ke apre yon reyinyon ak apre nou vin ranmase ofrann yo, ou tap kapab kenbe yon pyès monnen nan ofrann sa epiw jis kòmanse soukel anba pouvwa Sentespri a. Yon lòt bagay enteresan nou te remake se, chak gress pyès lajan oswa chèk, yo tout te diferan. Ankenn ladan yo pat gen menm nivo onksyon sou yo. Apre sa, mwen te vin aprann ti kras pita ke se te rezulta lafwa kite libere nan ofrann chak gress moun yo. Enkwayab!

Seri 5 liv *Revolisyon Finansye Paw* la kouvri 5 sesyon mwen te fè nan premye reyinyon avèk Albanyen yo. Liv sa yo, se vre, yo gen pi plis detay pase pwemye konferans lan. Mwen rete konfyan ke lèw kòmanse etidye Wayòm nan jan Drenda ansanm avèk mwen fè sa, sa pral chanje fasonw wè tout bagay menm jan sa te ye pou nou. Liv sa, se twazyèm liv nan seri a, orijinal lan te gen tit *Richès Lespri Sen An* lèm tap anseye bagay sa yo nan Albani. Mwen kwè ke deklarasyon sa toujou rete yon verite jounen jodya. Se pral enspirasyon estrateji Sentespri ki pral fèw pwospere. Espwa pam se pou atravè liv sa ou pral aprann kijan Sentespri a travay nan domèn tè a poul pote estrateji sa yo nan pase.



# CHAPIT 1

## KISA OU VLE POU NOU FÈ?

Lèm te fenk tounen soti Albani, lavim te yon dezòd. Enpak sa Senyè a te fè nan lavi nou epi answit fason Li te dim kem ta dwe pote bagay sa yo bay tout nasyon yo te yon ti kras akablan. Nasyon yo? Mwen te pwemye moun kite di Drenda lè nou te fenk fin marye ke mwen pa tap janm vwayaje, epi mwen pat janm vle ale nan vwayaj misyon yo nan lòt nasyon yo. Men, Bondye te gen kèk lòt plan, se laverite. Mwen ta dwe ale nan nasyon yo, men kijan? Mwen te gen yon biznis ki te kouvri pi fò vil nan Etazini, yon legliz poum dirije, yon fanmi poum leve, ak yon pakèt lòt responsabilite. Mwen te jis pat wè kijan mwen tap kapab ale nan nasyon yo. Men, Bondye te gen yon plan, yon plan ki vrèman pa tap mandem poum te vwayaje, yon plan mwen pa tap janm konsidere, ni mwen pat janm vrèman vle konsidere—televizyon.

Drenda ansanm avèk mwen pat konnen absoliman anyen sou televizyon. Nan moman sa, nou pat menm konn anrejistre videoyo sèvis nou yo. Men, Bondye te kòmanse montre nou sa kite gen pou rive a epi kijan pou nou fè sa, epi nou te vin santi yon pouse poun tal gade televizyon. Premye bagay mwen te aprann bagay sa pran anpil lajan, pouw fè televizyon. Apre nou te fin ajoute tout bagay nèt, nou te jwenn sa tap koute apeprè \$300,000 poun lanse premye ane sa nan televizyon. Mwen pral oblige admèt ke mwen te yon ti kras choke pou jan televizyon te chè. Pi gwo pwoblèm lan se paske legliz la te gentan pran prèske tout lajan nou nan konstriksyon Senntè a Konye a, ti kanmpis nou an, te jis pat gen okenn lajan anplis poun te peye pou emisyon televizyon sa. Alòs, se sa mwen te di Seyè a, ke pat gen okenn lajan poun te lanse yon televizyon kounye a. Mwen sonje Li te dakò avèk mwen epi Li te di: “Bon, se poutèt sa ou menm avèk Drenda pral peye pou sa!”

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

Poum nou di nou te yon ti kras akable, sa ta pral yon ti deklarasyon, espesyalman paske nou te nan mitan pwojè konstriksyon legliz la kite koute 6 a 7 milyon dola. Fèm konfyans konfyans, pwojè Senntè Kounye a pou kont pal se te yon gwo travay baze sou lafwa epi li tap pran tout resous ki tap vini yo. Anplis, Drenda avèk mwen te angaje \$250,000 nan pwojè sa, nan epòk sa, tout lajan sa pot ko vini. Poum ta ajoute yon lòt \$300,000 sou kantite kòb sa, nan menm ane a, te parèt enposib.

Mwen te konnen ke nan vwayaj sa mwen tap fè a se vwayaj pa Senyè a, epi pwomès Li poul te bay lajan pou tout kote li tap voyem yo tap fè eko tout tan nan lesprim. Men, nan domèn natirèl la, kèlkeswa jan mwen te gade kantite kòb yo, mwen pat kapab wè okenn fason ke Drenda ansanm avèk mwen tap kapab peye \$300,000 anplis sa parapò ak tout lòt bagay nou tap fè yo. Mwen te konnen ke

**MWEN TE KONNEN KE BONDYE  
FIDÈL NAN PAWÒL LI, EPI MWEN  
TE KONNEN KE MWEN TA DWE  
ANTRE NAN LAFWA, METE  
MWEN KONFYANS NAN LI POUL  
MONTREM KISA POUM FÈ.**

Bondye fidèl nan pawòl li, epi mwen te konnen ke mwen ta dwe antre nan lafwa, mete mwen konfyans nan li poul montrem kisa poum fè. Mwen swete mwen te kapab diw ke mwen te gen konfyans epi san enkyetid sou desizyon sa, men se pat sa. Legliz lan tap itilize chak ti gress pyès lajan kite

antre nan batiman an. Tout lajan pèsonèl mwen te itilize poum te peye \$250,000 mwen te pran angajman an, epi anpil lòt zòn nan biznis mwen an te bezwen finansman tou pandan ane sa. Te jis pat gen okenn lajan ki disponib poum te jwenn \$300,000 sa pou demaraj televizyon an!

Drenda ansanm avèk mwen te gen yon vakans 2 semèn kite pwograme pou Hawaii, epi lèm te tounen lakay mwen, mwen ta dwe siyen kontra pou kòmanse televizyon. Mwen te renmen anpil moman nou te pase Hawaii a, men map oblige admèt tou ke li te yon ti kras difisil poum te rive detann mwen totalman akoz pwa desizyon sa mwen tap gen pran an lè mwen te tounen lakay mwen te difisil anpil poum te retire nan lespri mwen. Anplis aspè lajan an poum fè televizyon an, mwen te vreman pat prepare poum te fè televizyon, mwen te santim pat gen ase konfyans nan tèt mwen poum pale devan yon kamera. Mwen te kapab pale ak plizyè milye moun nan yon reyinyon, men devan yon kamera televizyon, mwen jis panike. Avèk tout sa

ki tap pase nan tèt mwen avèk nan lesprim, mwen tap goumen avèk lespri laperèz poum te pran desizyon sa.

Malgre mwen te konnen ke mwen te tandé absoliman pale de Senyè a, mwen te toujou ap fè fas ak reyalite ke pat gen okenn lajan. Biznis mwen an te gentan ap detire ane sa onivo finansye, epi mwen jis pat kapab wè kijan bagay sa tap kapab fèt. Wi, se te laperèz, wi, se te mank kwayans. Mwen te konnen sa. Mwen vle rete onèt la. Mwen te konnen mwen te oblige kenbe Pawòl la epi retire zyem nan sam te genyen epi kontinye gade bag sa. Li te di li pral peyem pou li! Pandan tan sa, yon pyès lò te antre nan youn nan ofrann nou yo. Onètman, mwen pat janm wè yon pyès lò anvan kem te rive kenbe pyès monnen sa nan menm. Pandanm te kenbel la, Senyè a te pale avèk mwen. “Menm jan mwen te montre Pyè kote pyès monnen an te ye poul te peye taks li, mwen pral montrew ki kote pouw jwenn lajan pou peye televizyon an.”

Mwen te ale ansanm ak pyès lò sa nan vakans nou an Awayi, epi mwen tap mache sou plaj la mwen tap priye, mte kenbe pyès monnen sa nan menm poum sonje ke Bondye te gentan peye pou televizyon an. Vwayaj lapriyè sa sou plaj la te vin vire tankou yon bagay konsa. Aprem te fin priye nan Lespri pou yon ti tan, mwen te vin gen lapè poum siyen kontra sa epi mwen tap kòmanse tounen nan direksyon kay la, men mwen te sèlman monte anviwon 20 a 50 pye sou mòn lan anvan lesprim te kòmanse relebyen fò banm mwen ke pat gen okenn fason nan domèn natirèl la pou kantite lajan sa te rive. Reyalite a nou pat gen lajan an, nou pat konnen kijan poun te fè televizyon, nou pat gen okenn ekipman, son lis ki tap kontinye. Men, nan lesprim, mwen te kontinye tandé sa Senyè a te dim lan lèw te Albani an, ke kèlkeswa kotel te voyem, li tap peye pou sa. Petèt Li te gentan fè sa lè tout bagay sa tap pase, epi, reyalite a, mwen te sipoze gen \$300,000 sa nan fen ane a poum kapab fè travay yo, sa kite fè mòn lan vin pi wo poun monte.

Lespri perèz la tap pale avèk mwen tou, li te teste detèminasyonm poum te kenbe sa Bondye te dim la. “Ou anseye entegrite finansye, epitou kijan yo pral gadew lèw pa kapab peye bòdwow yo?” Alòs, mwen tap vire tounen epim te tounen desann sou plaj la, menm priyè te renouvre lesprim sou Pawòl Bondye yo jiskaske mwen te vin jwenn lapèm. Mwen tap fè ale ale vini, lite ak tèt mwen epi lesprim sou dosye kontra sa pou apeprè yon semèn jiskaske mwen te vin konnen ke mwen konnen ke tout bagay tap pral byen pase, epi laperèz pat kapab toumantem ansanm ak panse negative yo. Drenda ansanm avèk mwen pat gen okenn lide ki kote lajan an ta pral

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

soti, men nou te konnen nou te tande vwa Bondye. Alòs, lè mwen te tounen lakay mwen, mwen te siyen kontra a, epi nou tal chèche konnen kounye a kijan yo fè televizyon.

Konsènan pati lajan an nan ekwasyon sa, etonan, mwen te resevwa yon apèl yon mesye kap viv nan Atlanta, yon moun ke mwen pat konnen, kèk mwa anvan vakans lan nan Hawaii te pwograme. Li te dim ke li te achte liv mwen an sou finans epi li te renmen liv la. Nan epòk la, pat gen okenn idità kite bpibliye liv mwen an epi li pat konn vann okenn lòt kote ke nan pwòp vil pa mwen an. Men, sanble ke youn nan anplwaye mwen yo kite pran vakans li nan Atlanta epi li te kòmanse yon konvèsasyon sou liv sa kel tap fè pou yon moun ki tap viv ansanm ak nonm sa, yon moun li te rankontre owaza nan ayewopò a. Sa rive ke anplwaye mwen an te gen liv mwen an avèk li epi li te bay moun sa liv lan.

Alòs, apre li te fin li liv lan, li te di kel te tèlman enterese ak liv sa, li te jis vle pale ansanm avèk mwen. Nou te pale pou yon bon bout tan, epi li mansyone ke li se yon evanjelis vwayajè, konsantre sou peyi etranje kòm kontak prensipal li. Li te mandem si nou tap kpaba rankontre nenpòt lè, epi mwen te mansyone ke mwen tap nan ayewopò Atlanta a nan apeprè yon mwa poum ale nan yon reyinyon, ki ta dwe fèt apre vakans mwen an. Nou te dakò poun te rankontre. Nou te gen yon gwo konvèsasyon lè nou te finalman rankontre. Mwen te tèlman renmen tande tout istwal yo sou mirak epi danje li te souvan rankontre pandan vwayaj li yo. Men, sijè finans lan se la nou te reyèlman konekte. Li te sanble fasine pa liv mwen an epi istwa sa kote mwen te soti anba dèt la.

Pandan konvèsasyon nou an, li te dim ke li te fenk tounen soti nan vil Chalòt, kote li te yon envite nan yon emisyon televizyon, epi li te santi istwa finansye pa mwen an ta dwe yon bél istwa pou menm emisyon sa. Li te dim li tap ba yo liv mwen an, epi li tap fè yo konnen kiyès mwen ye. Mwen te yon ti kras choke pou tout bagay sa yo.

Mwen pat menm konn tande pale de pwogram televizyon li te mansyone a, men mwen te sèten ase, kèk semèn apre, mwen tap resevwa yon apèl nan men direktè pwogram nan ki tap mandem si mwen pa tap renmen patisipe nan emisyon an. Youn nan kondisyon pouw te nan emisyon an se te pouw te genyen yon pwodwi ke yo tap kapab ofri nan lè emisyon an. Alòs, mwen te di yo mwen te gen yon anrejistreman 5-CD sou ansèyman Revolisyon Finansye ke mwen fè. Yo te dim bon bagay, epi apre sa, nou te dakò sou pri ke mwen tap ba yo seri 5 CD yo. Mwen te ba yo seri a

ak yon pouvantaj angwo, se vre, men menm nan pwosesis pwodiksyon seri CD yo nan pouvantaj angwo sa, sa te pèmèt mwen fè kèk pwofit pou ministè pa nou an. Etonan, emisyon an te gen anpil siksè, epi nou te vann plizyè milye ak dè milye nan seri CD sa yo. Sa sèlman te pote plizyè milye nan bidjè televizyon nou an nan yon sous ke mwen pat konnen anyen sou li nan moman mwen tap siyen kontra sa.

Apre sa, te vin gon lòt chòk, yon nonm nan legliz mwen an kite vin nan legliz la kraze finansyèman epi yo ta pral degèpi kèk ane anvan sa te vin jwenn mwen epi li te vle ede nou nan finanse emisyon televizyon an. Li tap pratike sal te konn tandem ki tap preche konsènan Wayòm nan epi li pat pòv ankò. Li te ban mwen \$120,000 pou ministè televizyon nou an!

Lè nou te konte vant seri CD sa yo, kado zanmi sa nan legliz la, ak lòt kado kite vin jwenn nou, Drenda ansanm avèk mwen pat oblige mete okenn nan pwòp lajan pa nou pandan premye ane televizyon sa! Bondye te fidèl ak pawòl Li. Li te di ke Li tap peye pou sa, epi Li te fè sa. Ok, mwatye nan pwoblèm nan te rezoud, men mwen te gen yon lòt pwoblèm ke nou te dwe travay sou li kite gwo menm jan ak pwoblèm televizyon an. Jan mwen te gentan di pi bonè nan pati sa, mwen pat konnen anyen nan koze fè televizyon!

Otòn sa, Drenda te asiste yon gwo konferans fanm kretyen, epi yo te vin envitel antre nan chanm vèt la kote tout envite yo te rasanble nan mitan reyinyon yo. Se te yon gwo onè pou Drenda te jwenn envitasyon sa, epi li te kontan ale. Apre youn nan seyans yo, pandanl te chita poul te manje a midi, yon fanm li pat janm rankontre anvan te vin chita bò kote la. Apre yo te fin echanje kèk ti enfòmasyon youn sou lòt, fanm nan toudenkou mandel, “Alòs, èskew gentan fin fè televizyon an?” Drenda te yon ti kras sezi, men li te reponn, “Non, men nap reflechi sou sa toujou.” Apre sa, fanm nan di, “Ok, si wap fè sa, rele mesye sa, lap kapab ede ou.” Drenda te ekri nimewo ak imèl fanm lan te ba li an epi li te kolel nan valiz li.

Kèk semèn te gentan pase lakay la, epi Drenda te reyèlman bliye ti moso papye li te kole nan valiz li a. Men, yon jou swa, apre li fin jwenn ti moso papye sa, li deside voye yon imèl bay mesye sa jis poul te wè kisa li tap di. Ta sanble mesye sa te enterese epi li te mandel poul voye youn nan seri CD *Revolisyon Finansye* mwen an pou li, nou te fè sa. Apre yon semèn yo konsa, asistan li an te vin rele nou epi li te di ke mesye sa definitivman te enterese epi li te vle rankontre ansanm avèk nou nan konferans anyèl Nasyonal Relijye Brodcastè yo, ki tap rive jis nan kèk semèn konsa. Nou te dil nou tap la.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwa Estrateji a

Drenda ansanm avèk mwen te kondwi ale nan konferans lan epi nou te yon ti jan estrese anvan reyinyon an. Mwen te achte yon nouvo kostim nwa pou reyinyon an epi mwen pat vreman konnen akisa poum te atann mwen. Mesye sa te mande pou nou te vin rankontre li nan swit otèl li an poun diskite sou televizyon. Pandan nou tap monte nan swit la, map sonje premye fwa nou tap monte desann nan koulwa sa avan nou tal peze sonèt-alam ki nan pòt chanm lan, jis poun te kapab yon ti jan kalme nou. Pandan nap antre nan chanm nan, nou te sezi jwenn te gen yon gwoup moun ki tap tann pou yo pale avèk nou. Chèz yo te ranje nan fòm yon demisèk, epi Drenda avèk mwen te chita anfas chèz sa yo. Nou pat janm rankontre okenn nan moun sa yo anvan, men yo tout te abiye nan fason pwofesyonèl.

Nou te kòmanse fè ti pale, men apresa yo te kòmanse poze nou kesyon konsènan dezi nou poun fè televizyon. Jis kounye a map sonje premye kesyon an, “Alòs, Poukisa ou vle fè televizyon?” Malgre ke mwen pat konnen sa nan moman an, moun sa yo kite reyini nan chanm lan, yo tout la se te gwo direktè egzekitif ki soti nan anpil diferan aspè nan pwodwi emision televizyon. Laverite, mesye nou tap pale avèk li a te nan chanm lan, men apresa te gen moun pwodiksyon yo, moun ki maketin, ak lòt moun ankò, yo tout la tap poze kèk kesyon ki difisil. An jeneral, mwen te santi ke reyinyon an te byen pase. Nou te jis rete moun nou ye a, nou pat eseye enpresyone pèsonn, men jis pataje istwa nou sou sa Bondye te fè pou nou. Tout moun sa yo te sanble kontan ak vizyon nou epi pasyon nou an, epi yo te di nou ke yo tap rele nou poun te tounen kote yo nan kèk semèn poun diskite plis sou detay yo.

Alòs, nan kèk semèn pita, nou te pale ak yo ankò; epi fwa sa, nou tout te deside poun avanse pou pi devan pou yon sesyon planifikasyon pou emision televizyon nou an. Apre sa, nou te konkli ke nou tap kapab jis filme emision an lakay nou, alòs mesye sa ke Drenda te mande si nou tap kapab rankontre lakay nou pou pwochen reyinyon an. Li te vle al wè kay nou an poul te kapab wè si sa tap byen mache.

Alòs, jou a te rive lè li te rive lakay nou an, epi nou tout te chita poun pale. Jiska vizit sa te rive, mwen vreman pat konnen twòp bagay sou istwa nonm sa nan televizyon, sèlman ke dam sa nan reyinyon Drenda tap asiste a te ba li nimewo nonm lan. Men, pandan nou te chita ansanm, li te kòmanse di nou tout emision televizyon li te konn pwodwi ak sa li tap pwodwi kounye a yo. Tout non sa yo pat etranj pou nou! Mwen te chita la ak tranble, “Bondye, kòmanw fè pran nèg sa, soti jis Lòs Angelès, mennen lakay mwen an sou ti wout tè sa ki lwen vil lan soti, nan tout pèdi sa?” Mesye sa te dakò poul fè tout emision an pou nou, filme li, korijel,

epi pwodwil nan yon pri ki pat egzajere. Nou tout te dakò tou nou ta filme emisyon an lakay nou, nan salon nou an, poun te kòmanse.

Premye jou an te rive, epi mwen pral admèt mwen te estrese poum te fè sa. Jan mwen te gentan di sa, mwen pat gen okenn eksperyans nan zafè televizyon. Mwen pat konnen kijan yon pwogram televizyon ta sipoze fèt, mpat janm te konn pale jis ak yon kamera devanm; se te yon bagay nouvo. Mwen te eksite poum te mèt istwa Wayòm nan deyò, men televizyon te yon lòt pwen perèz nan lavim ke mwen tap oblige genyen.

Poum fè bagay yo vin pi mal, yon evènman kè brize te vin rive jou sa, sa kite vin fè bagay yo te vin pi pi difisil. Pwodiktè ke yo te voye vin filme nou pandan semèn

**“ÈSKE GEN YOUN NAN  
NOU KI GEN PWOBLEM?  
LI TA DWE PRIYE”**

**— JAK 5:13**

nan te leve lale nan mitan lannwit lan.  
Trajikman, machin vwazen li an te woule sou ti  
jenn pitit gason li lan epi li te touyel pandanl tap  
fè bak. Asistan kite la a te esplike sa kite pase a,  
epi nou te deside poun pat di ankenn lòt moun  
sa jiskake nou te fin filme. Men, nou te jwenn

yon fason kanmenm pou nou te jera. Nou te anrejistre 3 emisyon jou sa, epi nou te ofisyèlman gon emisyon nan televizyon. Waw!

Lè nou te kòmanse emisyon televizyon nou an, nou pat gen okenn lide kijan poun tap kontinye peye pou lè sa apre nou te kòmanse. Men, Bondye te kòmanse anseye nou ke li pa tap sèlman bay \$300,000 nou te bezwen poun kòmanse emisyon an, men tou, li tap kontinye peye pou tan emisyon an. Nou te gen anpil bagay poun aprann. Ou konnen, nou pat janm menm konsidere ke moun tap vle simen nan ministè televizyon nou an; alòs nou te nayif.

Map sonje Tracy, sekretè mwen an, kite relem nan biwo a touswit apre emisyon nou an te kòmanse passe. Lè mwen te reponn, mwen te kapab di ke li tap tranble. Vwa li tap tranble. “Pastè,” se sa li te di, “gen yon moun kite wè emisyon an te voye pou nou yon chèk \$500. Epitou, Pastè, lèm te fin pranl, onksyon sa te sou chèk sa se te menm ak onksyon kite sou lajan kew te pote soti nan rezèvasyon Endyen an.” “Ou serye?” mwen tap bege. “Yon moun te fenk voye pou nou lajan?” Sa pat janm pase nan tèt mwen ke tap gen moun ki ta pral voye lajan pou sipòte emisyon an jiskaske chèk sa te rive. Men, tout lwanj pou Bondye, moun sa yo kontinye voye sipò depi lè sa, pwogram nou an pase atravè mond lan kounye a chak jou nan lè

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

lokal chak zòn sa yo! Bòdwo yo te vin ogmante nan yon milyon dola chak ane, men Bondye te toujou akonpli pawòl li te dim lan. Li toujou peye bil yo.

Tout sa ki nan liv sa gen rapò ak tandé epi kitew Lespri Bondye a dirije laviw. Istwa televizyon nou an se yon bon egzant sou fason Lespri Sen an kapab mennen lèzòm nan fè gwo bagay ke yo pat janm reve kite posib. Tout bagay ke Bondye fè nan lavi nou te soti nan kapasite nou pat pa sèlman konnen kòmn Wayonm Li an fonksyone, men tou poun te kapab tandé Bondye kap ban nou direksyon, sajès, ak repons sa yo nou gen bezwen. Istwam sot rakontew la pa tap janm rive sim pat konn tandé Lespri Sen an. Pafwa, nou tout ka ap fè fas ak sitiyasyon ki difisil ki ka parèt san espwa. Men, Bondye gen repons lan.

*“Èske pa gen youn nan nou ki gen pwoblèm? Li ta dwe priye” (Jak 5:13).*

Poukisa poun lapriyè? Paske nou bezwen tandé repons lan, direksyon an, ak solisyón pwoblèm nan. Jan Drenda ansanm avèk mwen te dekouvi anpil fwa, ke Bondye kapab fè plis pase sa nou ta kapab imajine lè nou ap fè fas ak pwoblèm. Li pral edew ak yon solisyón inik epi kèk fwa avèk solisyón ki etranj epi estrateji pouw kapab simonte saw santi ki se yon sitiyasyon enposib la. Anpil fwa, kapasite pouw tandé repons lan kapab diferans ki genyen ant sikse ak echèk, lavi epi lanmò. Mwen pral pale anpil sou tandé vwa Sentespri a nan liv sa, men anvan, kitem baw yon lòt ilistrasyon sou fason Lespri Sen an kapab edew nan moman difisil yo.

Lè nou te lanse pwojè konstriksyon nou an Sentè Kounye a, kite yon pwojè 6.5 milyon dola, nou te ranmase 2.5 milyon dola an lajan kach okòmansman epi tou te itilize yon pati lajan labank tou. Nou te gen lajan ki tap vin jwenn nou pandan 18 mwa konstriksyon pwojè a. Se te yon gwo pwojè pou yon legliz kite gen 550 moun poul retire. Nou te kraze tè nan sezón otòn ane 2007, epi tout bagay tap byen mache jouk rive nan prentan ane 2008. Petèt kew sonje epòk resesyon ane 2008. Ok, nou tap konstri batiman egzakteman nan mitan resesyon an. Pri tout bagay te monte wotè do kay lan! Pri fè asye yo te monte plis pase \$300,000 pi wo toujou pase pri nou te fè previvyón an. Sa a, se jis yon egzant. Tout pwojè a te vin depase bidjè ou akoz pri tout bagay nèt yo monte ane sa a.

Nan fen ane 2008, bank yo nan zòn pa nou an, anreyalite se te toupatou nan peyi a, yo te rale liy kredi yo epi yo pat vle bay kredi paske resesyon an tap vin pi rèd. Bòs mason nou an te vin kote nou yon jou pandan epòk sa poun te peye yon bagay,

ke bank lan te gentan apwouve. Li te bezwen peye moun-ki tap travay pou li yo ansanm ak kék lòt bòdwo nou te dwe peye, pou lajan li te gentan depanse. Chèk yon-milyon dola a te dwe peye finansman labank yo pou avans nou te resevwa nan men bank lanpaske nou te gentan fin itilize pòsyon lajan nou an nan pwen sa. Men, pat gen okenn chèk yon-milyon dola kite disponib. Nou te choke aprann ke bank lan te retire òf yo a epi rale liy kredi yo a. Yon lòt fwa ankò, se pat bank pa nou an tou; se te tout bank nan vil la. Gwo tit jounal lokal lan semèn sa te mete bank pa nou an nan premye paj la. Bank lan te fenk revoke 550 anplwaye nan menm semèn sa epi yo tap goumen pou yo te kapab siviv kriz finansye a.

Yon lòt fwa ankò, pwoblèm nou te gen nan men nou an se te bòs mason an te bezwen peye moun sa yo ki tap ansanm avèk li yo epi peye pou pwovizyon yo ke li te gentan itilize. Chèk yon-milyon dola sa pat pou bagay li ta pral bezwen nan tan kap vini an. Li te gentan depanse milyon sa! Kounye a, te vin gen lòt konpayi ak kèk fanmi kite bezwen nou peye bò mason nou an poul te kapab peye yo. Menm jan avèk nou, bò mason an te panse bank lan tap kontinye kenbe angajman yo. Kounye a, kisa nap fè? Kisaw ka fè nan yon sityasyon konsa? Mwen pat gen yon milyon dola nan men mwen, epi mwen pat paper poum tal mande moun nan legliz nou an lajan. Anplis de sa, televizyon te vin pi chè, paske nou tap elaji sou plizyè rezo; kantite tan nou genyen an te vin koute kounye a \$50,000 chak mwa. Kisa nou te kapab fè men jis fè sa Jak 5:13 te di pou nou fè a, priye!

Sa te jis rive ke nou te genyen yon lòt vwayaj poun tale Awayi pou biznis mwen an pandan epòk sa. Mwen te vin aprann ke bank lan te rale kredi a sèlman kèk jou anvan nou te ale. Pandanm te sou wout poum tale nan ayewopò la poum pran vòl pou Maui, mwen kapab diw ke mwen te toujou yon ti kras choke. Lesprim tap kouri yon milyon kilomèt chak inèdtan. Men, pandanm tap mache nan ayewopò a, mwen te tante gen pitye pou pwòp tèt mwen, mwen te tande vwa Senyè a. Li te di: “Leve baton ou!” Pandanm te kanpe epi mwen tap reflechi sou sa Senyè a tap eseye dim lan, toudenkou mwen te vin konprann.

Se egzakteman sa Bondye te di Moyiz lè pèp Izrayèl la pat gen okenn kote pou yo te vire pandan lame Farawon an te bloke yo nan mitan lanmè Wouj la. Bondye te di Moyiz poul leve baton lan anlè sou lanmè a, epi lèl te fin fè sa, lanmè a te separe, yon chemen te kreye pou pèp Izrayèl la travèse epi chape poul yo. Baton Moyiz te pote a te reprezante pwomès Bondye te ba li yo, ansanm ak otorite li te bay Moyiz pou fè travay la.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

Mwen te konnen sa Bondye tap di mwen nan moman sa. Mwen te dirijan, pastè legliz sa; Mwen te resevwa otorite poum fè fas ak sitiyasyon sa. Mwen te oblige pran otorite mwen epi leve kanpe epitou jwenn yon fason poum soti ladanl. Lè nou te rive Awayi, tout sam te kapab fè se te lapriyè. Mwen pat kapab dòmi nan mitan lannwit. Lespri mwen tap boulvèse, epi mwen te konnen mwen tap lite nan Lespri a poum jwenn repons mwen te bezwen an. Alafen, Drenda te vin gen yon ide li te kwè kite soti lakay Senyè a. Mèsi Bondye pou madanm mwen! Anpil fwa Bondye te itilize Drenda poul te jwenn plan ak direksyon mwen te bezwen nan tout kalite sitiyasyon. Mwen pa ka eksplike kijan li gen anpil valè pou mwen ak kijan mwen renmen li. Li pa janm abandone!

Plan Drenda a te senp men pwofon. Pat gen anyen ki endike ke plan sa ta pral byen mache, men nou te kòmanse travay sou li menm moman an. Plan an se te poun ta monte yon prezantasyon ke nou ta pral prezante bay bank ki tap ede nou konstri a, se pat bank pa nou an, epi mande pou yo prete nou lajan an. Prezantasyon sa tap montre bank lan ki moun nou ye ak poukisa nou te gen santiman ke prete nou kòk sa se tap pi bon desizyon an pou tou 2 pati yo. Se te yon prezantasyon byen long, paske jan mwen te di a, chak gress bank nan vil te fèmen pou yo pat bay prè. Nan panse pa nou, si bòs mason an pat touche lajan sa, lè sa, li tap oblige deklare fayit pou pwòp tèt li, epi mete nenpòt prè li te genyen kounye a nan bank li an ak risk poul echwe. Nou te asire nou ke sa tap koute pri yon kay pou bank lan, youn nou tout sa yo pat bezwen yo. Lòt bagay ankò, se pat bank pa nou an, epitou yo pat gen okenn relasyon oswa istwa ansanm avèk nou.

Alòs, nou te fè yon tablo ki detaye demografik zòn pa nou an epi kijan zòn nan tap grandi byen vit. Nou te montre bank lan istwa nou ansanm epi kwasans nou prevwa genyen. Nou te montre yo tou plizyè fason batiman nou an ta pral pwodui lòt revni andeyò sèvis legliz nou yo, tankou aki vitès revni televizyon nou an tap vin pi plis epi anpil lòt bagay nou te panse ki ta enterese yo. Nou te vle asire yo ke nou te yon gwo risk men ki tap pwofitab pou bank lan, menm nan moman difisil sa yo. Nou te tou vle fè pwen sa pase ke si bòs mason an pat touche, yo petèt ta tonbe nan risk pou pèt potansyèl epi se sa nou te vle “ede yo” evite. Nou te mande pou nou te rankontre ak vis-prezidan bank lan kite responsab divizyon prè komèsyal yo. Nou te lapriyè epi mache ale nan biwo li an, li te konnen avèk konfyans ke se plan Sentespri a te ban nou, epi li te fè demand nou an rive kotel te sipoze rive a.

Etonan, apre prezantasyon nou an, ofisiye a te mande sekretè li a poul ekri yon chèk pou legliz la pou \$500,000 nan menm espas la pou nou ale ansanm avèk nou.

Li te di nou ke aksyon sa li te poze a se pat yon aksyon òdinè epi se pat yon bagay kite nòmalman. Pat gen okenn anrejistreman, ankenn fòmilè, jis yon chèk pou \$500,000. Li te di ke pou lòt \$500,000 a tap oblige fè anrejistreman pou li, men li te asire nou ke li tap pase paske li se youn nan moun ki kapab pran desizyon an, epi li te fè sa. Nou te peye bòs mason nou an yon milyon dola epi nou te fin konstri batiman an.

Li difisil poum diw kijan Drenda ansanm avèk mwen te santi nou pandan yon-inèdtan nou te fè nap kondwi mache poun tounen lakay nou avèk chèk \$500,000 sa nan pòch nou. Nou te kontan anpil epi nou te santi nou byen! Pa gen okenn mo kite ka byen dekri kijan nou te santi nou nan moman sa, men nou tap tranble pou bagay sa Lespri Sen an te fenk fè a. Premye moun nou te rele se te bò mason nou an. Mwen kapab tandemounen joudya ankò kè kontan kite genyen nan vwa li lè nou te dil bòn nouvèl sa. “Kisaw te fè sa?” Se sa li te di. “Èske yo baw chèk la menm moman an?” Nou toulede te konnen ke se te travay Bondye.

Kòman bagay sa te rive? Lespri Sen an! Bondye gen repons ou bezwen yo, zanmi mwen. Siw pat janm panse pouw te tape nan potansyèl fantastik Wayòm Bondye a, wap bezwen aprann kijan pouw tandemounen vwa Lespri Sen an. Epitou, se de bagay sa yo nou pale sèlman nan liv sa.

Mache ak Sentespri nan sitiayson yo pi enteresan pase nenpòt fim James Bond ou te janm gade! Epitou, menm jan avèk fim lan, ou toujou konnen kiyès moun ki genyen nan fen an, kèlkeswa kantite moman tansyon ki kapab parèt la.

**SIW PAT JANM PANSE POUW  
TE TAPE NAN POTANSYÈL  
FANTASTIK WAYÒM BONDYE  
A, WAP BEZWEN APRANN  
KIJAN POUW TANDE VWA  
LESPRI SEN AN.**



## CHAPIT 2

# WAYÒM NAN

Mwen sèten ou konn tandem pale de anpil nan pwose frivòl sa yo ki kanpe sou anyen ki konn ranpli epi apre sa yo te voye yo jete deyò tribal la. Men yon egzanp.

Yon prizonye nan yon prizon nan Colorado te depoze yon pwosè pou plis pase 88 milya dola (*wi, milya dola*) kont Lig Nasyonal fouthòl la. Pwosè sa te soti nan yon desizyon ofisyèl yo te pran pandan yon match pley-òf ant Dallas Cowboys avèk ekip Green Bay Packers. Ofisyèl yo te deside ke yon bolon Dez Bryant (nan ekip Cowboys la) te atrape a pat konplè. Prizonye sa pat dakò ak desizyon an. Pwosè li a akize ofisyèl NFL yo te aji avèk neglijans epi vyole devwa fidisyè yo. Poukisa prizonye a te mande 88 milya dola? Nimewo mayo mesye Bryant lan se te 88.<sup>1</sup>

Son aksyon ki fou, pa vre? Mwen kapab ap panse ke tout moun ka gentan wè ke pwosesis sa pap pral okenn kote. Men, kisa ki detèmine si yon ka valab oswa sil pa valab? Ok, daprè law.com, 2 rezon prensipal yo voye jete yon ka nan tribal se lè li gen yon pwoblèm jiridiksyon oswa li pa gen okenn baz legal ki kanpe dèyèl nan tout sa ki gen pou wè avèk lalwa. Poukisa mwen pote yon kesyon sou sa ki legal nan yon liv kap pale sou Sentespri a? Paske si ou vle wè Lespri Sen an kap deplase nan sitiyasyon paw la, ou bezwen klè sou sa lalwa di. Wayòm Bondye a se sal ye, yon wayòm, ki opere nan limit lwa Wayòm nan. Nan 2 liv mwen yo anvan sa nan seri, *Revolisyon Finansye Paw: Pouwva Fodelite a epi Revolisyon Finansye paw: Pouwva Repo a*, mwen te etale baz fondamantal yo sou kijan Wayòm Bondye a travay anrapò ak jiridiksyon epi lalwa. Men, pou nou konprann sa map di anrapò avèk Sentespri a, sa kapab fè nou byen poun ta fon ti tounen dèyè epi omwen sonje prensip sa yo. Ann kòmanse avèk yon egzamen.

*Jezi te di yo: "Se sèlman nan vil kote li te fèt la, nan mitan fanmil yo ak nan pwòp kay li ki te gen yon pwofèt san okenn onè." **Li pat kapab** fè okenn mirak kote sa, eksepte mete menl sou kèk moun malad epi geri yo. Epitou li te sezi wè mank lafwa moun sa yo.*

— Mak 6:4-6

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

Èskew ka dim poukisa Jezi pat kapab geri moun sa yo ki nan pasaj sa? Repons reliye estanda a se paske se pat volonte Bondye poul te geri yo. Apre yo tout bagay sa yo, Bondye konnen pi bon bagay ke sa, epi si li te vle geri yo, li tap kapab fè sa, pa vre? Mwen vle di, Li se Bondye. Èskew tap sipoze tou ke gen moun kote sa kite bezwen gerizon men ki pat resevwa gerizon yo? Mwen panse sa parèt aklè nan tèks lan tou. Konnen repons sa pouki rezon ki fè Jezi pat kapab geri pèp la se yon kesyon enpòtan anpil, yon kesyon ki dwe jwenn repons. Si nou li konklizyon istwa a, nap jwenn ke Jezi te di paske moun sa yo te manke lafwa epi se kite anpeche yo resevwa gerizon an. Pou nou konprann obsèvasyon ak konklizyon Jezi an sou rezon sa ki fè pèp lan pat resevwa gerizon an, nou pral oblige poun byen konprann kisa lafwa ye epi poukisa li nesesè nan domèn tè a pou syèl la jwenn jiridiksyon legal sou tè a.

Kitem rezime pwoblèm lan pou ou nan ka sa a. Se pat yon mank pouvwa, oubyen volonte nan pèspektiv pa Jezi. Pwoblèm lan se te yon pwoblèm jiridiksyon. Esansyèlman, syèl lan pat genyen tè legal poul te avanse nan sitiyasyon sa pou pifò nan moun kite la yo. Koulye a, anvan ou voye liv sa jete atravè chanm nan pandan wap di ke mwen pa gen okenn ide sou sa map pale a, banm yon minit poum eksplikew.

Lè yo te mete Adan ansanm avèk Èv sou tè a, yo te gen otorite konplè epi san okenn rezèv sou tout domèn tè a. Mwen panse ke pasaj sa valide aklè deklarasyon mwen an.

*Ou fè li yon ti kras pi ba pase zanj yo; ou te kouwonel avèk glwa epi lonè, epi ou te mete tout bagay anba pyel. Lè Bondye te fin mete tout bagay anba konteòl Adan, Bondye pat kite anyen ki pa tap koubel anba otorite li.*

— Ebre 2:7-8

Gade byen ke Bib la di Adan te kouwone avèk glwa epi lonè. Tèm kouwone a nan pati sa fè referans ak yon kote ki gen otorite kote Adan tap dirije, ke kounye a li pat mete yon kouwòn nan Jaden an. Men, nou te kapab sipoze tou ke te kapab gen yon ekla oswa yon sèk lininez bò kotel la, jis yon panse. Adan te gen glwa (onksyon ak majeste Wayòm nan) epi onè (pozisyon otorite) Wayòm Bondye a. Epitou avèk 2 bagay sa yo, li tap dirije sou tout tè a, avèk otorite ke yo te delege ba li, nan non Wayòm Bondye a. Satan, kite gentan sou tè a lè lèzòm tap kreye, te meprize lèzòm epi li te anvi pran otorite lòm te genyen an. Li te konnen ke li pat kapab senpleman

pran kouwòn otorite a nan men Adan, paske Adan te gen otorite konplè sou tèt li, li te dwe monte yon plan kap kapab twonpel nan yon fason poul fè Adan depoze kouwòn lan avèk pwòp (otorite) volonté pal.

Alòs, Satan te twonpe Èv, epi Adan te swiv aksyon li an, li te revòlte kont Bondye, epi sa te lakòz yo te pèdi pozisyon yo nan Wayòm Bondye a. Apre yo te vin ap swiv Satan, sa te lakoz yo tonbe anba jiridiksyon wayòm pa li an. Alòs, ou ka ap mande, “Poukisa Bondye te kite Satan nan pwemye plas nan Jaden an?” Ok, li te dwe fèl skona. Mwen konnen ou kapab yon ti kras choke parapò ak repons sa, men ou pral jwenn li se laverite. An nou gade byen rapid nan Jenèz 2:8-9.

*Koulye a, Seyè a, Bondye a, te plante yon jaden nan bò solèy leve a, nan Edenn; Se la li mete nonm li te fè a. Seyè a, Bondye a, te fè tout kalite pyebwa pouse nan tè a—pyebwa kite fè zye plezi epi ki bon pou manje. Nan mitan jaden an te gen pye bwa lavi a ak pye bwa konesans sa a ki byen avèk sa ki mal.*

Lè nap li vèsè sa, nou kapab ap mande poukisa Bondye te mete Pyebwa Konesans byen ak sa ki mal lan nan mitan Jaden an toupre Pyebwa lavi a. Alabaz, se poul rann sa legal pou Bondye te kapab anvayi tèritwa Satan an, Bondye te bay lèzòm 2 chwa swa pou yo sèvi Bondye oswa Satan. Bondye pat kapab jis antre legalman nan jiridiksyon Satan an epi mete yon nonm nan espas la. Poul rann sa legal, nonm sa ta pral oblige fè yon chwa ak kiyès li te vle koubel. Toutotan lèzòm te chwazi Bondye, kise Pyebwa lavi a, se lèzòm ki tap dirije Satan. Alòs, Pyebwa Konesans byen ak sa ki mal la te dwe kanpe bò kote Pyebwa lavi a.

Men yon obsèvasyon enpòtan ke nou bezwen fè. Lèzòm pa tap kapab plase sou tè a san libète volonté li. Mwen konnen, pi fò nan Krisyanis yo ap di nou te kreye ak tout libète volonté nou pou Bondye te kapab wè ki moun ki renmenl tout bon vre. Mwen sipoze kem kapab bay deklarasyon sa yon ti pati toupiti nan laverite. Men, alabaz, se tap yon bagay ilegal san okenn kapasite poun chwazi. Si yo pat bay lèzòm libète volonté li, yo pa tap ka metel nan andwa sa. Gen anpil bagay toujou ke mwen ta kapab pale de yo nan diskisyon sa, men mwen te gentan pale de tout bagay sa yo nan 2 pwemye liv mwen yo anvan sa.

Alòs, Adan te chwazi twonpri Satan an, sa lakoz li pèdi Wayòm Bondye a, epi Bondye te vin kanpe fas lèzòm nan Jenèz 3:17-19:

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

*Madichon pou tè a akoz ou menm! Nan tray ki fè lapenn, ou pral manje ladaml chak jounan laviw. Li pral fè pikan pouse pou ou, epi ou pral manje plant nan jaden. Se avèk swe nan fwonw, ou pral kapab manje jiskaske ou tounen pousyè anko.*

Alabaz, Bondye te di Adan li menm, Adan, te madichonnen tè a. Akoz se Adan kite gen dominasyon absoli sou tout tè a, se li menm kite louvri pòt dominasyon Satan an, sa kite esansyèlman mete Bondye deyò. Kounye a, men Bondye yo te mare, kounye a, Adan pral siviv gras ak pwòp travay li ki bay lapenn ak swe. Gen yon ti detay Satan te blyie di Èv lèl tap tantel la. Epi se konsa Bondye te gentan jije Satan, li te chasel nan syèl la, epi li te pwoklame ke kay etènèl satan an tap yon kote ke yo rele lanfè. Li enpòtan ke ou konprann sa. Gen anpil moun ki pral di, “Kòman yon Bondye kise renmen nan li menm kapab ap jete moun nan yon kote ki rele lanfè?” Se pa Li kite fè sa, se Adan kite fè sa. Jan nou kapab wè nan vèsè sa, lanfè pat janm kreye pou lèzòm.

*“Aprè sa, lap di moun ki sou bò gòch li yo, ‘Wete kò nou sou mwen, nou gen madichon, nan dife ki pap janm etenn lan **kite pare pou dyab laansanm avèk tout zanj li yo**’” (Matye 25:41).*

Lè Adan ansanm avèk Èv te vin anba jiridiksyon Satan, kounye a yo te vin anba jijman Satan tou. Tout ras lèzòm te vin anba dominasyon Satan akoz Adan. Reflechi ak kouman pouw fè elvaj bét. Si youn nan bèf ou yo gen yon ti towo bèf, yo pral make ti towo bèf sa avèk mak ou paske tout ras bét la se pou ou. Donk, tout desandan Adan yo te vin otomatikman anba jiridiksyon Satan. Konpreyansyon relijye estanda a, oswa mwen ta dwe di mank konpreyansyon relijye sa yo, desten yon moun, se syèl lan oswa lanfè a, baze sou kijan moun sa bon oswa kijanl se yon move moun, mod refleksyon sa se yon konsèp ki totalman pa bon. Reyalite a, jijman moun sa yo te gentan fikse. Yo tout pral nan lanfè. Se pa paske yo te fè bagay ki mal, men se akoz bagay sa Adan te fè a. Kounye a, akoz lanmou Bondye pou gason avèk fanm Li te kreye yo, Li te mete yon plan sekou kanpe gras ak Jezikri ki pèmèt gason ansanm avèk fanm ki chape anba jijman sa epi mennen yo tounen nan jiridiksyon Wayòm pa Bondye a.

*“Paske li delivre nou anba dominasyon fènwa a, epi li te mennen nou nan wayòm Ptit Gason li renmen an.” ( Kolosyen 1:13 ).*

Nou dwe remake ke Bondye te sove legalman anba jiridiksyon ak jijman Satan. Men, pou yo te kapab pwofite de sa, chak gason, chak fanm ak chak timoun dwe chwazi pou pwòp tèt pa yo koman pou yo pwofite bagay sa nan rele non Jezi. Kretyen yo, tandem pou yon ti moman. Bèl dam sa ki nan lari a pral fini nan lanfè sof si yon moun ta dil poul rele non Jezi anvanl mouri. Pral gen anpil moun bèl moun nan lanfè. Se manti Satan an ki fè moun sa yo panse yo kapab chape anba lanfè paske yap fè bon travay. Non Jezi se sèl non yo te bay gason ansanm avèk fanm yo pou delivrans ak pou chape anba jijman Satan an. Mwen vle klarifye sa tou ke lè Adan te tonbe, li te mouri espirityèlman epi li te wete kòl anba men Bondye; sepandan, li te toujou kenbe okipasyon legal li yo sou tè a. Piske se sa bagay lan ye, Satan oblige sèvi ak moun ki enspire-gras ak demon an, epi Bondye dwe sèvi avèk moun sa yo ki ranpli avèk Lespri a pou fè bagay sa yo kap fèt nan wayòm lèzòm nan. Alòs, an rezime, nou konprann ke ale monte nan syèl la oswa ale nan lanfè se yon pwoblèm legal epi li pa baze sou jan nou se bon moun, men li baze sou viktwa legal Jezi te genyen sou Satan sou kwa a. Byenke Jezi te fè bagay sa legal pou lèzòm soti nan jiridiksyon Satan an, yon fwa ankò, chak grenn moun dwe evoke non Jezi avèk lafwa pou yo kapab apwopriye yo de li.

Mwen konnen nou te gentan kite diskisyon sa kèk paragraf anvan sa, men kounye a an nou tounen nan kesyon nou te poze anvan an, “Poukisa Jezi pat kapab geri moun sa yo ki nan Mak 6 la?” Mwen te diw ke se te akoz yon pwoblèm jiridiksyon, se sal ye. Depi Adan te fin lage jiridiksyon espirityèl wayòm lèzòm nan men Satan, Bondye pat ka jis antre isit lan chak fwa li vle paske aksyon sa tap ilegal. Koulye a, pingaw twouble akoz sa mwen fenk sot di la avèk kilès ki posede latè menm. Bib la klè sou sa, ke Bondye ki posede tè a avèk tout bagay li gen ladanl. Sepandan, pou sa ki gen pou wè ak wayòm lèzòm, Bondye pa gen jiridiksyon legal sou yo. Nou kapab jwenn detay sa nan Lik 4:5–7.

*Dyab la mennenl sou yon kote ki wo anpil, epi li te montrel pandan yon moman tout wayòm ki nan mond lan. Apre sa, li te dil, ‘‘Map ba ou tout otorite ak tout bél pouvwa, paske yo te gentan ban mwen bagay sa yo, epi*

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

*mwen kapab bay nenpòt moun mwen vle a yo. Siw adorem, tout bagay pral vin pou ou.”*

Nou ka wè nan pati sa ke Adan te bay Satan jiridiksyon legal sou wayòm mond lan. Poutèt sa, Bondye pat ka jis fè sa Li te vle sou tè a anrapò ak gason epi fanm yo. Men, si Bondye ka jwenn yon gason oswa yon fanm ki kwè nan Li, epi ki totalman konvenk nan otorite syèl la, Lè sa, Bondye ap ka egzèse otorite pa Li nan moun sa. Se menm fason sa ke Satan te jwenn aksè nan domèn tè a okòmansman an, atravè sèl grenn moun sa kite gen okipasyon legal sou tè a, kise Adan. Lè Bondye te pèdi Adan, nonm pa Li a, Li te oblige jwenn yon lòt mwayen poul tounen antre sou tè a poul mete plan sekou Li a kanpe, nonm sa te rele Abram.

*Seyè a te di Abram konsa, “Kite peyi ou, pèp ou a ansanm avèk fanmi papa ou yo, ale nan peyi map montre ou a. Map fèw tounen yon gwo nasyon, map beniw. Map fè non ou gran anpil, epi ou pral yon benediksyon. Map beni moun ki va beni nou yo, moun ki va ba nou madichon, ma madichonnen yo. epi tout pèp sou latè pral jwenn benediksyon gras ak ou menm.”*

— Jenèz 12:1-3

Abram, oswa Abraram, se te pòt sa ke Bondye te itilize poul rejwenn aksè poul tounen nan domèn tè a epi pote plan delivrans li an bay limanite. Bondye te fè yon alyans avèk Abraram epi desandan li yo, atravè akò legal sa, Bondye te gen aksè pou mennen Jezi Kris nan mond lan, men se sèlman gras ak filiaj Abraram. Se poutèt sa Jezi te dwe yon desandan Abraram epitou, poukisa pèp Izrayèl lan pat gen dwa marye ak nasyon vwazen yo. Se tou rezon sa ki fè premye liv Nouvo Testaman an pa gen anyen ladanl men yon ab jeneyaloji. Sa pwouve ke Jezi, an reyalite se, yon desandan legal Abraram, Sa ki te pwouve bay Satan ke se te bagay legal pou Jezi te vin peye pri a peche pou nou.

Piske gason ansanm ak fanm toujou gen kontwòl legal sou tè a, pou yo pa konfonn ak kontwòl espirityèl la, Bondye avèk Satan dwe sèvi ak moun pou fè bagay yo mache. Sèlman mete ke, gason avèk fanm yo se 2 sèl grenn antite legal ki sou tè a. Men, menm jan Satan te jwenn aksè gras avèk Adan epi Èv kite kwè nan sal te di a, konsa tou Bondye dwe jwenn moun ki kwè sa lap di pou yo ka eksprime sou tè a. Lè yon gason oswa yon fanm totalman konvenk nan kè yo nan sa syèl lan di

olye de sa wayòm Satan an ap di, yo rele aksyon sa lafwa, epi li bay syèl la jiridiksyon legal poul deplase atravè moun sa yo ki sou tè a epi pote volonte Bondye a kont wayòm Satan an. Genyen anpil bagay toujou poum di, men mwen te gentan pale de bagay sa yo an detay nan 2 premye liv mwen yo.

Kle reyèl la se sa. Piske Satan la sou tè a, li toujou ap defann wayòm pa li an epi li toujou ap eseye rapouswiv plan Bondye yo. Poutèt rezon sa, Bondye ap travay naba kouvèti poul mennen plan ansanm ak estrateji Li yo nan domèn tè a. Epi se lèw konnen kijan Bondye ap travay anba kouvèti kew pral jwenn pi gwo kle pouw reyisi ak fè viktwa nan laviw. Mwen rele sa Pouwva Estrateji a!



## CHAPIT 3

# SEZISMAN

Mwen te resevwa yon apèl de yon nonm ke mwen pat ko janm rankontre. Nonm sa te prezante tèt li epi li te dim ke li menm ansanm avèk kèk lòt mesye vrèman renmen liv *Chas Lafwa* mwen an ak ansèymanm yo sou Wayòm Bondye a. An reyalite, li te mande sim pa tap enterese poum ta vini nan lokalite Montana epi anseye nan vandredi swa ak samdi maten yon gwoup moun ki apeprè 70 gason. Anvan menm mwen te bal yon repons, li te di, “Apre ou fin anseye samdi maten, nou tap renmen mennen ou lachas antilòp paske nou pral nan sezon an.” Ebyen ok, sa pat pranm twòp tan poum te reponn kesyon sa. Li te dim ke pitit gason mwen yo te envite pou yo vini tou si tout fwa yo tap renmen sa. Pandan mwa lete kite vin apre yo, yo te edem jwenn lisans ki kòrèk pou lachas sezon otòn sa ki tap vini an. Tim, pitit gason mwen an, te deside vini ansanm avèk mwen tou, epi li te resevwa lisans pa li.

Mwen te aprann, ke sa se te yon gwoup moun kite kenbe pwomès yo, epi yo te fasine avèk istwa lachas mwen yo kem te rakonte pandan ansèyman mwen an ansanm ak kòman mwen te resevwa sèf mwen an gras avèk lafwam. Yo te vle tandem plis toujou sou fason mwen te konn toujou jwenn sèf mwen yo nan 30 oswa 40 minit epi kijan Bondye Li menm te anseyem kòman mwen dwe espesifik konsènan kalite bêt mwen ta dwe resevwa, tankou ki sèks epi gwosè kòn sa yo kite ale yo. Mwen kapab dakò ke istwa mwen te konn wè kite pase devanm yo te prèske enkwayab, epitou si mwen pat gen chans poum te wè yo ki rive tout bon vre, mwen tap petèt kirye menm jan ak fason moun sa yo te ye a.

Ofinal, semèn nan te rive poum ale Montana. Tim ansanm avèk mwen te pran avyon, epi nou te rankontre kèk lidè nan gwoup mesye sa yo, se te yon pakèt gran mesye kite vrèman renmen Senyè a. Yo te mennen nou lapèch pou kèk Zwit epitou yo te mennen nou tou nan sou teren poun tal tire ak wè fizi sa yo ke yo te prepare

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

pou nou. Lè mwen tap grandi nan Ohio, mwen pat abitye tire fizi nan distans ki long. Lwa nou yo nan zòn sa te sèlman otorize fizi pou sèf, epi distans yo te prèske toujou mwens pase 100 mèt, pi souvan distans lan te konn menm mwens pase 50 mèt. Alòs, lè yo mete sib la nan 200 mèt, sa kite mandem yon ajisteman; men apre yon ti pratik, mwen te kapab frape plak asye a epi yo te vin deklare mwen te pare poum ale lachas.

Jou aswè sa, mwen te anseye mesye yo nan oditoryòm lekòl zòn nan, ak nan demen maten tou. Tout mesye yo te anvi tandem ak aprann sou Wayòm Bondye a, sitou kijan Bondye te anseyem lwa Wayòm nan atravè lachas. Apre manje midi a, yo te di, “Ok, ann al chase antilòp la.” Mwen pat janm konn chase antilòp, epi mwen te devine ke mwen pat konprann kijan pwosesis la ta dwe ye. Nan eksperyans lachas mwen yo, ou ka petèt ale avèk pi plis 2 oswa 3 gason. Men, yo te mennen yon eskwad 3 oswa 4 gwoup moun ansanm. Map sonje nan sware anvan an ke Tim te mandem: “Papa, èskew pa estrese pouw pran antilòp la? Wap anseye yo konsènan Wayòm nan epiw deklare ak sètitid Wayòm nan ap travay chak fwa, men esiw pa ta rive trape yon antilòp epi yo tout la ap gade sa?” Mwen te dil ke mwen pat estrese poum ta trape antilòp la. Drenda ansanm avèk mwen te gentan plante semans nou an epi nou te vin dakò ke antilòp sa; te gentan la.

Pandan nou tap kondwi ale nan ranch kote nou te gen pèmisyon pou nou lachas la, yo tap eksplike ke antilòp se bêt ki pi rapid nan Amerik Nò a epi se dezyèm bêt ki pi rapid sou tout planèt tè a, se sèlman gepa ki bat li nan rapidite. Yo te eksplike ke antilòp a gen bon vizyon reflèks epi defans prensipal yo se kouri, alòs si yo ta wèw, yap gentan ale nan yon segond. Tag pam lan te bon pou yon antilòp Buck, epi Tim te gen yon tag pye bich.

Plan pa nou se te kondwi soti nan ranch lan, kondwi ale nan tè ki pi wo a, epi apre sa, pwomennen anlè a, gade anba nan kèk fon vale yo poun wè si nou te kapab wè kèk bêt. Pandan nou tap pwomennen anlè a, nou te wè yon gwoup antilòp nan distans lan. Akòz tèren an, nou te santi nou tap kapab pwoche pi pre poun tire pandan nou tap kontinye rete nan ravin ki ba yo nan moman nou tap pwoche. Nou ta dwe fofile kò nou avèk anpil prekosyon monte dènye ti mòn lan, apre sa, tou dousman foure tèt nou nan fant mòn lan poun tire si antilòp la te toujou la lè nou tap rive a. Lè nou te fin rive, yo tap ban nou yon ang poun tire nan apeprè 200 a 250 mèt kote nou te pozisyone a.

Tim ansanm avèk mwen tou dousman te trennen sou vant nou poun te yon ti jan

pwoche bò kwen ti mòn lan kite bay sou tèt ravin nan kote yo te kanpe a. Plan an se te apre mwen te fin tire pam lan, Tim tap tiri sou yon bèf. Tou dousman mwen te rale moute nan kwen an epim te gade tout kote. Asirew, plan nou an te byen machen; ti twoupo a pat wè nou. Mwen te leve fizi mwen epi mwen te wè ke sa te difisil poum te kenbel fiks ak yon men akoz distans lan epitou avèk respirasyonm kite difisil akoz mwen te fenk sot rale. Men, ofinal, lè mwen te panse ke mwen te gen lajan nan kwa cheve mwen yo, mwen te rale deklanchè a. Mwen te ratel. Bann mouton yo te sanble twouble pandanm tap tire yon dezyèm fwa. Mwen te ratel ankò. Kounye a, bann mouton sa yo te vin ap deplase pandanm te tire yon twazyèm fwa epi answit yon katriyèm fwa, tout te rate. Pandanm tal tire senkyèm fwa a, tout sam te tandem se te yon klik. Mwen pat gen okenn minisyon ki te rete.

Nan konfizyon an, mwen pat wè sa, tout bêt yo te pete kouri epi yo te soti nan ranje a. Yo tout nèt eksepte bouk sa ke mwen tap tire sou li a. Li te jis rete kanpe kèk mèt sèlman kote li te kanpe depi premye katouch mwen an. Mwen te mande Tim fizi li an avèk anpil tèt cho. Kounya, mwen te vin kanpe, epi mwen te fon lòt katouch, epi bouk lan te sot tonbe. Mwen te eksite epi soulaje an menm tan tou. Bouk sa se te pou mwen. Pandanm tap gade dèyè, mwen te sezi wè yon gwoup mesye ki tap rele byen fò epi yo tap selebre. Gen kèk lòt kite nan telefòn selilè yo, epi mwen te tandem yon moun ki di, "Wi, sa a te jis menm jan ak sa ki nan liv *Chas Lafw a*, se sèlman 40 minit apeprè epi bouk lan te toujou kanpe la, tankou sa ki nan liv la." Yo tout te vin genn chans wè Wayòm nan kap fonksyone. Apre tout bagay sa yo, mwen tap anseye

## **MOND LAN GRANGOU**

## **POUL KAPAB WÈ BAGAY**

## **KI REYÈL, EPITOU**

## **BONDYE RENMEN FÈ YO**

## **SEZI TOU.**

bagay sa yo pandan inèdtan, epi yo te vle wèl kap travay. Ok, malgre move fiziyad mwen an, li te toujou travay epi sa te ajoute kredibilite nan sa mwen tap anseye yo. Tim te resevwa pye bich pa li an nan apremidi avèk yon sèl katouch pafè yon antilòp ki tap kouri.

Nou tou lede te eksite anpil! Montana jis bél

anpil anpil, epi Tim ansanm avèk mwen te eksperimente Wayòm nan yon yon fason eksepsyonal. Mwen gen tèt antilòp sa kanpe epi pandye sou biwo mwen an poul ka fèm sonje Wayòm nan ansanm ak fidelite Bondye.

Poukisa mwen ta rakontew istwa lachas nan liv sa? Paske Bondye vle sèvi anssanm avèk ou pouw montre Wayòm Li an bay tout zanmiw, vwazenw epi fanmiw. Yo tout vle wè wayòm nan kap travay. Mond lan grangou poul kapab wè

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

bagay ki reyèl, epitou Bondye renmen fè yo sezi tou. Pouw kapab fè yo sezi, wap oblige aprann kijan Wayòm Bondye a fonksyone ansanm ak fason Lespri Sen an pote repons ak opòtinite ou bezwen pouw fè tout moun sezi, menm pwòp tèt paw. Mwen te vin aprann pita, kèk mesye sa yo ki tap dirije gwoup mesye yo te pranm kòm egzanp apa nan objektif sila kap montre Wayòm nan bay yon anpil nan mesye sa yo kite rete kole nan koze reliyion. Mwen te vin dekouvri pita ke anpil nan yo te bay Senyè a kè yo gras ak ansèyman mwen an tou nan jou sa. Se Lespri Sen an kite mete plan sa kanpe, epi lap edew tou ansanm avèk planw genyen an pouw reyisi.

Kitem rakontew yon lòt istwa, men istwa sa soti tou dwat nan Bib la epi ki pral mntréw yon lòt fwa ankò kijan Bondye vle fèw sipriz ak plan sipernatirèl ak estrateji sa yo ki pral pote prèv reyalite pa Li an avèk lanmou bay moun ki bò kotew.

*Yon jou, pandan Jezi te kanpe bò lak Jenezarèt la, avèk yon foul moun kite rasable ozalantoul epi ki tap koute pawòl Bondye a, li te wè bò rivaj dlo 2 kannòt, pechè yo te kite la, yo tap lave lafilè yo. Li te moute nan youn nan kannòt sa yo, sa kite pou Simon an, li te mandel poul soti kite bò rivaj yon ti kras. Apre sa, li chita, li tap anseye moun sa yo kite sot nan kannòt la.*

*Lè li te fin pale, li di Simon ‘‘Lage filè yo nan lanmè san fon an.’’*

*Simon te reponn li, ‘‘Mèt, nou te travay di tout nwit lan epi nou pat rive kenbe anyen. Men, paskew di sa, map lage filè yo.’’*

*Lè yo te fin fè sa, yo te pran yon kantite pwason ki tèlman gwo ke filè yo a te kòmanse chire. Alòs, yo te fè lòt patnè yo kite nan lòt kannòt la siy pou yo te vin ede yo, epi yo te rive, yo te plen 2 bato yo byen plen sa ki lakoz yo te kòmanse koule.*

*Lè Simon Pyè te wè bagay sa, li lage kòl ajenou nan pye Jezi, epi li te di, ‘‘Wete kòw bò kote mwen, Senyè; Mwen se yon moun ki konn fè peche!’’ Paske, li menm ansanm avèk tout lòt konpayon li yo te sezi lè yo te pran tout kantite pwason sa yo te pran an, ansanm ak Jak epi Jan, pittit Zebede yo, patnè Simon yo.*

— Lik 5:1-10

Pyè, Jak epi Jan tal lapèch tout nwit lan epi yo pat rive kenbe anyen. Mesye sa yo se pechè ki gen anpil eksperyans kite grandi sou lak la epi kite konnen lak sa byen, men yo te retounen ak men yo vid. Men, se vre, istwa an pat fini la. Jezi prete kannòt Pyè a poul te preche epi apre sa Li te dil poul antre nan dlo san fon sa poul te pran bêt lanmè. Pyè, te yon ti kras sezi, deklarasyon ki di ke yo tal lapèch tout lannwit lan san yo pat pwan okenn pwason, men paske Jezi te di sa, li tap lage filè a. Apre Pyè te lage filè a, Bib lan di li te pran anpil pwason ke filè la te chire, alòs, li te rele lòt patnè li yo pou yo te vin edel. Vèsè a kontinye poul di ke filè patnè li yo te prèske chire tou epi tou 2 bato yo te tèlman plen pwason, yo ta pral koule. Bib lan di, ke pechè sa yo ki gen eksperyans te tèlman sezi lè yo te rive pran pwason jou sa, yo te abandone lapèch epi yo tout tal suiv Jezi.

Istwa sa se youn nan istwa mwen pi renmen nan Bib la paske li montre aklè yon imaj sou diferans ki genyen ant 2 wayòm yo, Wayòm fènwa a ak Wayòm Bondye a. Wayòm fènwa a, dominasyon Satan an, se yon sistèm ki brize, pòv, wal lapèch tout nwit lan epiw pap kenbe anyen, ki plen ak travay ki pote lapenn ak swe jis pouw siviv. Mwen rele sa sistèm madichon sou tè a, akòz rebelyon Adan an, kite konpare ansanm ak bèl imaj Wayòm Bondye a epi bagay sa yo li pwodui. Pran yon ti tan pouw gade byen 2 ekstrèm yo, epi reyalize ke Bondye te ba ou pòt nimewo 2 a, kise Wayòm nan.

Kounye a, chak gress kretyen pral rele byen fò, bat bravo epi di, “Wi, Wayòm Bondye a gran; gade valè pwason yo te kenbe!” Men, pap gen anpil moun ki pral mande kijan Jezi te rive fè yon bagay konsa, epi pifò moun pat konnen ke yo te gentan ba yo otorite ak kapasite pou yo jwi menm nivo pwovizyon sa ke Pyè, Jak ak Jan te jwi jou sa. Repons estanda parapò ak eksplikasyon sou fason Jezi te rive fè bagay sa sa jou sa, se Jezi te kapab fè bagay sa paske li se Jezi. Men fon kanpe la; nou te gentan wè ke Jezi pat kapab geri tout moun nan Mak 6 la paske syèl la pat gen okenn jiridiksyon kote sa. Non, te gen lwa espirityèl Wayòm nan ki tap fonksyone jou sa, sa kite fasilité epi pwodui ke yo te rive henbe tout pwason sa yo.

Men, men sa ki pwoblèm nan. Pifò nan kretyen ke mwen rankontre yo pat menm rive panse ke sa te posib pou yo fè menm bagay ke Jezi te fè a, epi si yo ta rive gen mod panse sa, yo pat gen okenn ide kijan Li te fè yo. Mwen gen yon pwaòl mwe itilize nan konferans mwen yo ki di, siw pa ka anseye yon bagay, ou pap kapab viv bagay sa. Sam vle di a se, siw pa ka defini kijan trapaj sa te rive fèt, ou pap janm kapab kopyel plizyè fwa. Alòs, kijan gwo trape sa te parèt? Èske ou kapab defini li?

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

Siw vle trape kalite siksè sa, wap bezwen konnen kijan pwason sa yo te parèt. Sepandan, pifò moun te choke lè mwen te kòmanse pale konsa. Men, kisa Jezi te di?

*Sa map di nou la, se vre wi: nenpòt moun ki gen lafwa nan mwen ap fè sa mwen te fè a. Li pral fè pi gwo bagay pase bagay sa yo, paske Mwen pral jwenn Papa a.*

— Jan 14:12

Lè Jezi te di ke nou te kapab fè menm zèv Li tap fè yo paske Li ta pral jwenn Papa a, Li tap pale de Sentespri kite gen pou vini sou nou an apre lanmò li ansanm ak rezirèksyon an. Se menm Lespri Sen sa kite vin sou Li bò larivyè Jouden an, kite pèmèt li fè gwo aksyon Bondye yo ke nou wè lè nap suiv ministè li a. Piske nou konnen pouwwa sa te bloke nan Mak 6 la paske moun yo pat gen lafwa, men pouwwa sa pat bloke nan Lik 5 parapò ak pwason an, nou bezwen etidye lwa Wayòm nan pou nou ka detèmine kisa ki anpeche oswa kisa kap fasilitel koule gratis nan Sentespri a nan nenpòt sitiyasyon. Alòs, an nou gade istwa a poun wè si nou ka konprann lwa ak prensip Wayòm nan ke nou kapab idantifye epi aprann de yo.

Kounye a, siw te li premye liv mwen an, ou konnen sa kite pase kote sa espirityèlman lè Pyè te bay Jezi kannòt li an poul te itilize. Bato Pyè a, ansanm ak tout biznis lapèch la kounye a, te chanje wayòm oswa jiridiksyon an! Wi, lè Jezi te pran kannòt la anba ministè pa li a, kannòt Pyè a te vin anba jiridiksyon Wayòm Bondye a. Apre kannòt la te fin vin anba jiridiksyon Wayòm Bondye a, Sentespri a te gen jiridiksyon legal pou telechaje bay Jezi yon Pawòl Konesans sou ki kote lekòl pwason an te ye nan gwo dlo a. Gwo trapaj pwason an se te rezulta yon plan ak estrateji sipènatirèl Lespri Sen an te bay Pyè atravè Jezi jou sa. Mwen rele sa konesans sekrè, epi poutèt sa, Pyè, Jak ansanm avèk Jan te wè pi gwo pwason yo pat janm wè anvan sa. Anreyalite, Bib la te di ke pechè ki gen anpil eksperyans sa yo te sezi.

Mwen kwè ke Jezi vle ou viv yon lavi ak gwo sipriz tou, yon lavi kap fè elòj Wayòm nan ak moun ki bò kotew yo ki pral sezi akoz sa yap wè epi ki pral vin konnen Jezi tou. Mwen kwè ke bato vid nan reliyon yo pap janm atire moun pou vin jwenn Bondye. Bondye vle pou moun yo wè bonte Wayòm Li an pou tout moun kapab wè epi kwè ke Bondye bon epi Li vle resevwa tout moun ki vin jwenn Li. Ezayi te pale de bagay sa lè li te deklare pwofesi sa, ki tap pale de legliz la.

“Yo [ki fè referans ak nou menm] yo pral rele pye bwadchenn ki dwat, yon plant Senyè a palnte pou montre jan li bél” (Izayi 61:3b).

Alòs, ki mesaj mwen vlew pran nan istwa pwason ki nan Lik chapit 5 lan? Byen, gen anpil lwa espirityèl ou kapab pran nan istwa sa, men siw kapab ale jis ak panse sa, li pral chanje lavi ou.

**Nenpòt moun ka pran pwason si Jezi di yo egzakteman ki kote pou yo jete filè yo a!! Oswa, kitem diw sa konsa: Nenpòt moun ka kenbe pwason si Jezi di yo kote pwason yo ye epi kijan pou yo kenbe yo!**

Moun yo di mwen, “Ok, pawòl sa bél, Gary, men Jezi pa la ankò.” Non, men menm Sentespri a kite dil jou sa ki kote pwason yo te ye saentespri sa la jounen jodya epi lap viv nan ou siw se yon kwayan. Koute sa Jezi te di disip Li yo pandan Li tap prepare poul kite yo.

*Tout bagay sa yo mwen tap pale pandanm te toujou la ansanm avèk nou an. Men, Konseye a, Lespri Sen an, ke Papa a pral voye nan non mwen an, pral moutre nou tout bagay epi lap fè nou sonje tout sa mwen te di nou yo. Lapè mwen kite avèk nou an; lapè pam Mwen ban nou an. Mwen pa ban noul menm jan ak lapè mond lan bay la. Pingaw kite kè nou boulvèse epi nou pa bezwen pè.*

— Jan 14:25-27

Kisa lapè Jezi a te ye? Se Lespri Sen an kite dil kijan poul jere tout sitiayson Li te rankontre. Jezi te rele Sentespri a Konseye. Zanmi, Konseye sa a ap viv nan ou epi li pap janm kite ou. Èske wap koute Li? Ou ta dwe dakò ke Bondye pwobableman gen repons lan pou nenpòt sitiayson ou kapab twouvew ladaml lan.

## **JEZI TE RELE SENTESPRI A KONSEYE. ZANMI, KONSEYE SA AP VIV NAN OU EPI LI PAP JANM KITE OU.**

Jezi di ke Konseye sa a kapab anseye nou oswa ba nou konsèy nan tout bagay. Daprè *Strong's Exhaustive Concordance of the Bible* (3875), mo grèk ki tradwi Konseye an la vle di literalman: sila yo konvoke a, oswa sila yo rele bò kote yon lòt moun, espesyalman sila yo rele pou vin èd yon moun. Sa vle di tou sila kap plede koz yon lòt moun devan yon jij, yon avoka defans, yon asistan legal, oswa yon

avoka. Nan yan sans ki pi laj, mo sa vle di yon èd oswa yon moun kap bay èd li, oswa kap asiste yon lòt moun.

Mwen pa konnen anyen de ou, men mwen te kapab itilize yon asistan konsa; ou pap kapab? Sentespri a se te repons pa Pyè a nan moman yo tal lapèch tout nwit lan epi yo pat rive kenbe anyen. Epi Sentespri a se te repons pa mwen lèm pat gen okenn lide ki kote poum te jwenn lajan mwen te bezwen poum soti anba dèt. Apre mwen te fin mete fanmim nan yon dezòd finansye konsa pandan tout ane sa yo, lè mwen te tounen vin jwenn Bondye poum te mandel èd, se Lespri Sen an kite fèm fon rèv yon jou swa poul te montrem poum kite konpayi mwen tap travay la epi poum te kòmanse pwòp konpayi pam nan soti de anyen.

Se te Sentespri a kite dim ke misyon nouvo konpayi sa se te poul deklare bonte Bondye ak ede lòt moun soti anba dèt, sa kite parèt nan epòk sa panse ki pi fou mwen te janm tandem. Mwen menm ki pral ede lòt moun soti anba dèt? Mwen te pitit yon afich de kisa mwen pat dwe fè avèk lajan. Lavi finansye mwen se te yon kochma. Men, se sa Li te di fè, alòs, gras ak lafwa, Drenda ansanm avèk mwen te vin soti epi alabaz li tap di menm bagay ke Pyè te fè a. “Seyè, bagay sa pa fè okenn sans, men paske Ou di sa, nou pral fè sa.” Lè nou te swiv konsèy Sentespri a, nouvo konpayi a te grandi epi li te bay lajan kite pèmèt Drenda ansanm avèk mwen soti anba dèt nèt. Konpayi sa toujou ap fè biznis jouk jounen jodya, 30 lane pita, epi li toujou pwodwi plizyè santèn milye dola pwofî chak ane.

Ey, mwen pa tout entelijan sa epi ni ou menm tou, men Bondye ba nou Sentespri a pou ede nou ak repons sa yo nou bezwen nan lavi. Men, jan nou pral aprann nan liv sa, nou gen pati pa nou pou nou jwe, travay ansanm avèk Sentespri a poun fè sa kise volonte Bondye rive.

Malerezman, dapre eksperyans mwen avèk moun, ta sanble anpil kretyen pa gen repons pou pwoblèm yap fè fas nan lavi yo. Yo jis kontinye ap fè lapèch ak pwòp kapasite yo, epi, apre yo te fin fè lapèch tout nwit lan, yo te toujou vini vid oswa preske vid. Yo pat janm tandem ke Sentespri an te la poul ede yo nan chak sitiyasyon. Byenke pifò kretyen pral di, “Bondye pral edem fè sa oswa yon lòt bagay,” yo pat konprann kijan Lap ede yo, oswa kijan pou yo tandem repons yo bezwen yo. Alòs, anpil moun pa reyalize ke yo dwe travay ansanm avèk Bondye pou akonpli repons yo bezwen yo epitou, yo toujou ap rete tann pou Bondye fè yon bagay parapò ak pwoblèm yo pandan ke repons lan te gentan la anndan yo.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwa Estrateji a

Konsènan lajan, kòm egzanz, gen moun ki pral di ke Bondye pral fèm pwospere. Mwen di, “Byen! Kijan Bondye pral fèw jwenn lajan? Pwemye bagay, yo te ofanse paske mwen tap poze kesyon tankoum tap defye lafwa moun sa yo. Men mwen te pèsiste. “Ki kote lajan sa pral parèt? Kijan Bondye pral potel ba ou?” Lè mwen tap pouse pout te jwenn yon repons, yo pat gen okenn lide. Li nòmal pouw pa konnen anyen pandan yon sezon, men evantyèlman, wap bezwen gen yon repons. Ou pap kapab rekòlte bagay kew pa wè. Sonje sa byen, Jezi te byen presize lè Li te di Pyè ki kote pwason yo te ye, epi Li te menm dil kijan poul te kenbe yo, “Jete filèw la”. San okenn dout, wap bezwen konnen ki kote pouw jete filèw siw pral kenbe pwason.

Paske moun tipikman gen sa mwen rele yon mantalite bwat lèt, yo sèlman ap panse ke Bondye pral jis fè sa, lavi finansye moun sa yo ap rete nan dezòd disfonksyonèl sa pou 10 oswa 20 ane san okenn chanjman. Sa tris. Èske ou vle konnen poukisa yo te rete menm jan an? Se paske yo pat janm anseye yo kijan pou yo peche nan fason pa Sentespri a, nan fason pa Wayòm nan. Yo pat konnen kijan Lespri Sen an tap opere nan domèn tè a pou ede yo reyisi. Yo pat konnen ki wòl yo te dwe jwe epi ki wòl Lespri Sen an ap jwe nan reyisit yo bezwen anpil anpil la.

Se tankou nonm sa mwen te wè jodya pandan manje midi. Li te gwo, petèt 375 liv yo. Li te gen yon braslè nan youn nan janm li yo epi li te gen 2 baton avèk li. Li te kapab apèn deplase. Apre li te fin manje tchizbègè li a, li te mande yon moso tat manba. Mwen te choke lèm tandel ap mande tat sa. Mwen pat fin sèten akisa li tap panse, men li te gen ase tat. Nou te wè sa parèt aklè, epi sa tap touyel. Li tap plede leve sou tab la tou dousman avèk doulè epil te fè wout poul soti nan restoran an. Se konsa mwen wè kretyen yo ap viv jounen jodya—yap tande pwomès yo men yo kontinye ap manje pwazon epi apre sa yap mande poukisa bagay yo pap mache.

Zanmi pam, ou gen repons lan! Sentespri a, Bondye li menm, ap viv nan ou poul

**SENTESPRI A, BONDYE LI  
MENM, AP VIV NAN OU POUL  
BAW NENPÒT REPOSNS OU  
KAPAB GEN BEZWEN KONNEN.**

kote yo ye a, vann aksyon pa yo a oswa achte aksyon. Lespri Sen ki nan ou an gen repons yo. Yon fwa ankò, se sa ki objektif liv la, poun aprann kijan Lespri Sen an ede nou ak ki fason Wayòm nan fonksyone anrapò lèn tande vwa Sentespri a.

baw nenpòt repons ou kapab gen bezwen konnen. Gen moun ki konn mnde mwen si yo ta dwe marye avèk Susan oubyen ak Sally, si yo ta dwe pran travay sa oubyen lòt travay sa pito, si yo ta dwe deplase oubyen rete

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

Alòs, kitem fon revizyon.

**Nenpòt moun ka kenbe pwason si Jezi di yo ki kote yo ye ak kijan yo kapab kenbe yo, menm ou menm tou!**

Karòl eksplike nan imèl sa kijan lavi li te chanje.

*Ane pase, nan dat sa jounen jodya, mwen te achte kado Nwèl avèk kat kredi, sa kite lakoz nou te rive nan limit lan paske mwen pat gen okenn lajan poum te achte kado pou pitit fi mwen an, kite toujou kwè nan Pè Nowèl. Mwen tap viv nan enkyetid epi tristès ki pat janm fini, epi mwen te ekri Pastè Gary poum dil ke semans sa li te simen an pat mache, ke pat gen anyen kite rive; avèk anpil pasyans li te reponn mwen poum te rete tann, ke rekòt la ap pran tan poul rive epitou, anjeneral li pat rive jou apre a.*

*Kounye a jounen jodi a, yon ane apre, mwen achte kado pou tout fanmi mwen avèk lajan kach. Map achte kado ki koute \$300 oswa \$400, epi map onore kèk moun kite edem nan moman difisil sa yo. Ane pase a, mwen te rete nan yon chanm ki nan yon sousòl kay ke kèk zanmi te pèmèt mwen rete ladaml pou kèk mwa. Mwen pat menm gen lajan poum manje oswa poum te achte gazolin. Men koulye a, mwen rete nan yon bél apatman ki anpenpan, epi frijidè mwen an plen ak manje.*

*3 Desanm se te anivèsè nesans pitit fi mwen an, epi nou te mennenl nan Hershey Park ki nan Pennsylvania. Nou te envite pi bon zanmi li an epi nou te rete nan Otèl Hershey la, epi nou te peye tout bagay kach. Apre sa, mwen te kapab achte pou li yon gwo kado kite koutem plis pase \$400, pandan ane pase yon moun te imilyem nan banm \$30 poum te selebre anivèsè nesans pitit fi mwen an.*

*Mwen pa ka menm rive ekri pòs sa sanm pa kriye. Mwen trè rekonesan anvè Pastè Gary ansanm aveèk madam li, Drenda. Ane sa se te pi bon ane nan lavi mwen. Bagay Bondye fè nan lavim yo se bél bagay. Mwen kapab ekri yon liv ak tout istwa mwen yo. Mèsi paskew aprann mwen ke mwen kapab viv syèl la sou tè a.*

Imèl sa se youn nan istwa ki pi etonan sou Wayòm nan ke mwen te tandé; li soti nan yon lokalite ki rele Sharon nan vil Michigan.

*Pastè Gary, map ekri memo sa yo non marim ansanm avèk pwòp tèt mwen. Mwen jis vle diw mèsi paske ou menm ansanm avèk madanm ou se yon enspirasyon total pou nou. Nou te tandé pale de ou sou Sid Roth sa ka gen 3 oswa 4 ane konsa. Nou tap pase yon moman ki difisil anpil. Yo te revoke marim nan travay li apre 18 lane, epi nou te fenk fin bati yon kay pou \$280,000 lè sa te rive. Nou te anba dèt jouk nan kou epi nou estrèse.*

*Nou te achte CD ou yo, epi nou te lese nou ale atravè yo. Nou te aprann kijan dèt la kapab tèlman paralize epi afekte santew ak laviw drastikman. Nou pat wè ki fason poun te soti. Malgré ke nou pat kapab bay yon peman sou nouvo kay nou an, nou te rete ladan pou 2 ane anvan nou te oblige kitel. Se te yon benediksyon nan li menm.*

*Men, poum fè yon istwa long vin kout, marim te vin jwenn ansyen travay li ankò apre 4 ane paske li te rete nan lafwa epi kwè nan pwomès Bondye yo, avèk ou menm epi madanm ou kite ede nou atravè CD nou tap koute yo. Marim nan te rejwenn ansyen travay li an plis tout 4 ane salè li pat la yo! Pat gen okenn avoka oswa anyen legal kite enplike. Li te resevwa tou tout tan vakans li pou 4 ane sa yo. An reyalite, lè yo te fin anbochel ankò a, premye bagay yo te mandel fè se te poul tale nan vakans! Ok, nou te vin kapab peye ak lajan kach pou yon kay ki pi bon pase kay sa nou te pèdi ak salè li te konn resevwa. Mèsi pou tout saw fè.*

Se Andrew ki ekri sa nan vil Missouri:

*Sa gen 2 lane nan mwa Me, mwen te nan yon andwa ki difisil. Mwen pat gen kè kontan nan pwemye travay an epi mwen te aksepte yon nouvo pozisyon nan lavant andeyò. Pèseptè bòdwo yo tap rele, mwen te apèn gen ase lajan poum achte gaz oswa manje, fen mwa a tap rive, epi lwaye a tap monte byen vit. Sa MWEN TE genyen, sepandan, se te yon pil CD Gary nan seri Revolisyon 2.0. Yon jou, mwen te chita nan yon sèvis epi mwen te vle simen, men mwen te gen sèlman \$23 sou non mwen epi mwen*

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

*te apèn gen ase lajan poum fèm semèn nan. Travay mwen pa tap byen mache, epi mwen tap fè Bondye konnen ke mwen te vle simen, men mwen jis pat gen lajan. Mwen te tande yon vwa ki soti anndan mwen kap di ke mwen (Bondye) kapab fè plis avèk \$23 sa ke saw kapab fè. Bondye te aji avèm poum simen \$20 epi fè Li konfyans pou yon bon retou.*

*Jou jedi sa, mwen tap ede nan kont yon lòt moun ke yo tap fè sèvis. Mwen te vle ede menm si mwen pat resevwa anpil nan anyen, menm si nou te vann nenpòt pwodwi yo. Apre jounen an te fini, sipèvizè mwen an te di ke li te apresye èd la ke mwen tap kapab gen tout lavant kite fèt yo pou jounen sa (bagay sa pat sèlman rive sou komisyon lavant, nan ka ou tap pze tèt ou kesyon sa). Devine kisa? Pwofi total ke mwen ta pral resevwa se te... \$2,000!!! YON RETOUR 100-PLYE nan mwens ke yon semèn!*

*Bondye vrèman fidèl, epi ti kras se anpil lè Bondye ladan li. Depi lè sa, mwen te dilijan poum bay ladim mwen ansanm ak ofrann mwen yo avèk yon atitud kè kontan epi mwen espere kwasans.*

*Kèk mwa apre sa te fin rive, mwen te beni ak yon nouvo pozisyon kite EGZAKTEMAN sa mwen te simen pou li a. Mwen te soti nan grate santi poum rive nan 4 fwa plis lajan map antre jis nan yon peryòd 2 lane. Lwanj pou Bondye, epi li jwenn tout glwa Li. Lwanj sou kote: Bank lan pat posede machin mwen an ankò, epi mwen tap kondwi yon machin tou-nèf KITE GENTAN PAYE!!!*

Men yon rapò louwanj ki soti nan peyi Kore:

*Chè Pastè Gary,*

*Mwen tap viv yon vi san objektif, epi mwen pat kapab peye anyen poukout mwen. Mwen te konn viv gas ak sibvansyon, epi lè moun te bouke edem, sèl espwa mwen se te jwenn yon sache pen ak yon boutèy kola. Se te tout sa mwen te kapab peye pou tèt mwen ansanm ak 2 timoun mwen yo te manje. Mwen pat kapab peye lwaye nou an oswa bòdwo nou yo. Map sonje toujou lè mwen te premye gade yon sèvis difizyon andirèk nan*

*Legliz Viv Lafwa. Mwen te esplike pastèw ki sou entènèt la kijan sityasyon mwen an pat bon, epi tout sa li te dim se te, mwen te bezwen mande Bondye poul montrem ki jan ak ki kote poum fè lapèch menm jan li te montre Pyè lè li te gen taks poul te peye a. Poum fè istwa long sa vin kout, kounye a mwen posede yon restoran Afriken ak yon kwafè, tout bagay sa yo te rive paske mwen te koute ansèyman Pastè Gary yo. Tout lwanj mwen se pou Bondye!*

Sa yo se te kèk bèl istwa! Men, ou gendwa ap di, "Se bon bagay, Gary. Asirew, ke bagay yo tap byen mache pou lòt moun men se pat pou mwen." Ok, istwa paw lan pat fini! Kitem mandew sa. Pandanw chita wap li chapit sa, èskew dezespereman kenbe chèz ou a avèk anpil perèz pouw kapab flote? Non, ou pap fè sa. Poukisa? Paske ou konprann lwa gravite a, epi ou konnen ke li travay menm jan pou tout moun. Ebyen, Wayòm Bondye a ap travay menm jan an. Ou kapab aprann lwa sa yo. Ou ka aprann tandem estrateji inik sa yo ki pral fè laviw tounen yon istwa nan pouvwa Bondye a. Nou te gentan etabli verite ke se konesans ansanm avèk èd Sentespri a kite fè istwa sa yo pase. Alòs, an nou kòmanse vwayaj nou an ak yon revizyon sou kèk prensip debaz Sentespri, apre sa, nou pral antre nan gwo detay nan tandem estrateji sa yo ke nou bezwen.



# CHAPIT 4

## BAZ YO: PA KITE LAKAY OU SAN BAGAY SA.

Siw pral mennen yon lavi ranpli avèk estrateji Sentespri a ak viktwa yo ke Sentespri a ap dirije, anpremye, ou bezwen pouw fèt yon lòt fwa ankò epi apre sa, dezyèmman, batize nan Sentespri a. Wi, bagay sa yo se 2 travay konplètman diferan nan menm Lespri a. Si sa se yon bagay ki totalman etranj pou ou, sa nòmal. Mwen pral palew de bagay sa yo. Men, kitem antre dwat nan pwen an, Jezi te di sa enpòtan anpil poun gen batèm Sentespri a ke Li te menm rive di ou pa ta dwe kite lakay ou san batèm lan! Yon fwa ankò, se pa mwen kite di sa; se Jezi kite fè sa nan Travay 1:4-5.

*Pa kite Jerizalèm, men rete tann kado Papam te pwomèt la, sa nou te tandem tap pale de li a. Paske, Jan te batize avèk dlo, men nan kèk jou ankò ou pral reservwa batèm Lespri Sen an.*

— Travay 1:4b-5

*Men, wap reservwa pouvwa lè Lespri Sen an desann sou ou; epi nap vin tounen temwen mwen.*

— Travay 1:8

Gade byen Jezi te di, “Pingaw kite lakay ou san bagay sa—son bagay ki esansyèl!” Alabaz, li tap di, “Ou bezwen pouvwa sa pouw fè travay Bondye a, pouw vin yon temwen Wayòm nan. Poutan jounen jodya, gen anpil kretyen ki pot ko tandé pale de Batèm Sentespri a oswa ki pot ko fè eksperyans avèk li, anpil kretyen kite grandi anndan legliz men ki pot ko janm tandé pale de nesesite pou Batèm Sentespri a. Oswa yo te grandi nan legliz epi yo te di yo ke batèm lan se pat pou jounen jodya, ke mirak yo se te bagay pase.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

Mwen te grandi nan yon legliz konsa epi mwen pat janm tandé pale de Batèm Sentespri a. Mwen jwenn anpil imèl nan men moun toupatou nan mond lan ki pot ko tandé pale de verite pwisan sa menm jan an tou. Anpil nan imèl mwen resevwa yo kesyone validite kado sa pou jounen jodya, se poutèt sa mwen te pran tan poum mete sou papye verite sa konsènan Batèm Sentespri a.

Mwen kwè ke Bib lan pale aklè konsènan domèn sa, epi mwen vle kite Bib lan pale pou pwòp tèt li. Li pral reponn tout kesyonw yo. Men, anvan, mwen vle ba ou kèk enfòmasyon sou fason mwen te dekouvri verite a sou Batèm Sentespri a.

Lè mwen te pi piti, mwen te grangou pou Bondye (mwen toujou grangou, byenke mwen pi gran kounyea), epi mwen tale nan yon legliz denominasyonèl. Nou te ale nan woutin relije nòmal yo yon dimanch maten. Petèt, ou konn fè sa tou. Mwen sonje yon kouplè nan kantik ki tap chante yo nan yon moman silans pandan meditasyon an. Nou te toujou konn ap site Priyè Senyè a, epi answit pastè a te bay yon prèch, yon kantik final, epi benediksyon an. Chak sèvis yo te fini nan menm fason an.

Moun kite la yo se te bèle bagay epitou, wi, yo te renmen Bondye toutbon vre. Men, mwen pat janm vrèman wè reyalite Levanjil la. Mwen pat wè lavi moun sa yo ki tap chanje dramatikman oswa moun ki tap geri gras ak pouwwa Bondye a. Map panse ke mwen te kapab di mwen pat wè anpil demonstrasyon Wayòm Bondye a kote sa.

Alòs, nan legliz sa mwen te grangou pou Bondye, 18 lane, epi mwen tap jere boutik pitza papa mwen an. Yon jou swa, yon nèg te antre nan boutik pitza a epi li envitem nan yon sèvis renesans. Sèvis sa tap fèt nan yon ti legliz Metodis nan vil mwen an, epi oratè yo te envite a se te yon evanjelis kite pale sou Jezi ki tap kontinye fè menm bagay yo jounen jodya menm jan Li te konn fè nan Bib la.

Kounye a, bagay sa te atire atansyonm paske mwen te vle wè bagay sa yo tou. Yon gwoup nan zanmim yo tal asiste legliz sa, alòs mwen te deside vizite renesans lan tou. Byenke mwen pat tandé pale de Batèm Sentespri a nan jou swa sa, prezans Bondye nan sèvis la te touchem anpil. Zanmim yo kite vini nan legliz sa te ankourajem poum te retounen yon jou dimanch, sa mwen te fè. Mwen te renmen legliz la epi mwen te fè legliz sa tounen, yon nouvo lakay pou mwen.

Kèk semèn apre renesans lan, mwen te rankontre yon gwoup fanm kite konn vin nan legliz la tou epi kite konn òganize yon etid biblik chak semèn tou. Yo tap pale de yon bagay ki rele Batèm Sentespri a, kado Lespri a, ak plizyè lòt bagay mwen pat

## BAZ YO: PA KITE LAKAY OU SAN BAGAY SA

janm tandem pale de yo anvan sa. Mwen te tèlman anvi tandem pale de pouvwa sa ke yo tap pale a, mwen te mande yo si mwen te kapab vini nan etid biblik medam yo. Etid Labib yo te konn fèt nan maten, piske mwen t e konn travay chak aswè nan boutik pitza a, mwen te deside ale.

Lè mwen te rive, mwen te vin dekouvrir ke mwen se te sèl gress gason kite nan espas la epi mwen te sèl gress moun tou kite gen 18-tan, men sa pat yon pwoblèm pou mwen. Mwen te ale nan etid Labib paske mwen te grangou pou Bondye. Mwen tap poze anpil kesyon.

Medam yo te tèlman pasyan ansanm avèk mwen, yo te menenm atravè vèsè yo epi yo te montrem nan *pwòp Bib* pa mwen an ke batèm Sentespri a te pou jounen jodya epitou ke pouvwa Bondye a disponib jodya, menm jan li te ye lè Jezi tap mache sou tè a. Pi bon pati a, se lè yo te di ke se te pou *tout kwayan-se* te pou nenpòt moun kite a mande.

Aprem te fin asiste etid biblik yo pandan 2 semèn, yo te dim gen yon ministè nasyonal ki rele Women's Aglow ki tap organize yon reyinyon nan tout vil la. Women's Aglow se yon òganizasyon kap anseye anpil bagay sou Batèm Sentespri a epi òganizasyon sa la toujou. Medam sa yo te planifye pou yo te ale, epi yo te envitem ale ansanm avèk yo. Nan epòk sa yo, moun ki soti nan tout denominasyon yo tap rasanble pou tandem pale epi jwi batèm lan ki, nan pwen sa, te sitou sèlman pale nan legliz pannkotis yo. Se te jou sa yo ke anpil moun rele Renouvèlman Karismatik, kote ansèyman Sentespri a te travèse tout liy denominasyon yo.

Lè mwen te fin asiste reyinyon Women's Aglow a, mwen te wè plizyè santèn dam kite rasanble. Yon fwa ankò, mwen te fè pati minorite a kòm gason, men te gen prezans Bondye nan chanm sa ke tout moun te kapab wè1 aklè.

Mwen te sezi lè te gen moun ki tap pale de jan yo te jwenn gerizon, epi mwen te sezi tou poum wè kèk moun ki tap priye pou yo te tonbe atè. Sa se te yon bagay mwen pat janm wè anvan sa, mwen te kirye epim te yon ti kras twouble tou. Mwen te vin aprann ke moun kite la yo rele aksyon sa mouri nan Lespri a. Malgré nan domèn natirèl la aksyon sa te sanble yon ti kras etranj pou mwen, ta sanble ke moun kite fè eksperyans sa yo te leve ak kè kontan epi san ankenn dout Bondye te touche yo. Nan pita, mwen te vin aprann de medam sa yo ke lachè nou pap kapab kenbe pouvwa Bondye a epi sa ki anvanyi pafwa pa sa yo te rele "onksyon an".

Yo te montrem kote sa te rive nan pwòp ministè pa Jezi a. Nan Jan 18:4b-6, lè sòlda yo te vin chache Jezi pou yo te arete Li, Jezi te mande,

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

*“Kiyès moun ou vle?” Yo te reponn li, “Jezi, moun Nazarèt la”. Jezi te di, “Se mwen menm,” Se sa Jezi te di... Apre Jezi te fin di, “Se mwen menm,” yo te fè bak epi yo tonbe atè.*

Pandan adorasyon an, tout medam kite bò kotem yo te eksite anpil, epi mwen te tande anpil moun bò kotem lan ki tap pale epi fè lwanj pou Bondye nan lòt lang. Tout eksperyans sa te novo anpil pou mwen ke pandan pifò tan nan reyinyon an mwen te jis te kanpe ap tranble. Malgre ke te gen anpil aspè nan reyinyon an kite yon ti kras etranj pou mwen, mwen pat kapab nye prezans enkwayab epi tanjib Bondye. Mwen te tèlman eksite poum te jwenn reyalite Levanjil la, pouwva Bondye a, te toujou ap fonksyone sou tè a, menm jan ak sa li di nan Bib la.

Jou sa, oratè a te mande nenpòt moun lan kite vle resevwa kado Sentespri a pou yo te vin devan poul lapriyè pou yo nan fen reyinyon an. Alòs, mwen te avanse devan pou medam yo te priye ansanm avèk mwen. Pandan yo tap lapriyè a, mwen te vin ranpli pandan prezans Bondye a tap vin pi fò toujou. Pandan mwen tap pwodwi nan prezans Li, mwen te sezi tande tèt mwen kounya kite kòmanse ap priye nan Sentespri a, epi pale pawòl mwen pat konprann. Mwen tap priye nan lang pou yon ti tan jou swa sa. Mwen te tèlman akable akoz eksperyans sa, mwen te vle di tout moun ke mwen te rankontre sa kite rivem lan! Men, lè mwen te pataje eksperyans sa avèk zanmi mwen yo nan legliz la, yo pat twò eksite. Anjeneral, yo tap di ke lang yo se te afè dyab la, oswa ke se te bagay pase. Yo te avètim poum te rete lwen Woulo Sen sa yo!

Nan epòk sa yo, legliz yo pat ouvri pou kado Lespri a, epi doktrin kite genyen an se te ke mirak yo se bagay pase ansanm ak apot yo. Men koulye a, mwen te vin konprann ke pouwva Bondye a pat pase mòd ditou!

Jis anvan evènman Women's Aglow a te fèt, yo te metem responsab jèn yo nan ti legliz Metodis la. Yo pat vreman mandem anpil eksepte ke nou tap gen yon reyinyon ak jèn yo chak dimanch swa nan sousòl legliz la. Anjeneral nou tap jis jwe kèk jwèt, gen manje ak bewè, epi tap gen yon brèf etid Labib. Mwen te jis yon jèn pou pwòp tèt pam, men mwen te wè ke mwen te gen yon zèl pou bagay Bondye yo epi mwen te dispoze poum te ede.

Anjeneral te gen anviwon 15 timoun nan gwoup la, epi apre eksperyans mwen an jou sa nan reyinyon Women's Aglow a, mwen te vle pale ak yo sou Batèm Sentespri a ke mwen te fè eksperyans lan. Mwen te reyalize ke, menm jan avèk mwen, pifò

## BAZ YO: PA KITE LAKAY OU SAN BAGAY SA

nan yo pat menm konn tandé pale de eksperyans sa, epi mwen te gentan konnen ke yo pa ta pral tandé pale de sa tou pandan sèvis dimanch maten yo nan legliz patikilye sa.

Anvan mwen diw sa kite vin pase apre, mwen panse mwen ta dwe ba ou yon opdet byen rapid sou mod-panse mwen nan epòk la. Mwen pat jwenn pèmisyon pastè a poum te pale sou bagay sa yo ansanm avèk jèn yo. (Kounye a mwen te reyalize ke mwen ta sipoze genyen.) Mwen pat di pastè a tou kisa kite rivem lan.

Mwen pa tap eseye mache nan rebelyon kont legliz mwen an, epi mwen pa tap eseye ale bò kote pastè mwen an tou. Mwen te jis eksite. Nan epòk sa, mwen reyèlman pat konprann konfli sa parapò ak sijè sa, epi mwen sètènman pat panse ke pastè a ta pral kont mod panse sa tou.

Dimanch swa aprem te fin resevwa batèm Sentespri a, mwen te planifye poum te rakonte jèn yo sa kite rivem lan, epi mwen te montre yo kèk nan Vèsè kite pale de sa nan liv Travay la. Nou te jis chita atè nan sousòl legliz la nan yon sèk lè mwen tap pataje eksperyans mwen an ansanm ak yo epi mwen te ale nan kèk Vèsè sa yo ki verifye eksperyans lan.

Jou aswè sa anpatikilye, pastè a te vini nan reyinyon an epi li te chita sou bò gòch mwen pandanm tap pataje eksperyans lan. Mwen pat gen ankenn panse ke pastè mwen an te la. Kòm pastèm, mwen te panse li te gentan konnen tout bagay sa yo ke mwen ta pral pataje yo de tout fason.

Alòs, mwen te pataje ansanm avèk yo sa kite pase nan reyinyon mwen te ale a epitou bagay sa yo ke mwen te wè. Mwen pat vreman antre nan twòp detay konsènan pale nan lang yo. Olye sa, mwen te konsantre atansyon mwen sou Travay 1:9 kote li di, nou pral resevwa *pouvwa* lè Sentespri a vini sou nou poun sa vin yon temwen pou Bondye. Nan fen reyinyon an, mwen vreman pat konnen kijan poum te fini lesson mwen an, alòs mwen te jis mande timoun yo leve men yo anlè si yo te vle resevwa batèm Sentespri a.

Mwen pat konnen kisa poum te fè nan pwen sa. Sa mwen vle di, mwen pat janm wè pyès minis ki tap pale ak lòt moun konsènan Batèm Sentespri a sof sa mwen te wè nan reyinyon Women's Aglow la. Mwen panse kem te petèt konnen sèlman 2 oswa 3 vèsè kite fè referans ak bagay sa yo nan epòk sa.

Alòs, mwen te jis di, "Siw ta renmen resevwa kado Sentespri a gratis, jis leve menw, an nou bese tèt nou epi lapriyè." Se vrèman tout sa mwen te di. Mwen pat manyen yo oswa antrene yo sou kòman pou yo resevwa Sentespri a. Nou te bese tèt

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

nou epi nou te lapriyè. Se vre, nou te fèmen zye nou poun lapriyè tankou tout “bon” kretyen konfesyonèl yo te konn anseye.

Pandanm te chita la aprem te fin di pawòl sa “Amèn,” mwen te kòmanse tandem kék ajitasyon nan mitan timoun yo. Mwen te louvri zyem epim te wè ke kék nan timoun yo tap kriye, gen kék ki tap tranble, epi 7 timoun te kòmanse pale lòt lang. Pandan yo te kòmanse pale nan lòt lang, mwen te wè yon limyè kite pi etranj sou figi yo. Yo te limen tankou anpoul! Mwen te choke!

Pastè mwen an, ki pat janm di anyen jiskaske nou te rive pwen sa, byen rapid te frapem sou zepòl epi li te mande si li te kapab pale ansanm avèk mwen touswit. Nou te mache antre nan chann kite tou pre nou an, epi li te gadem nan zye epi li di, “Sa se bagay dyab la. Ou pap ka rete kòm lidè jèn yo isit la ankò. Nou pap gen bagay sa isit lan.”

Mwen te panse, *Kijan ou kapab di ke se bagay pa dyab la? Mwen vle dil, gade timoun sa yo! Yap klere!* Ou te kapab wè onksyon an sou yo fizikman. Se vre, mwen pat menm konnen kisa mo onksyon an te ye nan epòk sa. Mwen te jis konnen ke yo tap limen, epitou mwen pat manyen yo oswa di yo kijan pou yo te aji. Sityasyon sa te dekourajan epi twoub anpil mwen poum te wè kòman pastè mwen an tap reprimandem nan fason sa, epi mwen pat konnen kisa poum te fè.

Dimanch kite vin apre an, mwen te retounen nan legliz la, men olye mwen te chita devan legliz la kotem te konn abitye chita a, mwen te chita jis dèyè. Mwen te gentan konnen mwen menm ansanm avèk pastè a pat nan yon bon pozisyon akòz reyinyon mwen gen ak jèn sa yo, epi mwen te panse se tap yon bon bagay pou mwen sim ta fè pwofil ba pandan yon ti tan, jiskaske mwen konprann pi byen bagay yo.

Pandan sèvis dimanch maten sa, te vin gen moman silans abityèl pou meditasyon an. Se te yon moman ki gen anpil respè epi ki frankil pou lapriyè nan legliz mwen an. Tèt tout moun te bese, epi pat gen okenn ti bri nan legliz la. Ou tap kapab tandem yon peny ki sot tonbe. Se nan moman sa mwen te santi yon moun kite tapem sou zepòl. Mwen te nan denye pwent dèyè nèt, epi ta sanble te gen yon moun kite kanpe nan koulwa a epi frapem sou zepòl.

Okòmansman, mwen te choke paske mwen te panse ke te gen yon moun ki tap mache pandan yon moman frankil ke yo mete apa pou lapriyè. Lè mwen te leve tèt mwen poum gade, mwen te sezi wè se te youn nan timoun yo kite nan reyinyon sa kem tap fè ak jèn yo yon semèn anvan sa. Mwen te konnen tou ke se te youn nan 7

## BAZ YO: PA KITE LAKAY OU SAN BAGAY SA

timoun sa yo kite resevwa batèm Lespri Sen an jou lannwit sa. Li te gadem epi li di, “*Ann ale!*” Mwen tap panse, *Ann ale? Ann ale ki kote?*

Sa kite etonem, timoun sa tap klere menm jan li te klere jou swa sa li te resevwa Lespri Sen an, epi mwen te gentan konnen Bondye ta pral fè yon bagay. Men, mwen pat sèten parapò ak lè a oswa ki kote li ta pral fè nenpòt bagay la paske mwen te gentan nan pwoblèm ansanm avèk pastè a. Mwen te konnen tou ke nou pa tap kapab jis fè nenpòt sa nou te vle a nan legliz la yon dimanch maten. Se lè sa li te di, “Mwen’ pral priye pou manmanm.”

Kounye a, mwen te kòmanse konprann sa ki tap pase a. Mwen te rekonèt manman li. Se te yon dam ki mens epi li te malad pandan yon peryòd ki long anpil. Li te gen 5 vètèb nan do li kite deteryore, epi sèl gress espwa doktè te ba yo se te fè yo fè yon sèl. Operasyon sa te grav anpil, epi zanmim nan se te sèl gress ptit li. Se vre, li te enkyè pou manmanl.

Apre li te fin resevwa batèm Sentespri a, li te santil sèten ke Jezi tap geri manman an. Alòs, lè li te dim, “*Ann ale a,*” mwen te panse ke li te pral moute epi mete menl sou manmanl epi priye pou li tou dousman. Men, se pat sa ke li te fè. Li te pwoche bò kote manmanl, li pranl fèl soti dèyè a, li pase devan legliz la avèk li.

Li te chita sou manmanl epi li te kòmanse priye pou li byen fò nan lòt lang. Koulye a, sonje byen ke, tout bagay sa yo tap fèt pandan moman “silans” meditasyon an, ki pat gen tout silans sa ankò. Mwen te choke! Apre sa, li tounen vin jwenn mwen epi li dim, “eksplike sa kap pase a.”

Kounye a mwen te konprann poukisa li te fèm vini ansanm avèk li a. Li te konnen ke se mwen menm kite palel de Batèm Sentespri a, alòs li te panse ke mwen tap kapab di kongregasyon an kèk bagay sou sa apre yo te fin tandel kap priye nan lòt lang pou manmanl.

Alòs, mwen te kanpe devan kongregasyon an kòm pòtpawòl li, epi li tap priye pou manmanl nan lòt lang. Mwen vreman pat konnen ki sa poum di, espesyalman paske pastè mwen an te chita la ap gade mwen. Senpleman, mwen te di kongregasyon an ke manmanl te malad epitou zanmi an tap priye pou li nan yon lòt lang, lang sa yo nan Bib la. Men ou konnen yon bagay? Menm moman an manman an te geri jou maten sa nan legliz la!

Aksyon sa se te lafwa yon pitit gason ki pat vrèman bay sa moun pral panse de li paskel tap priye regle anyen pou li. Li te konvenki ke Lespri Sen an te vivan epitou li te kapab geri manmanl. Menmsi manman an te geri menm moman an, legliz lan

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

pat resevwa li. Reyalite a, anpil nan yo te vin jwenn mwen apre sa epi yo te dim, “Ok, sa pat deranjem ke li te priye pou manmanl, men lang sa yo, nou pap ka jere bagay lang sa.” Ok, mwen ka garantiw ke dyab lan rayi bagay lang yo tou, epitou mwen espere edew konprann poukisa Satan rayi lang yo, anvan liv sa fini.

Petèt ou te grandi nan yon legliz kote lang ak kado Lespri a pat konn pratike. Oswa petèt ou te grandi kote yo tap anseyew ke pale an lang se pa pou jounen jodya oswa yo se bagay ki gentan pase. Kesyon sa yo pa difisil pou reponn. Bib la klè sou sijè sa a. Alòs, ann pran yon bon ti tan poun gade atravè Pawòl la epi chèche konnen verite a sou Batèm Sentespri a. An nou tounen nan vèsè nou te li nan kòmansman chapit sa.

*Pa kite Jerizalèm, men tann kado Papam te pwomèt la, kado nou te tandem ap pale a. Paske, Jan te batize nan dlo, men nan kèk jou ou pral resevwa batèm Lespri Sen an.*

Travay 1:4b-5

**“PAWÒL MWEN DI  
NOU YO PA SÈLMAN  
POU MWEN.  
OKONTRÈ, SE PAPA A  
KAP VIV NAN MWEN,  
KAP FÈ TRAVAY LI.”**  
—JAN 14:10B

Gen plizyè pwen enpòtan nou kapab wè nan vèsè sa:

1. Batèm Sentespri a diferan de batèm ki fèt nan dlo a.
2. Jezi te di ke sa te enpòtan anpil. An reyalite, Li te fè sa parèt aklè ke ou pa tap kapab fè anyen san batèm lan.

Sonje byen, Jezi te fenk di disip yo, pou yo te ale preche Levanjil la bay tout nasyon yo, men yo pa tap kapab demontre oswa verifye Wayòm syèl la san batèm sa. Alòs, Li te di, “Rete kanpe la jiskaske ou resevwa pouwva sa.”

*Men, wap resevwa pouwva lè Lespri Sen an desann sou ou; Nap sèvim temwen nan lavil Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan Samari, ak nan dènye bout latè.*

— Travay 1:8

*Pouvwa!* Mo grèk ki itilize pou *pouvwa* nan pati sa se *dunamis* epi se kote sa nou

jwenn mo pa nou an pou dinamit. Alòs, nou wè pouvwa Bondye a ki vini sou nou poul kapab fè travay Li yo. Byen bonè nan ministè Jezi a, li te mansyone pouvwa a, oswa onksyon Li an ki tap opere anba, ki soti nan Papal.

*“Pawòl mwen di nou yo pa sèlman pou mwen. Okontré, se papa a kap viv nan mwen, kap fè travay li.”*( Jan 14:10b ).

*‘Map di nou laverite, Ptit la pa kapab fè anyen poukout li’*” (Jan 5:19).

Ou wè sa, Jezi te bezwen pouvwa sa nan Lespri Bondye a menm. Mo *onksyon* an vle di “aplike nan”. Jezi te resevwa onksyon sa bò larivyè Jouden an nan men Papal lè Lespri Sen an te vin sou li sou fòm yon pijon.

Se sèlman apre Jezi te fin resevwa onksyon sa ke li te vin kapab fè travay Wayòm nan. Si *Jezi* te bezwen pouvwa sa, nou menm nou bezwen li tou! Pouvwa sa pral temwaye (oswa bay temwen) atravè demonstrasyon ke Bondye reyèl pou sila sa yo ki pa konnen Li.

Bib la di nou tou ke nap resevwa pouvwa a lè Sentespri a **VINI SOU NOU**, se pa lè Li vini anndanw tankou lèw tap fèt yon dezyèm fwa.

Anpil moun twouble lè nap pale de batèm Sentespri a, yo panse ke yo te gentan resevwa Sentespri a lè yo te aksepte Kris. Verite a se, yo *te* resevwa Lespri Sen an lè yo te resevwa Kris. Lespri Sen an te fè lespri moun sa yo vivan pou Bondye epi fon sèl avèk Bondye.

Nou vivan pou Bondye gras ak pouvwa Lespri Sen an ki anndan nou apre nou te fin fèt yon dezyèm fwa. Men, gade byen ke Vèsè sa di ke se lè Sentespri a vini sou nou. Sa se yon reyalite enpòtan ke nou pral pale plis sa pita nan liv sa: fèt yon dezym fwa epi yo te resevwa onksyon an oswa resevwa batèm Sentespri a se 2 evènman diferan. Nou kapab jwenn yon pi bon konpreyansyon sou sa si ta nou gade nan Jan 20:21-22.

*Jezi te di ankò: “Lapè avèk nou! Jan Papa a te voyem nan, Map voye nou.” Apre sa, li soufle sou yo, epi Li te di, ‘Resevwa Sentespri a.’*

Nou wè nan pati sa ke apre rezirèksyon Jezi a, pandan Li tap salye disip Li yo epi Li soufle sou yo apre sa Li di yo pou yo resevwa Lespri Sen an. Se moman sa ke yo fèt yon dezyèm fwa epi lespri yo te vin vivan nan Bondye anndan yo. Men, Jezi di

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

yo pou yo tann Batèm Sentespri a, ki ta pral vini sou yo nan yon jou apre.

Si yo te gentan resevwa tout Lespri Sen an lè Jezi te soufle sou yo a, poukisa Li tap di yo pou yo te rete Jerizalèm jiskaske yo te resevwa Lespri Sen an yo pwomèt ki ta pral vini sou yo? Yon fwa ankò, bagay sa yo se 2 evènman diferan ak 2 fonksyon diferan, men se menm Lespri a. Epitou, jan mwen te gentan di a, mwen vle fèw wè ke Jezi te dwe resevwa batèm Sentespri a poul te kapab antre ak poul te kapab efikas nan ministè pa Li an tou. Anvan Jezi te batize nan Sentespri a, pat gen okenn rejis sou Li kite fè menm yon sèl gress mirak. Èske Jezi te miltipliye pen sou tab la lè Li tap grandi? Èske Li te fè mirak lè Li te yon ti bebe? Èske li te konn miltipliye manje tibebe Li yo lè Li te fini paske Li te grangou toujou? Non! Li pat konn fè sa. Poukisa li pat fè? Repons senp epi ki onèt la se: Li *pat kapab*.

Se sèlman *apre* li te fin resevwa Lespri Sen an bò larivyè Jouden an ke Li te vin kòmanse ap fè mirak yo. Ou wè sa, Jezi te vini tankou yon moun. Li pat vini kòm Pitit gason Bondye nan pouwwa ansanm ak tout bél pouwwa Li. Antanke lòm, Li te limite menm jan nenpòt moun nan limite. Li pat kapab geri oswa fè okenn mirak, menm jan ou menm avèk mwen menm pa ka fè okenn mirak tou ak pwòp tèt nou.

Sepandan, kontrèman avèk nou, lespri Jezi pat mouri pou Bondye lè Li te fèt kòm ti bebe. Lespri Li te toujou vivan pou Bondye; Li pat bezwen fèt yon dezyèm fwa menm jan avèk nou. Sepandan, malgre lespril te vivan pou Bondye antanke Pitit Gason, Li te toujou bezwen batèm Lespri Sen an anvan Li te kapab kòmanse ministè pa Li a, menm jan nou fè sa.

*Byen vit apre ke Jezi te fin batize, li te soti nan dlo a. Nan moman sa, syèl la te louvri, epi li wè Lespri Bondye a ki tap desann tankou yon pijon epi ki tap klere sou li. Epitou yon vwa ki soti nan syèl late di, "Sa se Pitit mwen an, ke mwen renmen an; avèk li Mwen gen kè kontan.*

— Matye 3:16-17

Sonje byen, nou tap panse ak Jezi kòm yon Wa dè Wa epi Seyè dè Senyè, men se pat nan pozisyon sa Li tap mennen ministè Li a. Se sèlman apre ke Lespri Sen an te vini sou Li bò larivyè Jouden an ke mirak yo te kòmanse.

Ministèw la (paske yo te rele *chak gress* kwayan pou vin fè travay Jezi yo) pap kapab kòmanse toutotan ou pa batize avèk Sentespri a—se avèk pouwwa Lespri Sen an wap kapab reyalize tout bagay. Epitou, wap gen bezwen kapasite pouw priye nan

Lespri a pouw konnen kijan pouw fè yo, jan nou pral diskite sa ti kras pita.

Se vre, ou kapab ofri eksperyans fèt yon dezyèm fwa a lè wap di lòt moun kisa Bib lan di sou Sali a. Anpil kretyen ki pat batize nan Lespri Sen an efikas nan pataje Bòn Nouvèl Levanjil la, men yo pa gen pouvwa pou yo demonstre Wayòm nan jan Jezi te fè sa a. Sa lakòz anpil mesaj kap preche fèb anpil.

Lè Jezi tap fè fas ak Farizyen yo konsènan mank lafwa yo, li te fè referans ak mirak sa yo ke Li tap fè yo. Li te di,

*“Kwè mwen lèm di nou mwen fè yon sèl Papa a epi Papa a fè yon sèl ansanm ak mwen; oswa omwen kwè nan prèv sa yo ke nou kapab wè nan mirak yo, yo menm”*  
(Jan 14:11).

Alabaz, Jezi tap di ke demonstrasyon Wayòm nan sispann tout diskisyon; pwoblèm nan te regle. Kounye a, se vre, chak gress kwayan gen tout dwa legal nan tout bagay ke Jezi te peye yo, sa enkli gerizon tou. Chak gress kwayan ka resevwa tout pwomès Bondye yo gras ak lafwa (akò avèk syèl la), epi yo pat bezwen batèm Sentespri a pou yo te resevwa yon bagay nan men Bondye.

Men, pou pouvwa sa kapab soti nan ou al jwenn lòt moun, epi pou ou benyen nan kado Lespri a epi jwi benefis mache nan mistè selès la atravè lapriyè nan lòt lang, ou dwe gen pouvwa onksyon sa! Mwen reyalize ke ou petèt pap konprann sa mwen vle di lè mwen di priye nan lòt lang. Pa kite sa fèw pè; Mwen pral eksplike sa konplètman ti kras pita.

Pitit fi mwen Amy dirije sèvis adorasyon nan legliz nou an, Faith Life Church (Legliz Viv Lafwa), nan Nuevo Albani, Owayo. Pandan kèk ane, li te gen yon kondisyon kite twouble nou tout—tou dousman vant li tap gwosi epi vant lan te parèt aklè. Malgre ke nou tal wè plizyè doktè, okenn ladan yo pat kapab konnen poukisa sa vant lan tap gwosi konsa. Yo tout te di nou, se jis konsa kò li te fèt.

Ok, sa tap kontinye jiskaske vant lan te vin sanble ak apeprè yon moun ki gen 6 mwa ansent. Nan epòk sa, Amy tal fè yon radyo-grafi, kounye a nou te kapab wè aklè nan radyo-grafi a yon gwo mas ki tap gwosi nan vant li. Lè nou te wè radyo-grafi a, Amy te konnen ke pwochen etap la se te medikal, epi apre sa se tap operasyon. Apre Amy te fenk fin marye, li te konnen nenpòt kalite operasyon tap kapab anpechel oswa rann sa enposib poul pat janm fè yon pitit. Bagay sa se pat yon opsyon pou Amy. Li tap reve pandan tout lavi li poul te vin yon manman. Nou te

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

kapab wè tou nan radyo-grafi sa ke gwo mas sa te deplase ògàn li yo, epi sa te vin lakòz Amy gen pwoblèm dijesyon ansanm ak gwo pwoblèm ren ki grav. Li te deside poul te konsantrel sou Pawòl Bondye yo ak pran tan ki nesesè poul konsantre sèlman sou sa Bib la anseye sou gerizon. Pandan menm semèn sa yo, mwen tap anseye sou gerizon nan Legliz Viv Lafwa. Nan fen seri sa, Amy te mande ansyen yo pou yo te mete men sou li epi priye pou li poul kapab jwenn gerizon dapre Jak 5:14–15, nou te fè sa.

*Èske gen youn nan nou ki malad? Li ta dwe rele chèffanmi yo nan legliz la pou priye pou li epi vide lwil sou li nan non Senyè a. Lapriyè ke yo fè avèk lafwa a ap geri moun ki malad lan; Seyè a pral leve li. Si li te fè peche, yap padonnen li.*

— Jak 5:14-15

Amy, te kwè ak tout fòs li nan Pawòl Bondye a, li te reklame pa gerizon li an nan moman nou te mete men nou sou li a. Malgre pat gen okenn manifestasyon fizik gerizon an nan moman nou tap priye pou li a, li te kwè ak tout fòs li ke li te gentan geri.


2 semèn pita, Amy tal kouche nan kabann li, li pot ko gen okenn prèv fizik ke li te geri tout bon vre, men li te leve nan demen maten avèk yon chòk. Li te pèdi 13 liv ak 9 pouz nan ren li jou swa sa pandanl tap dòmi. Do li kite tòde a kounye a te vin nòmal konplètman tou. Li te geri imedyatman!



Anvan

Aprè

Foto sa yo montre gerizon an enkwayab sa. Foto ki nan bò goch la, se ak sa Amy te sanble lè li tal dòmi jou swa sa. Foto ki nan bò dwat la, se ak sa li te vin sanble lè li te leve nan demen maten.



Ou kapab wè radyo-grafi do li a nan bò gòch anvan li te geri a ak radyo-grafi yo te vin pran kèk semèn apre li te fin geri a nan bò dwat la. Gade byen chanjman radikal sa nan kolòn vêtebral la!

Nan epòk sa se Amy kite toujou lidè sèvis adorasyon nou an nan Faith Life Church (Legliz Viv Lafwa). Ok, ou kapab ap imajine kisa kite nan pase nan legliz la jou Dimanch sa nan lè sèvis lan—moun yo tap gade li san rete! Moun yo te kanpe nan gwo sal la, yo te choke, epi yo te di, “Kisa ki rivew? Èske ou te resevwa yon nouvo kò?” Tout legliz lan te chòke jou Dimanch sa pandan Amy tap dirije sèvis adorasyon an, epi demonstrasyon Wayòm Bondye a te pote anpil lòt moun bay Bondye epitou anpil moun te geri.

Ou ta dwe dakò, moun yo bezwen wè Wayòm Bondye a kap fonksyone. Nan Travay 1:8, nou wè ke onksyon an, Batèm Sentespri a enpòtan anpil.

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Estrateji a

*Men, wap resevwa pouvwa lè Lespri Sen an desann sou ou; Nap sèvi mwen temwen nan lavil Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan Samari, ak nan dènye bout latè.*

— Travay 1:8

Epitou pou sa ki gen parapò ak Jezi, sa te *esansyèl* pou demonstrasyon Wayòm Bondye a.

*Epi siy sa yo pral akonpaye moun ki kwè yo: Nan non mwen, yo pral chase move lespri yo; yo pral pale nan lòt lang; Yo pral kenbe koulèv ak men yo; epi lè yo bwè pwazon ki kapab touye moun, sa pap fè yo anyen ditou; yo pral mete men yo sou moun ki malad, malad yo ap geri.*

— Mak 16:17-18

Ranmase koulèv epi bwè pwazon ki kapab touye moun fè referans ak wayòm Satan an epi se yon referans dirèk ak laperèz. Wayòm Satan an te pèdi batay la. Jezi pat sijere pou nou tal ranmase koulèv ki danjere kounye a oswa poun tal bwè pwazon, men Li te se sèvi ak fraz sa kòm yon egzant de pouvwa sa nou te resevwa sou ènnmi an. Nou dwe mennen otorite sa ansanm ak pouvwa Bondye a nan domèn Satan epi libere lòt moun!

Gade byen ke Jezi di “**siy sa yo**” pral akonpaye moun ki kwè yo. Lè moun wè siy sa yo (demonstrasyon) Wayòm nan, yap mande kijan bagay sa yo te fè rive. Yon siy montre direksyon yon bagay. Nan tèt pal, se pat repons lan sa, men li montre Jezi, kiyès ki!

Siy sa yo kanpe tout diskisyon sou dout ki tap mande èske Jezi se Seyè a—SE SA LI YE! Epi lè moun yo te vin wè ke se sa Li ye, yap repanti epitou yap vin jwenn Bondye. Se poutèt sa ou menm ansanm ak mwen bezwen batèm Sentespri a, epi nou pap kapab vrèman efikas san batèm lan!

Alòs, kounye a nou gentan te poze yon ti baz sou rezon sa ki fè nou bezwen batèm Sentespri a, an nou egzamine Vèsè sa yo ki fè referans ak onksyon sa.

## CHAPIT 5

# PRÈV VÈSÈ LABIB YO

Youn nan pi bon fason pouw gen yon pi bon konpreyansyon sou Batèm Sentespri a se swiv moun sa yo kite resevval nan Jou Pannkòt la jan sa ekri nan liv Travay la. Pandan nap eggamine chak gress Vèsè yo, lafwaw ansanm avèk konfyans ou ap grandi santiman ke batèm sa se pou ou menm tou.

*Lè jou Pannkòt la te rive, yo tout te la ansanm yon sèl kote. Sanzatann, yon bri tankou yon van vyolan te soti nan syèl la, li plen tout kay kote yo te chita a. Yo te wè yon bagay kite sanble ak lang dife yo kite separe epi kit al poze sou yo chak la. Yo tout te ranpli ak Sentespri a epi yo te kòmanse ap pale nan lòt lang jan Lespri a te pèmèt yo fè sa.*

*Kounye a, te gen kèk Jwif kite gen-krentif pou Bondye kite rete Jerizalèm nan tout nasyon yo ki anba syèl la. Lè yo te fin tande bri sa, yon foul moun te rasable ak sezisman, paske chak moun te tande lòt la ap pale nan pwòp lang pa yo.*

*Yo te sezi nèt, yo te mande: "Eske tout mesye sa kap pale la yo se pa moun Galile? Ebyen, kijan fè chak gress nan tandé yo kap pale nan pwòp lang natif natal pa yo? Pati, Medi ak Elamit; moun ki rete nan Mezopotami, Jide ak Kapadòs, Pon ak Azi, Friji ak Panfili, peyi Lejip ak tout pati nan peyi Libi toupre Sirèn; vizitè ki soti lavil Wòm (tou 2 jwif ak konvèti nan Jidayis); Kreten yo ak Arab yo, nou tandé yo kap anonse mèvèy Bondye yo nan pwòp lang pa nou yo!*

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

*Sezisman, yo pè, youn ap mande lòt: “Kisa bagay sa vle di?” Men, te gen kèk moun ki tap pase yo nan rizib epi yo tap di, “Yo te bwè twòp diven.”*

— Travay 2:1-13

Premye bagay mwen vlew wè se ke Bib la di **yo tout** te ranpli avèk Sentespri a! Dezyèmman, yo tout tap pale nan lòt lang. Petèt ou te konn tande moun ki dekri jou Pannkòt la epi eksplike poukisa tout moun sa yo te pale nan lòt lang. Gen moun ki ensiste pou yo di ke se te eksperyans yon sèl gress-fwa nan legliz la paske moun sa yo kite rasanble yo te soti nan anpil nasyon, alòs, konsekans lan, yo te bezwen plizyè lang pou preche Levanjil la bay tout moun sa yo nan diferan langaj.

Men, siw gade nan Vèsè a, wap wè li di 120 moun kite gen nan chanm anlè a ki tap pale de bèl travay Bondye yo. Yo pa tap preche Levanjil la; yo te jis ap fè lwanj pou Bondye.

*‘Nou tande yo kap anonse mèvèy Bondye yo nan pwòp lang pa nou yo!’*  
*Sezisman, yo pè, youn ap mande lòt: “Kisa bagay sa vle di?”*

— Travay 2:11b-12

Moun kite kanpe ozalantou yo tap tande moun sa yo ki tap fè lwanj pou Bondye nan lang manman ak papa yo, yo tout te sezi epi yo te pè. Apre sa, Pyè te leve, epi preche mesaj sali a, epitou 3,000 moun anplis te vin ajoute nan legliz la jou sa. Kounye a, si disip yo tap *preche* nan lòt lang, Pyè pa tap oblige kanpe poul preche. Men, pou jiskaske Pyè te vin kanpe poul preche, yo pat konprann kisa bagay sa yo tap tande a te vle di. Epitou, yo pat itilize lang yo pou preche Levanjil la, yo pat itilizel tou pou preche Levanjil la jounen jodya. Nou pral pale andetay sou benefis lang yo pou kwayan an nan yon lòt chapit pita, men pou kounye a, mwen jis vle pale de yon agiman komen ke mwen te tande.

Yon fwa ankò, mwen vle fè pwen sa ke Bib lan di ke yo *tout* te resevwa epi yo *tout* te pale nan lòt lang. Kounye a, si Bib lan ta kite nou la, nou tap kapab gen kèk dout ke pale nan lòt lang se pou tout legliz la annantye. Men, Bib lan pat fè sa. Olye de sa, nou jwenn fenomèn sa kap kontinye epitou kap rive *pou chak gress moun* ki resevwa batèm Sentespri a apre jou Pannkòt la.

Kitem pale avèk ou konsènan youn nan mesye sa yo kite prezan nan Jou Pannkòt la—non li se te Filip.

*Moun kite gaye nan vilaj yo te preche Pawòl la nenpòt kote yo te ale. Filip desann nan yon vil ki nan Samari, epi li te pwoklame ke Kris lan prezan kote sa. Lè foul moun yo te fin tandé Filip epi yo te wè siy mirak li te konn fè yo, tout moun sa yo te vin bay plis atansyon sou sa li te di yo.*

— Travay 8:4-6

Nan pati sa nou wè Filip tap bay demonstrasyon Wayòm nan epi pèp la tap koute li. Alòs, se konsa li sipoze ye jounen jodya! Lè moun yo wè siy yo, lè yo wè prèv Wayòm nan, yo pral bay plis atansyon ak bagay wap di.

*Avèk gwo rèl, lespri dyab la te soti nan anpil moun, epi anpil moun paralize ak andikape te geri. Alòs, te gen anpil kè kontan nan vil sa.*

— Travay 8:7-8

Gade byen ke Filip tap mache nan pouvwa li te fenk resevwa pandanl te Jerizalèm. Siy yo te swiv li, jan pouvwa Bondye a te parèt aklè pou tout moun. Li te resevwa *dynamis* (mo grèk ki itilize pou pouvwa); Kounye a li te kapab vin temwen Wayòm Bondye a.

*Lè apot Jerizalèm yo te vin konnen Samari te aksepte pawòl Bondye a, yo te voye Pyè ansanm avèk Jan ba yo. Lè yo te rive, yo lapriyè pou yo pou yo kapab resevwa Sentespri a, paske Lespri Sen an pat ko desann sou okenn nan moun sa yo; yo te senpleman batize nan non Senyè Jezi a. Lè sa, Pyè ansanm avèk Jan te mete men yo sou moun sa yo, epi yo te vin resevwa Lespri Sen an.*

— Travay 8:14-17

Lè apot Jerizalèm yo te vin konnen Samari te aksepte pawòl Bondye a, yo te voye Pyè ansanm avèk Jan ba yo. Lè yo te rive, yo te priye pou moun sa yo te kapab resevwa Sentespri a paske Sentespri a pat ko desann sou okenn nan moun sa yo. Men, Bib la te jis di ke demon te ale, moun yo te geri, gwo travay Bondye te fenk fèt, epi moun yo te kwè nan Jezi epitou yo te batize nan dlo. Men, li te di tou ke Sentespri a pat ko VINI SOU okenn nan yo!

Ou wè sa, Filip te konn preche delivrans epi yo te aksepte li epitou yo te resevwa li, men yo pat ko resevwa batèm Sentespri a. Yo te vin fèt yon dezyèm fwa, men

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

gade pawòl sa: Sentespri a pat ko “VINI SOU OKENN NAN YO.” Genyen diferans sa ankò—Lespri Sen an nan nou (sila ki fèt yon dezyèm fwa yo) ansanm ak Sentespri a kap vini *sou* nou avèk fondasyon pouwwa sa.

Bib la pat di poukisa Filip pat preche moun sa yo konsènan Batèm Sentespri a. Li posib ke li te kite Jerizalèm imedyatman apre yo te fin resevwa batèm Sentespri a pou pwòp tèt pal epi nan epòk sa li pat konnen si se te pou tout moun. Kèlkeswa rezon an, sa te parèt aklè ke pèp la te kwè Levanjil la epi batize nan dlo, alòs yo te fèt yon dezyèm fwa. Men, gade byen kijan sa te enpòtan pou apòt yo ke moun Samari yo te resevwa batèm Sentespri a menm jan yo te fè a—san pèdi tan.

Premye panse ke yo te genyen se pat pou yo te di moun sa yo kijan pou yo abiye. Yo pat di, “Ann di yo kijan pou yo byen abiye oswa ki lè pou yo fè legliz.” Yo pat kite règ doktrin lan domine yo. Ki premye bagay ki tap domine yo? Batèm Sentespri a! Alòs, yo te fè efò mete tèt ansanm menm moman an epi di mesye sa yo tout bagay ki gen rapò ak Batèm nan Sentespri a.

Apre sa, Pyè ansanm avèk Jan mete men sou moun sa yo, epi yo te resevwa Lespri Sen an. Menm lè a, yo te resevwa Lespri Sen an. Kisa kite prèv la? Mwen kwè se te menm jan ak tout lòt moun yo: lapriyè nan lòt lang.

*Lè Simon te wè ke yo te resevwa Lespri Bondye a lè apot yo te fin mete men sou yo a, li te ofri yo lajan, li te di yo, “Ban mwen tou menm kapasite sa pou tout moun ma va mete menm sou yo kapab resevwa Lespri Sen an”.*

*Pyè te reponn: “Se pou peri ak tout lajanw lan, paskew te panse ou te kapab achte kado Bondye a avèk lajan! Ou pa gen okenn pati oswa privilèj nan ministè sa, paske kèw pa dwat devan Bondye. Repanti akoz mechanste sa a epi lapriyè Senyè a.*

*Petèt li pral padonew paskew gen yon panse konsa anndan kè ou. Paske, mwen wè nou ranpli ak anmètim epi nou anprizone nan peche.”*

*Apre sa, Simon te reponn: “Lapriyè Seyè a pou mwen, pou ankenn nan saw te di la yo pa rive sou mwen.”*

— Travay 8:18-24

Lè Simon te wè ke Lespri Bondye a tal jwenn yo avèk aksyon men li te poze sou yo a, li te ofri apòt yo lajan pou yo te ba li kalite pouvwa sa. Simon dwe te gentan wè yon bagay, kèk prèv ke yon bagay te gentan rive apre yo te resevwa Sentespri a. Li te vle genyen pouvwa sa.

Kounye a, li pat di ke yo te pale nan lòt lang kote sa, men yon bagay kite vin rive ke moun sa yo te kapab wè aklè. Simon te wè yon bagay ki pwisan, epi li te vle gen kapasite poul kapab bay lòt moun bagay sa. Mwen kwè kòmantè li yo montre ke yo te resevwa batèm lan menm jan ansanm avèk tout lòt moun te resevwal epi yo te kòmanse pale nan lòt lang. Yon lòt fwa ankò, mwen vle montrew kijan sa enpòtan fason legliz la nan Jerizalèm nan te konsidere Batèm Sentespri a kòm—sa kite enpòtan anpil!

Apre Pòl te fin batize sou wout Damas lan, yo te voye yon nonm ke yo te rele Ananyas bay Pòl poul te priye pou li.

*Ananyas di, “Frè Sòl, Senyè a—Jezi, Li menm kite parèt devanw sou wout la pandanw tap vini isit lan—te voyem pouw kapab wè ankò epi pouw ranpli avèk Lespri Sen an.*

— Travay 9:17b

Bib la pat di ke Pòl te pale nan lòt lang lè li te resevwa batèm Sentespri a, men nou konnen li te pale nan lòt lang, epi mwen kwè li te resevwa Sentespri a menm jan ak tout lòt moun. Ou kapab ap mande poukisa mwen kwè yon bagay konsa. Sa byen fasil. Se akoz bagay sa yo ke Pòl li menm te ekri nan 1 Korentyen 14:18.

“*Mwen di Bondye mèsi paskem pale nan lòt langaj plis pase nou tout.*” (1 Korentyen 14:18).

Alòs, nou kapab rive nan konklizyon ke Pòl te pale nan lòt lang apre li te batize nan Lespri Sen an. Pandan wap li nan chapit Travay yo, wap dekouvri ke batèm sa tap kontinye jou apre jou atravè tout legliz la. Li pat jis rive nan sèl Jou Pannkòt la.

Apre sa, nan Travay 10, yo te voye Pyè lakay moun lòt nasyon yo epi yo mennen al preche Levanjil la bay moun sa yo. Sonje byen, sa te parèt etranj anpil pou Pyè, kise yon Jwif, kite ale lakay yon Jantilis. Pyè te ale nan kay sa sèlman paske se vizyon Lespri Sen an ki tap mennen li.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

*Pandan Pyè tap pale pawòl sa yo, Lespri Sen an desann sou tout moun kite tande mesaj la. Kwayan kite sikonsi yo, sa kite vini ansanm avèk Pyè yo te sezi wè kado Sentespri a kite vide menm sou moun jantilis yo. Paske, yo te tande yo ki tap pale nan lòt lang, yo tap fè lwanj pou Bondye.*

*Apre sa, Pyè te di, “Èske gen yon moun ki kapab anpeche moun sa yo batize nan dlo? Yo te resevwa Lespri Sen an menm jan nou te resevwa li a.” Alòs, li te bay lòd pou yo te batize nan non Jezikris. Apre sa, yo te mande Pyè poul te rete kèk jou toujou ansanm avèk yo.*

— Travay 10:44-48

Pandan Pyè tap preche Levanjil Kris la bay moun lòt nasyon yo, Lespri Sen an te vini sou tout moun kite tande mesaj la. Ou pap kapab wè Lespri Bondye a, alòs, kijan yo te fè konnen ke Lespri Sen an te vini sou moun sa yo? Tèks la di ke kwayan kite sikonsi yo kite vini ansanm ak Pyè yo te sezi wè yo te resevwa kado Sentespri a te vide menm sou moun jantilis yo, paske yo te tande yo ki tap pale nan lòt lang epi yo tap fè lwanj pou Bondye.

Alòs, ki prèv kite montre ke Sentespri a te prezan? Pyè te oblige rekonèt sa kite aklè pou li, ke Bondye te aksepte moun sa yo. Pwiske li te wè yo ki tap pale nan lòt lang pandan ke li pat ko menm preche yo anyen konsènan batèm Sentespri a se tout prèv li te bezwen. Pyè te *gentan konnen* yo te resevwa li paske yo te resevwa Lespri Sen an menm jan li te resevwal li an—epitou yo tap priye nan lòt lang.

Ou pral jwenn yon gwo diferans ant sa legliz modèn lan panse ki enpòtan ak sa legliz la panse kite enpòtan nan tan biblik yo. Youn nan vèsè mwen pi renmen yo ki montre aklè ke tout moun ta dwe batize nan Sentespri a, epi verifye san okenn dout ke se travay apa Sentespri a ke yo te fèt yon dezyèm fwa, nan Travay 19:1-2.

*Pandan Apolòs te nan Korent, Pòl te pran wout ki pase anndan an epi li te rive Efèz. Se la li jwenn kèk disip, li te mande yo, ‘Èske nou te resevwa Sentespri apre nou te fin kwè?’ Yo te reponn l,: ‘Non, nou pat menm konn tande ke te gen yon Sentespri.’*

— Travay 19:1-2

Apre Pòl te fin antre nan vil Efèz, li te jwenn kèk disip epi li te mande yo, “Èske nou te resevwa Lespri Sen an apre nou te fin kwè?” Sa se premye enkyetid Pòl te genyen lè li tap rankontre kwayan sa yo.

Pòl te vin reyalize ke fèt yon dezyèm fwa te diferan anpil parapò ak batèm Lespri Sen an ansanm avèk prèv pale nan lòt lang.

Poukisa se ta pral premye bagay ke Pòl te di yo? Paske se menm bagay la Jezi te di nan Travay 1:4! Alabaz Li te di, “Pa kite vil la san Lespri Sen an!” Kisa apòt yo te fè Jerizalèm lè yo te vin konnen ke pèp Samari a te gentan tande Pawòl la? Yo te di, “Ti gason, leve ale kote sa kounye a. Nou dwe asirew ke bagay sa byen etabli. Leve la epi asirew ke yo te resevwa batèm Sentespri a.” Lè Pòl tap pase nan vin Efèz, li te jwenn kèk disip, premye bagay li mande yo se te, “Èske nou te resevwa Lespri Sen an depi apre nou te fin kwè?”

Yo te reponn li, “Non, nou pat menm konn tande ke te gen yon Sentespri,” Pòl te mande yo ki batèm yo te resevwa. Yo te reponn li, “batèm Jan batize la.” Pòl te di yo ke batèm Jan an se te yon batèm repantans epi li te di pèp la pou yo kwè nan Sila kap vini apre li a. Sa ki vle di, kwè nan Jezi.

Apre yo te fin tande sa, yo te batize nan non Seyè Jezi a (batèm dlo a). Apre sa, lè Pòl te mete menl sou yo, Sentespri a te desann sou moun sa yo, epi yo tap pale nan lòt lang. Gade byen ke apre Pòl te fin poze kesyon an, Pòl te sipoze ke moun sa yo te vin kwè nan Jezi. Se poutèt sa li te mande, “Èskew resevwa Lespri Sen an aprew te fin kwè?” Li te konprann ke Batèm Sentespri a te diferan nèt parapò ak fèt yon dezyèm fwa.

Kounye a, mwen kwè ke sa se yon sijè ki kontwovèse nan anpil legliz, pa paske li pa nan bib la, men paske dyab la rayi sijè sa anpil.

Paske si sa se pouvwa a, si sa se pòt la nan kapasite pou chanje lavi epi vin yon temwen pou mond lan, apre sa, ou pral vin anfas bondye mond sa, epitou nou konnen kisa lap fè sou sa. Batèm Sentespri a ban nou yon rezèvwa pouvwa, pouvwa Bondye a, poun fè travay Jezi yo pou Bondye kapab jwenn glwa!

**KOUNYE A, MWEN KWÈ  
KE SA SE YON SIJÈ KI  
KONTWOVÈSE NAN  
ANPIL LEGLIZ, PA  
PASKE LI PA NAN BIB  
LA, MEN PASKE DYAB  
LA RAYI SIJÈ SA ANPIL.**



## CHAPIT 6

# ÈSKE TOUT MOUN KAPAB PRIYE NAN LÒT LANG?

Petèt ou kapab te tandem moun kap di ke yo pat pale nan lòt lang epitou yo pa kwè ke tout moun kapab oswa ta dwe. Apre sa, yo te site 1 Korentyen 12:27-30 kòm rezon ki fè yo gen kwayans sa. Yo pral diw ke Pòl, li menm te di ke se pa tout moun kap pale nan lòt lang. Ok, an nou gade tèks la epi wè si se sa Pòl tap di tout bon vre.

*Koulye a, nou se kò Kris la, epi chak gress nan nou se yon pati nan kò a. Epi, nan legliz la, Bondye te chwazi an premye apòt yo, an dezyèm pwofèt yo, an twazyèm anseyan yo, apre sa moun kap fè mirak yo, moun sa yo ki gen don pou fè gerizon tou, moun ki kapab ede lòt moun, moun ki gen don pou administrasyon, ak moun ki pale nan diferan lang. Èske yo tout se apòt? Èske yo tout se pwofèt? Èske yo tout se pwofesè? Èske yo tout konn fè mirak? Èske yo tout se moun ki gen don pou fè gerizon? Èske yo tout se moun kap pale nan lòt lang? Èske yo tout se entèprèt?*

— 1 Korentyen 12:27-30

Nan lèt sa, Pòl tap di legliz Korent lan kòman pou yo fonksyone nan yon mannyè ki gen lòd pou tout moun kapab sèvi nan legliz la lè yo rasanble. Nan epòk sa, yo tout tap eseye depase youn lòt ak kado espirityèl yo epi predikatè yo pi renmen yo. Pòl tap enstwi yo kijan pou yo opere kòm yon kò ki ini epi nan lanmou. Kounye a an nou gade pi pre toujou nan Korentyen 12:27-28:

*Koulye a, nou se kò Kris la epi chak gress nan nou se yon pati nan ladaml. Epi nan legliz la [mwen mandew souliye fraz sa], Bondye te nonmen an premye, apòt yo, an dezyèm pwofèt yo, an twazyèm anseyan yo, apre sa sila kap fè mirak yo, tou moun ki gen don pou fè gerizon, moun ki kapab ede lòt moun, sa ki gen don administrasyon yo, ak moun kap pale nan diferan kalite lang yo.*

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

Pòl tap kontinye, men map kanpe la paske mwen vle pale yon ti kras sou fraz sa, “nan legliz la.” Li tap pale de rasanbleman legliz aktyèl la. Nou ka verifye sa nan 1 Korentyen 14:18-19 kote Pòl te itilize menm fraz sa:

*Mwen di Bondye mèsi paske mwen kapab pale lòt lang plis pase nou tout.*

*Men, NAN LEGLIZ LA, mwen ta pito pale 5 mo entèlijib poum enstwi lòt moun olye dimil mo nan yon lang.*

— 1 Korentyen 14:18-19

Pòl di, “Map di Bondye mèsi paskem kapab pale lòt lang plis pase nou tout, “men nan legliz la....” Fraz sa tounen ankò, epi fwa sa li parèt aklè ke Pòl tap pale de rasanbleman legliz aktyèl la men se pat legliz inivèsèl kò Kris la. Nou tout te dakò ke Pòl te fè pati kò Kris la annantye, “legliz la”. Se vre, se sal ye. Pòl te di di ke li kontan paske li kapab pale nan lòt lang plis pase tout kwayan sa yo nan Korent. Li te di pawòl sa paske legliz la te kontan akoz nouvo kapasite yo te vin genyen pou yo te pale nan lòt lang, epi yo te sa fè nan dezòd epi sa te lakòz konfizyon.

Alabaz li tap di, “Ey mesye, mwen pale nan lòt lang plis pase nou tout la, men gen yon fason poun fè sa nan legliz la ki kapab fèt nan lòd epi ki pap lakòz ankenn konfizyon.” Li te kontinye poul di ke, nan legliz la (rasanbleman kwayan yo), li tap pito pale avèk konpreyansyon (nan langaj komen yo) pou lòt moun yo ka edifye.

Nan sèvis legliz la li menm, gen kèk moun ki pral opere nan kado lang lan ak entèpretasyon, jan sa ekri nan 1 Korentyen 12 la, men tout moun pa pral oswa pa ta dwe ap opere nan don sa ak objektif pou edifye tout kò a. Pòl te menm rive di pou nou limite konbyen moun ki ta dwe pale nan lòt lang ak entèpretasyon nan yon sèvis pou pi plis li ta dwe 3 moun.

*“Si yon moun ap pale nan yon lòt lang—se 2 oswa 3 pou pi plis—kita dwe ap pale, youn apre lòt, epi yon moun ta dwe ap entèprete”* (1 Korentyen 14:27).

Alòs, lè Pòl tap di tout moun pap ka pale nan lòt lang, li ftap è referans ak “anndan legliz la,” oswa ak rasanbleman legliz la.

Ou bezwen konprann ke chak gress kwayan pral gen kapasite pou yo lapriyè nan lòt lang, men se pa tout moun ki pral gen onksyon an pou yo soti nan don langaj ak entèpretasyon nan yon sèvis kap fèt nan legliz la. Siw gen onksyon an pouw soti nan kado sa pandan yon sèvis, Bib la di ou ta dwe lapriyè pouw kapab entèprete.

## ÈSKE TOUT MOUN KAPAB PRIYE NAN LÒT LANG?

“Nenpòt moun kap pale yon lòt lang ta dwe lapriyè poul kapab entèprete sa lap di a” (1 Korentyen 14:13b).

Mwen kwè ke moun kap pale nan lòt lang yo se kandida ki gen plis chans pou entèpretasyon pandan sèvis la paske mesaj la te gentan ap koule nan yo.

Poukisa ou ta dwe lapriyè nan lòt lang? Dyab la rayi kwayan sa yo ki konnen kijan pou yo lapriyè nan Lespri a (nan lang), epi mwen vle asirem kew konprann poukisa.

Lè Pòl te di ke li te kontan paske li te lapriyè nan lang plis pase nenpòt lòt moun, se petèt akoz rezon ki fè Pòl te santil konsa. Pòl te fè yon kòmantè nan 1 Korentyen 14 ke nou bezwen li.

“Moun kap pale yon lòt lang ap *edifye pwòp tèt li*, men moun kap *pwofetize, edifye legliz la*” (1 Korentyen 14:4).

An nou fouye yon ti kras pi fon toujou. Kisa bagay sa vle di, pouw kapab edifye? Mo edifye a vle di “enstwi oswa benefisyé, espesyalman onivo moral oswa espirityèl; pouw leve pi wo.”<sup>2</sup>

Ou ta dwe dakò ke anpil fwa, lèw bezwen enstriksyon pouw sa konnen nan ki wout pouw ale, pouw sa konprann yon sitiyasyon, oswa pouw sa pran bon desizyon an. Men nan kisa lapriyè nan lòt lang kapab edew: pou edifyew oswa pou pote enstriksyon nan laviw. Pòl fè pwen sa parèt aklè nan Women 8:26-27:

**“MENM JAN AN TOU,  
LESPRI A EDE NOU  
NAN FEBLÈS NOU.  
NOU PA KONNEN  
POUKISA NOU DWE  
LAPRIYÈ.”**

— ROMEN 8:26A

*Menm jan an tou, Lespri a ede nou nan feblès nou. Nou pa konnen poukisa nou dwe lapriyè, men Lespri a li menm a kap entèsede pou nou epi jemi mo ki pa ka eksprime yo. Epi se li kap sonde kè nou konnen panse ak Lespri nou, paske Lespri a lapriyè pou sen yo dapre volonte Bondye.*

Pòl di nou ke nou gen yon pwoblèm avèk yon feblès: “Nou pa konnen poukisa nap lapriyè.” Ou kapab ap mande, “Poukisa, sa se yon feblès?” Nou kapab konprann poukisa sa se yon feblès lè nap li 1 Jan 5:14-15.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

*Sa se konfyans nou genyen nan pwoche bò kote Bondye; Konsa, si nou mande yon bagay ki nan volonte Li, lap koute nou. Men, si nou konnen li tande nou—kèlkeswa sa nou mande a—nou konnen ke nou gentan genyen bagay sa nou te mandel la.*

San nou pa konnen oswa gen konfyans nan sa ki se volonte pa Bondye, nou pap kapab opere nan lafwa (pouw annakò avèk Bondye), epi si nou pa kapab opere nan lafwa, Lè sa, nou siman nan yon eta ki fèb paske nou pa pral kapab tape nan favè oswa pouwva Bondye a san lafwa pa preznan. Kidonk, Pòl di ke pa konnen ki jan pou w priye se yon kondisyon ki fèb pou priye nan lang ka ede. Ann li tèks nou an yon lòt fwa ankò.

*Menm jan an tou, Lespri a ede nou nan feblès nou. Nou pa konnen poukisa nap lapriyè.*

— Women 8:26a

Feblès pa nou se paske nou pa konnen kijan pou nou lapriyè! Bib la pa di nou ak kiyès pou nou marye, ki kote pou nou viv, oswa ki kalite travay pou nou pran. San nou pa konnen kisa ki se volonte Bondye, nou pap kapab konnen epi kwè ke nou resevwa kichòy nan men Bondye lè nou priye li. Yon lòt fwa ankò, bagay sa se yon gwo feblès! Nou pap gen konfyans nan Bondye lè nou pa konnen kisa ki se volonte Li. Men, gen yon fason pou nou ka disène volonte Bondye nan chak sitiyasyon nan nap fè fas lavi a. Gen yon fason pou nou kapab sèten ke volonte Bondye pou nou kapab opere avèk lafwa epi konfyans.

Se de pawòl sa Pòl ap pale a. Edifikasyon sa lap pale a vle di gen aksè ak kalite konesans sa a—konesans ki soti nan Lespri Bondye a. Epitou nou frape nan tande Lespri a lè nap lapriyè nan Lespri a, oswa nan lòt lang. Si nou swiv konsèy Pòl te bay pi devan nan Women 8:26b-27 la, nou kapab li pawòl ki vin annapre yo:

*Men, Lespri Bondye a li menm lapriyè pou nou epi plenn mo ki pa ka eksprime yo. Epitou, Sila ki sonde kè nou konnen lespri Lespri a, paske Lespri a lapriyè pou sen yo dapre sa kise volonte Bondye.*

Koulye a, Pòl pap di ke nap plenn lè nap lapriyè nan Lespri a, men, pito, Pòl ap fè referans avèk vèsè ki anvan yo.

## ÈSKE TOUT MOUN KAPAB PRIYE NAN LÒT LANG?

*Nou konnen ke tout kreyasyon an te konn plenn menm jan ak doulè yon akouchman jouk nan moman sa. Se pat sa sèlman, men nou menm tou, kite gen premye fwi Lespri a, nou plenn anndan nou pandan nap tann avèk enpasyans pou nou te adopte antanke ptit gason, redanmsyon kò nou yo. Akoz espwa sa nou te sove. Men, lespwa ke yo kapab wè pa gen lespwa ditou. Kiyès moun kap espere pou gabay ke li genyen déjà? Men, si nap espere bagay nou pokógenyen, nap tann li avèk pasyans.*

*Menm jan an tou, Lespri a ede nou nan feblès nou. Nou pa konnen poukisa nap lapriyè, men Lespri a li menm kap entèsede pou nou ak plenn mo pa kapab eksprime yo. Epitou, Sila ki sonde kè nou konnen Lespri a, paske Lespri a lapriyè pou sen yo dapre sa kise volonte Bondye.*

— Women 8:22-27

Pòl ap sèvi ak mo plenn lan la kòm yon ilistrasyon oswa yon analogi sou sa kap pase anndan nou. Nou plenn anndan, tankou yon fanm kap akouche. Sa vle di, nap akouche yon bagay ki soti nan Lespri Bondye a kite anndan nou, nap resevwa yon bagay nouvo, yon bagay ki pat janm egziste anvan sa; oswa ou ta kapab di, yon bagay ki pat nan nou. Alòs, nou bay “nesans” konesans nan sa nou pa konnen, yon bagay nouvo, ki soti nan pwòp lespri nou atravè pwoesisis lapriyè nan Lespri a. Bib lan di nou ke Lespri Bondye a lapriyè volonte Bondye ki san tach pou nenpòt sitiyasyon an atravè pwòp lespri pa nou. Li di ke Bondye, li menm, ap lapriyè pou nou, atravè pwòp espri imen nou yo, epi plenn bagay ki pa kapab pwononse (kite atikile nan diskou konprann).

Alòs, sa nou dekouvri isit la se ke Sentespri a pral entèsede pou nou epi plenn (akouchman) lè Li sèvi avèk mo ki pa kapab atikile, mo nou pa konprann (oswa lòt lang). Epi Sila sa kap fouye kè nou an konnen Lespri a paske Lespri a (Lespri Bondye) lapriyè pou sen yo dapre sa kise volonte Bondye ki san tach la. Lespri Bondye a lapriyè volonte Bondye ki san tach la pou **chak gressn sitiyasyon atravè pwòp lespri paw lè wap priye nan lòt lang.**

Alòs, nou nan yon pozisyon ki fèb lè nou pa konnen ki sa ki sevolonte Bondye. Lafwa pap ka libere jiskaske nou konnen sa ki se volonte Bondye. Pòl tap di ke si nou lapriyè nan Lespri a, pwòp Lespri pa Bondye a pral lapriyè atravè nou, ak volonte san tach Li a pou lavi nou nan nenpòt sitiyasyon an.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

Lè Lespri Bondye a ap lapriyè atravè nou nan lòt lang, kijan pou nou vin edifye piske nou pa konnen kisa nap di? Nap jwenn repons lan nan yon lòt lèt ke Pòl te ekri.

*Okenn zye pat ko wè, okenn zòrèy pat ko tandé, okenn panse pat janm ansent bagay sa ke Bondye te pare pou moun ki renmen li yo, men Bondye te revele nou sa gras avèk Lespri li a.*

*Lespri a ap chèche tout bagay, menm bagay Bondye yo ki pi pwofon yo. Paske, kiyès pami lèzòm ki kapab konnen panse yon nonm eksepte moun ki gen lespri a nan li? Menm jan an tou, pyès moun pa konnen mod panse pa Bondye esepte Lespri Bondye a. Nou pat reservwa lespri mond lan men pito Lespri ki soti lakay Bondye, pou nou kapab konprann bagay sa ke Bondye ban nou gratis la. Se pawòl sa nap pale, se pa pawòl yo te anseye nou gras ak sajès lèzòm men se nan pawòl Lespri a te anseye nou, eksprime laverite espirityèl nan pawòl espirityèl yo.*

— 1 Korentyen 2:9b-13

Premyèman, Pòl tap di ke nou gen aksè avèk bagay ke nou pa janm tandem, wè oswa panse, menm jan mwen te pataje ansanm avèk ou. Men, li tap kontinye epi li te di nou kijan sa a fonksyone:

*Paske, kiyès pami lèzòm ki konnen panse yon nonm eksepte lespri ki nan moun sa? Menm jan an tou, pyès moun pa konnen mod panse pa Bondye yo esepte Lespri Bondye a.*

— 1 Korentyen 2:11

Anvan mwen pale de aspè sa nan Vèsè yo, premye bagay nou bezwen yon leson debaz sou makiyaj nou an. Dapre 1 Tesalonisyen 5:23, nou gen 3 pati: lespri, nanm epi kò a.

*Se pou Bondye li menm, Bondye lapè a, sanktifye ou nèt ale. Se pou tout lespri nou, nanm nou ak kò nou rete san okenn repwòch lè Jezikri, Seyè nou an, va vini.*

— 1 Tesalonisyen 5:23

## ÈSKE TOUT MOUN KAPAB PRIYE NAN LÒT LANG?

Lespri nou se pati pa Bondye a ki nan nou; nanm nou se lespri nou, volonte, ak emosyon nou; epitou kò nou se kò nou. Pòl ap di ke nanm nou (lespri, volonte, epi emosyon) avèk lespri nou tèlman konekte ke lespri nou konnen kisa nou panse yo ye.

Lanvè a se vre tou. Espri nou kapab ranmase panse ki nan lespri nou yo. Pòl di ke Lespri Bondye a konnen panse pa Bondye yo epi ke nou te resevwa Lespri Bondye a pou nou **kapab konnen** bagay sa ke Bondye ban nou gratis la.

*Nou pat resevwa lespri mond lan men pito Lespri ki soti nan Bondye a, pou nou kapab petèt konprann bagay sa ke Bondye ban nou gratis la. Se de sa nap pale, se pa pawòl sajè lèzòm te anseye nou men se nan pawòl ke Lespri a te anseye nou, eksprime laverite espirityèl nan pawòl espirityèl yo.*

— 1 Korentyen 2:12-13

Pòl te kontinye poul di ke konesans sa enkoni, konesans ke nou pat konnen men ke Lespri Bondye a revele nou, se de bagay sa nap pale avèk pawòl ke Lespri a te anseye nou, se pat pawòl nou tap kapab pale nan langaj konpreyansyon natirèl oswa an lang men mo espirityèl yo. Nou konnen ke Pòl tap pale de priye nan lòt lang lè li te di nou priye ak mo espirityèl yo paske li te itilize menm definisyon sa poul dekri pale nan lòt lang nan 1 Korentyen 14:14-15:

*Paske, sim priye nan yon lòt lang, lesprim priye, men lesprim pap bay okenn rezulta. Kisam ta dwe fè? Mwen pral lapriyè avèk lesprim, men mwen pral priye tou avèk lesprim; Mwen pral chante avèk lespri mwen, men mwen pral chante tou avèk lespri mwen.*

Pòl tap itilize fraz “priye nan lespri a” paske li tap fè referans avèk pale nan lòt lang. Nou ka sipoze ke Pòl tap fè referans ak menm lide pale nan lòt lang nan lè li te di ke nap pale pawòl ke Lespri a te anseye nou.

*Paske, nenpòt moun kap pale yon lòt lang pap pale ak lèzòm, men lap pale ak Bondye. Tout bon vre, pyès moun pat konprann li; li tap pwononse mistè avèk lespri li.*

— 1 Korentyen 14:2

**BATÈM SENTESPRI A  
SE ZAM SEKRÈ  
BONDYE A! LI KA  
TELECHAJE VOLONTE  
LI SOU TÈA SAN DYAB  
LA PA KONNEN KISA  
KAP PASE.**

Yon lòt fwa ankò, Pòl tap pale de lespri nou kòm moun ki gen kapasite poun pale bagay ke nou pat janm wè, pat janm tande, oswa nou pat konnen, oswa jan Pòl di a, “mistè”. Gade byen tou nan vèsè sa ke Pòl te di nap priye mistè avèk pwòp lespri nou, se pa ak Lespri Bondye a. Kijan yon bagay nou pat janm konnen kapab antre nan lespri nou? Grenn sa fasil! Gras ak Lespri Bondye a, ki kounye a fè yon sèl avèk lespri pa nou.

*Paske, kiyès pami lèzòm ki konnen panse yon nonm eksepte lespri ki nan moun sa? Menm jan an tou, pyès moun pa konnen mod panse pa Bondye yo esekte Lespri Bondye a.*

— 1 Korentyen 2:11

Lè lespri nou pran panse pa Bondye yo, panse nou pran tout ide sa yo. Lè lespri nou pran panse Bondye yo, nou rele sa “revelasyon,” ke yo te mete “anfaz” sou li oswa, jan Pòl di, yo te “edifye.” Kounye a nou konnen poukisa Pòl te di li te kontan paske li te konn lapriyè nan lòt lang plis pase nenpòt lòt moun nan; li te resevwa benefis paskel te konnen kisa ki volonte Bondye nan chak grenn sitiyyason.

Se avèk sa Pòl tap fè referans nan 1 Korentyen 2:15-16 lan.

*Nonm espirityèl la fè jijman sou tout bagay, men li menm li pap anba jijman lèzòm: Paske, kiyès ki konnen sak nan panse Senyè a poul kapab petèt enstwil? Men, nou gen lespri Kris la.*

Nou pa limite ak yon senp jijman lèzòm, men nou kapab fè jijman sou tout bagay avèk èd Bondye. Sa se yon gwo nouvèl! Nou gen kapasite, lè nou lapriyè nan Lespri a (nan lòt lang), pou nou kapab resevwa mistè a, bagay nou pat konnen; ak konesans sa, nou kapab pran bon jijman oswa desizyon sou tout bagay!

Batèm Sentespri a se zam sekrè Bondye! Li kapab telechaje volontel sou tè a san dyab la pa konnen kisa kap pase a. An reyalite, priye nan Lespri a nan lis zam espirityèl nou yo ki nan Efezyen 6:18a:

## ÈSKE TOUT MOUN KAPAB PRIYE NAN LÒT LANG?

*Epitou, priye nan lespri a nan tout okazyon avèk tout kalite priyè ak demann yo.*

Priye nan Lespri a pèmèt nou pran estrateji ki pral pèmèt nou evite lènmi an, oswa avanse avèk taktik inik epi ki etranj.

Benefis ki genyen nan sa se paske nou kapab pran bon desizyon nan lavi a lè nou frape nan lespri Kris la. Mwen panse kew ta dwe dakò ke sa enpòtan anpil! Se sa mwen te vin konprann!

Kòm yon egzanp, map sonje kem te oblige pran yon gwo desizyon konsènan biznis mwen an. Yon reprezantan lavant ke mwen tap travay ansanm avèk li, kite reprezante youn nan machann mwen yo, te menase poul te mennen konpayi mwen an devan tribunal paske mwen pat swiv li nan yon novo konpayi. Li te vlem kontinye fè biznis avèk li apre li te fin kite machann ke mwen te konn toujou fè biznis avèk li a. Mwen te renmen reprezantan lavant sa, men mwen te santi lwayote mwen se te pou konpayi sa li tap travay la, se pat pou li. Sepandan, konpayi ke li tap travay pou li a, an reyalite, te dil ke tout kliyan li yo te kapab ale ansanm avèk li nan novo konpayi li an. Alòs, mwen pa tap fè anyen ki mal sim te ale ansanm avèk li, men poutan mwen pat santim byen poum te oblige ale ansanm avèk li. Konpayi aktyèl la te toujou pretem byen.

Li tap menasem poul te trennenm lajistis paske kèk mwa avan sa li te mandem eske ta prale ansanm avèk li nan novo konpayi a. Sanm pat panse sou sa reyèlman, mwen te dil wi. Li te dim ke li te konte sou biznis pa mwen an lè li te pran desizyon poul te chanje konpayi yo. Men, kounye a kòm dat la tap apwoche poul te kite, mwen te vin gen yon santiman enkyetid sou sa. Alòs, mwen te priye nan Lespri Bondye a pandan kèk jou. Men, mwen te toujou pat kapab tandem respons sa ke mwen te bezwen an.

Drenda ansanm avèk mwen souvan mennen timoun nou yo nan yon gwo pak ki rele Cedar Point pou amize yo ki distans kèk èdtan ak lakay nou an. Aktyèlman li se pi gwo pak woulo nan peyi Etazini, epi anjeneral nou ale nan pak sa yon kantite fwa chak ane. Se te yon vandredi swa, epi mwen te oblige gen respons lan nan Lendi maten sou kisa mwen te dwe fè. Mwen te deside ke li tap bon sim te jis mete lidem sou yon lòt bagay pou yon ti tan epi deside mennen Drenda nan pak amizman an jou aswè sa. Pandan mwen te kanpe nan liy lan, mwen pa tap menm panse ak desizyon sa ke mwen ta pral oblige pran nan Lendi maten an, epi toudenkou, mwen te konnen

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

ekzakteman kisa poum te fè. Li pot ko fè lanjelis Sentespri a te pale avèk mwen, epi mwen te rete nan konpayi paran an. Nouvo konpayi reprezantan lavant lan te pliye kèk mwa pita nan yon kesyonè.

Alòs, men yon gwo kle nan siksè—lapriyè! Epi priye nan Lespri a souvan pou tout bagay ale byen avèk ou epi wap pran bon desizyon, epitou pouw kapab pran mistè estrateji ou bezwen an pouw kapab pote viktwa.

*“Priye san rete” (1 Tesalonisyen 5:17.)*

# CHAPIT 7

# KÒFREFÒ

# TREZÒ A

Mwen sonje jou mwen te rankontre Dàn pou pwemye fwa. Li te kanpe nan legliz la, nan dènye ranje a dèyè nèt, ansanm ak kouzin mwen an Jennifer. Mwen te vin aprann pita ke yo te sou wout pou vin mennaj. Sepandan, mwen te kapab di parapò ak ekspresyon vizaj Dàn ke li te santil pat nan plas li. An reyalite, sa te sanble plis sanble kel pat konfòtab. Mwen te vin dekouvri pita ke legliz nou an te jis yon tijan diferan parapò ak legliz denominasyon ke li te konn ale ladanl lan. Men, pandanl te kòmanse tande pale sou Wayòm nan, li te kòmanse vin alèz, finalman, li te marye avèk kouzin mwen an.

Nan epòk sa, Dàn tap fè agrikilti sou anviwon 1,400 kawo tè nan Sant Owayo, epi sa pa tap mache byen. An reyalite, li pa tap fè pwofî epi li te enkyè anpil. Men, pandanl tap kontinye tande pale sou Wayòm nan ak fason Lespri Sen an kapab edel, li te vin jwenn Jennifer yon jou epi li te di: "Mwen vle double don nou an." Jennifer te choke men li te eksite anpil. Alòs, se sa yo te fè.

Ane sa, pwodiksyon yo a sou menm 1,400 kawo tè sa a te vin 128% pi wo pase ane anvan an. Li te vin tèlman wo, an reyalite, yo te kapab peye avèk lajan kach yon novo machin epitou achte, ak lajan kach, yon lòt fèm ankò, sa kite vle di pi plis sipèfisi pou yo te plante ane ki tap vini an. Dàn te tèlman eksite! Li te di papal ke li tap pran 10 ane poul peye novo fèm sa, epi li te jis peye fèm avèk lajan kach. Alòs, mwen te mande Dàn kijan bagay sa te fè rive epi poul te rakontem istwa a.

Ta sanble ke apre Dàn ak Jennifer te kòmanse double don yo an, yo te priye tou epi mande Bondye pou montre yo kisa pou yo te fè. Yon jou Dàn te di, pandanl tap gade nan pil imèl lapòs ke li te konn resevwa chak jou yo, pifò nan reklam maketin pou fèmye yo, li te jis voye yo jete nan yon poubèl pa 5 kat kote li konnen moun kap

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

fè vant ozanchè yo tap jwenn li ankò. Pat gen anyen espesyal nan ti kat sa, se te jis yon lòt reklam sou yon moso ekipman pou fèm. Dàn te envite kiltivatè yo nan yon reyinyon pou yo te kapab diskite sou zouti a.

Dàn te santi yon anvi etranj poul te ale, epi apre li te fin ale nan reyinyon an, li achte zouti sa kite nan anons lan. Zouti sa se te yon novo pwodwi ki vin sou mache a ki se te yon zouti ki tap ede yo nan plante, yon bagay ki gen rapò ak plasman gress epi preparasyon tè a. Dàn tap eseye eksplikem rezon syantifik ki fè zouti sa te efikas pou ogmante rekòt la, men mwen te gentan pat konprann anyen depi nan mwatye eksplikasyon an. Men, li te konprann sa, epi se sa kite enpòtan. Dàn te dim ke li te sèlman dezyèm kiltivatè kite achte zouti sa nan Owayo nan peryòd sa. Ok, ti zouti sa a te fè jwe la, avèk yon ogmantasyon 128% nan pwodiksyon se te rezulta a. Dàn te kontinye ap jwenn plis tè, epi jounen jodya, lap kiltive kèk fèm kisou plizyè milye kawo tè. Kounye a li gen anpil istwa sou fason Sentespri a te edel pran desizyon kite pou sel ale pi vit pase tout sa li te kapab janm imajine.

Alòs, kijan Dàn te fè rive chanje pèfòmans pòv sa ke fèm li an te konn bay la nan bay gwo pwofì kounyea? Li te swiv konsèy Konseye li a, kise Sentespri a. Sa ki tris la se paske pifò kretyen tande istwa sa epi yo pa gen okenn lide sou kijan bagay sa te fè rive, se poutèt sa mwen te santi ke sa te enpòtan anpil poum te ekri istwa sa nan liv sa. Non, pifò kretyen pral selebre jan Bondye gran, yap rekonèt ke se te travay Bondye, men yo pat gen okenn siy kijan pou yo te miltiptye bagay sa. Apre sa, nou fini ansanm avèk yon pakèt kretyen ki dezapwente avèk Bondye epi kap blame Bondye pou pwoblèm yo genyen. “Ki kote Bondye ye? Mwen pa konnen poukisa Bondye pat ede mwen” se mod pawòl sa mwen souvan ap tande.

Mwen espere kew te gentan reyalize bagay sa rive jounen jodya, men Wayòm nan se dapre lalwa li fonksyone, men se gras avèk favè. Bondye pa chwazi moun li pral beni epi chwazi moun lsa yo Li pap beni yo. Dàn pa youn nan moun Bondye te chwazi yo epi li pat pi espesyal pase sa pou Bondye ke ou menm. Ou gen menm dwa legal avèk Dàn nan Wayòm nan. Menm jan yon moun gen dwa pou simen semans ak pouse yon rekòt, Wayòm Bondye a ap fonksyone pou nenpòt moun ki konnen kijan pou sèvi avèk lwa Wayòm nan. Ou se yon manm nan fanmi Bondye a epi yon sitwayen nan gwo Wayòm li an epitou ou gen aksè a tout sa li genyen yo.

**Alòs, kite mwen diw poukisa anpil nan moun pèp Bondye a ap echwe nan lavi yo. Yo pa konnen kijan Wayòm Bondye a fonksyone, epi yo konnen kijan pou yo tande Lespri Sen an.**

*Men sa Seyè a di, Redanmtè **paw** la, sèl gress Sen pèp Izrayèl la: ‘‘Se mwen menm Seyè a, Bondye **paw** lan, kap **moutrew koman pouw fè pwofí**, kap mennen **ou nan chemen ou dwe ale a.**’’*

—Izayi 48:17, NKJV

Siksè Dàn lan pat yon bagay ke Dàn te gen nan pansel. Se te yon estrateji inik bon konprann Lespri Sen an paske Dàn te pran etap poul te aplike lwa Wayòm nan, epi li menm ansanm avèk madam li tap koute Sentespri a epi ede yo avèk yon plan. Mwen vle pouw ekri bagay sa yon kote.

### LESPRI SEN AN GEN PLAN AN!

**Pa gen anyen ki pi pwisan ke lew ke yon plan. San von plan, foto a se ap von rèv, men avèk von plan, rèv la kapab bati.**

Yon fanmi ka ap anvizaje pou yo gen yon gwo kay, yon kay kap gen anpil chanm, yon gwo espas pou salon, yon gwo kwizin modèn, ak anpil bél founiti. Men, nan pwen sa, se pa lòt bagay men son rèv, yon foto. Foto sa a dwe desinen epi, Enjenieri ap metel nan yon plan. Depi bòs mason an fin gen plan an, kay la kapab bati. Pou kèk rezon, majorite kretyen yo gen sa mwen rele yon mantalite bwat kourye. Lè yo priye epi mande Bondye lajan ke yo bezwen, menm jan Dàn te fè sa, yo jis atann yok e lajan sa pral parèt nan bwat kourye yo, oswa pi mal toujou, yo ap atann ke gen yon moun ki pral ba yo lajan sa. Yo pat gen okenn siy sou pwosesis la.

Wi, premye bagay, ou dwe gen imaj la. Men, gen yon pwosesis pouw Mennen foto sa an reyalite kote wap jwi li nan moman preznan. Repons lan se gen yon plan oswa estrateji ki nesesè pouw fèl rive. Kite mwen baw yon egzanp. Si mwen te diw mwen tap kapab rezoud pwoblèm finansyèw yo byen rapid, pouw ta prepare plim avèk papyew pandan mwen pral diw kisaw dwe fè, ou tap pran papyew avèk plim ou epitou preparew pouw kapab tandé respons paw la. Mwen tap kontinye poum diw ke pifò moun kap li liv sa, sa mwen sou wout poum diw ta kapab petèt eliminate estrès finansye ou yo an menm tan an tou liberew anba dèt anvan ane sa fini. Koulye a, men ou yo ap sere plim nan yon ti kras pi plis, epitou wap asirew kew pa pèdi anyen nan sa mwen pral di la yo.

Repons lan vrèman senp anpil, map eksplike. Jis fè yon pwofí 10 milyon dola apre enpo pou ane sa. Ou tap petèt ap gadem san rete pandan yon ti tan epi apre sa

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

ou tap kòmanse ri. Apre sa, mwen sipoze ke paske wap ri a sa vle di ke 10 milyon dola a pat ase, alòs mwen te ajoute, “Ok, si sa pat ase, ebyen, jis fè 25 milyon dola.” Apre sa, ou pat sèlman ri, men ou te kòmanse ri byen fò. Poukisa? Kite mwen diw kisa ki sot pase la. Pou pifò moun, 10 milyon dola tap libere yo epi retire yo anba dèt tout bon vre, men yo tap ri paske yo jis pat kapab wè tèt yo kap fè 10 milyon dola pandan yon ane. Opsyon 25-milyon dola a jis fè ri paske montan sa te byen lwen parapò ak pèspektiv yo ki nan posibilité yo ke sa te pouse yo ri.

Men, an nou di ke mwen te posede yon konpayi ekspòtasyon, epi mwen te ofri poum peyew \$1,000 pou chak boul kew mete nan yon bwat epi tepe yo apresa poun anbake. An nou sipoze tou kew ta kapab fè apeprè 500 nan bwat sa yo chak jou, epi mwen te ajoute ladan tou yon kontra 12-mwa nan menm pouvantaj la. Ide sa te lajman ekzajere pou rezon ilistrasyon sa yo, men sa pral fè pwen mwen vle fè pase a.

Koulye a, sipoze ke ou toujou gen kontra sa jounen jodya epi map fè menm deklarasyon sa ke mwen te gentan fè a, ke repons finansye paw la se pouw fè 10 milyon dola kòm revni apre enpo pandan ane kap vini an, kisa ou ta pral repons ou an tap ye? Koulye a, pa tap gen okenn griyen dan. Olye de sa ta gen rèl lajwa avèk gwo eksitasyon. Poukisa? Paske fè 10 milyon dola avèk kontra sa tap fasil. An reyalite, fè 25 milyon dola tap fasil, epi fè 100 milyon dola tap posib tou. Kisa kite chanje? Yon sèl gress bagay—ou gen yon plan. Menm jan avèk deklarasyon mwen te bay pi bonè a, ke nenpòt moun kapab pran pwason si Jezi montre yo ki kote ak kijan pou yo fè lapèch, alòs li la kounye a pou ou. Depiw gen yon plan, yon plan kew kapab wè tèt ou kap fè, pwoblèm ou an te rezoud.

“‘*Paske mwen konnen plan mwen gen pou nou,’* Senyè a deklare, ‘*plan pou yo pwospere epi ki pap fèw sa ki mal, plan ki pou ba ou espwa ak yon avni*’” (Jeremi 29:11).

Kite mwen dil yon fwa ankò—Mwen panse ou bezwen tandel ankò—Bondye gen plan **PAW LA!**

**KITEM DI SA ANKO—**

**MWEN PANSE KEW**

**BEZWEN TANDEL**

**ANKÒ—BONDYE GEN**

**PLAN PAW LA!**

Sa gen kèk mwa, mwen te gen privilèj poum te rankontre youn nan patnè mwen yo nan yon legliz kotem tap anseye. Nan fen sèvis la yo te vini avèk yon kesyon, oswa mwen ta dwe di yon deklarasyon. “Se pat mache! Mwen te simen semans pa mwen an, mwen te dakò ansanm avèk marim poum te kapab jwenn towo wapiti pa mwen an, epitou mwen pat jwenn youn.” Dam sa te dim kijan li te simen pou yon wapiti espesifik, yon towo wapiti, ak pou yon wapiti kap ofri yon gwo katouch. Alòs, mwen te kòmanse pozel plis kesyon epi finalman te mande li, èske pa aza li pat konn wè yon wapiti jou li te konn ale lachas yo. Li te dim, “Wi, kalite egzak towo wapiti ke mwen te simen pou li an te vin vini epi li te kanpe bò kote mwen an nan distans pafè a poum te tire katouch mwen an.”

Koulye a, mwen te yon ti kras choke nan ka sa, alòs mwen te mandel kisa kite pase apre sa. Li te di ke li te tire katouch pafè li a, men li te mande yon zanmi poul te fikse fizi li nan, epi, zanmi li an te fè sa, li pat janm tcheke sa pou kont li epitou li te rate katouch pal la. Kounye a, sa te vin parèt aklè pou mwen, men sa ki etonanm nan, anyen pat janm klè pou dam sa.

Mwen panse ke se kote sa anpil kwayan ye. Pou kèk rezon, yo pa konprann pwosesis la, wòl ke yo gen pou yo jwe nan rekòt la. Mwen te oblige eksplike li ke Bondye te gentan fè pati pa li a, men ke li menm se li kite rate fè pati pa li a. Ou wè, Bondye kapab ba ou plan an, men ou dwe fè pati paw lan nan plan an pou li kapab byen mache. Se ou menm ansanm avèk Bondye!

*Peyi Wa ki nan syèl la se tankou trezò ki KACHE nan yon jaden. Lè yon nonm te jwenn li, li te kachel ankò, epi avèk kè kontan li te ale, li vann tout sa li te genyen, epi li achte jaden sa a.*

— Matye 13:44

Gen anpil verite Wayòm lan nan Vèsè sa a! Avan tout bagay, se pou nou defini kisa trezò a ye. Dapre diksyonè, trezò se yon bagay kew posede ki valab oswa presye nan nenpòt kalite a. Alòs, trezò pa oblige yon moso lò; li kapab nenpòt bagay ke ou bezwen nan moman sa. Alòs, Vèsè sa ap di ke Peyi Wa ki nan syèl la se tankou trezò, oswa ou ta kapab di ke tout saw bezwen nan lavi a nan Wayòm sa. Alòs, ki kote Wayòm nan ye? Nan Vèsè sa, Jezi di ke trezò a kache nan yon jaden. Waw, èskew pa ta renmen konnen ki kote jaden sa ye? Byen, bòn nouvèl la se paske Jezi di nou ki kote jaden sa ye epitou kijan pou nou jwenn trezò ki kache ladanl lan.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

Si nou al gade nan Parabòl Semans lan nan Mak 4, nou jwenn Jezi tap anseye sou fason lafwa te pwodui anndan kè lèzòm. Ke Li sèvi ak yon analogi ki konpare lespri lèzòm avèk latè epi Pawòl Bondye a ak semans ki simen nan tè a. Sèvi avèk menm analogi sa, mwen kapab asime ke nan pati sa latè fè referans ak menm definisyon ki nan Matye 13 la, se te lespri lèzòm. Mwen vle pran yon segonn epi fèw sonje sa nou te aprann nan chapit 6 la, ke lè nou fèt yon dezyèm fwa, lespri imen nou an vin fè youn avèk Lespri Bondye a, sa ki pèmèt nou tape nan panse Bondye. Alòs, trezò ki nan jaden an pa gen limit pou nou, men li ta gen ladaml tout sa Bondye ye menm jan nou fè yon sèl ansanm avèk Li nan Lespri a.

*Okenn zye pat janm wè, okenn zòrèy pat janm tandem, okenn lespri pat assent sa Bondye te prepare pou moun ki renmenl yo—men Bondye te revele nou sa gras avèk Lespri l. Lespri a chèche tout bagay, menm bagay pa Bondye ki pwofon yo. Paske, kiyès pam i lèzòm ki konnen panse yon monm eksepte lespri moun ki nan li? Menm jan an tou, pyès moun pa konnen mod panse Bondye yo esepte Lespri Bondye a. Nou pat resevwa lespri mond nan men Lespri Bondye a ki soti nan Bondye, pou nou kapab konprann bagay sa ke Bondye ban nou gratis.*

— 1 Korentyen 2:9-12

Apre sa, 1 Korentyen 2:16 ajoute ke nou gen modèl panse Kris la! Jezi verifye ki kote trezò sa ye nan Lik 17:20-21.

*Wayòm Bondye a pa vini avèk atansyon obsèvasyon nou ... paske Wayòm Bondye a se nan ou.*

— Lik 17:20-21

*Èske nou pat konnen ke kò nou se tanp Lespri Sen an, sa ki nan nou an, sa nou te resevwa nan men Bondye a? Ou pa pou pwòp tèt ou; yo te peye yon pri pou yo te achtew. Poutèt sa onore Bondye avèk kò ou.*

—1 Korentyen 6:19-20

Alòs, kitem rezime sa map eseye di a.

## **GEN TREZÒ NAN OU!**

Ki kantite trezò? Trezò ki pi plis pase tout rèv pi sovaj ou yo! Trezò ke ou pap kapab mezire!

*Koulye a, pou sila ki kapab fè bagay kip a kapb mezire plis pase tout sa nou mande oswa imajine, dapre pouvwa li kap nan travay nan nou an.*

— Efezyen 3:20

**TOUT BAGAY GENTAN  
POU OU DEJA, ZANMIM,  
WAYOM LAN  
ANNANTYE. BONDYE  
PA KA AJOUTE ANYEN  
NAN SA KE LI GENTAN  
BA OU DEJA. OU GEN  
TOUT BAGAY DEJA!**

kalite èd sa kapab vin san valè oswa ke Bondye vle tout bon vre vini repons moun sa yo nan chak gress domèn nan lavi.

Men, aprew te fin fêt yon dezyèm fwa, ou te vin tounen yon manm fanmi Bondye epi ou te vin tounen yon sitwayen nan gwo Wayòm Li an. Li gentan ba ou tout sa li genyen! Anreyalite, Lik 12:32 di pa gen okenn rezon pouw pè oswa krent, jan Papaw te kontan baw Wayòm nan. Ki wayòm? Wayòm pa Li an!

“*Nou pa bezwen pè, ti twoupo, paske Papa nou te kontan ba ou wayòm nan.*”  
(Lik 12:32).

Tout bagay gentan pou ou deja, zanmim, wayom lan annantye. Bondye pa ka ajoute anyen nan sa ke li gentan ba ou deja. Ou gen tout bagay deja! Anpil moun aji tankou yo pral deranje Bondye si yo fèl patisipe nan lavi yap mennen chak jou. Men, sa se jis inyorans. Si mwen te diw kew se yon sitwayen Etazini, epiw te di, “Ok, mwen jis pat konnen sa. Si mwen louvri yon boutik isit la, mwen tap pè ke mwen ta kapab deranje yon moun si mwen te vle pwofite kèk avantaj nan lwa peyi a ki ta pèmèt mwen ouvri biznis mwen an isit la.” Kòm yon sitwayen, ou gentan gen tout

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

Iwa ak privilèj ke tout peyi a gen poul ofri. Tout bagay sa yo se pou ou! Pa fè bak. Pran tout avantaj ki legalman gentan pou ou deja!

### **Poukisa yo te konpare Wayòm Bondye a avèk yon trezò?**

Paske siw gen aksè a konesans syèl la, ou kakap konnen kisa pouw fè nan chak sityasyon avèk estrateji ki inik epi kip a komen, estrateji sa yo ke Bondye-te bay. Kitem baw yon lòt egzanp sou fason bagay sa fonksyone.

Lè Drenda ansanm avèk mwen te kòmanse aprann sa ki gen rapò ak Wayòm nan, lavi nou te chanje anpil. Lèw soti konplètman anba dèt se te tankou respire yon nouvo lè ki fre, epitou lavi a te vin pran yon bon sant ki konplètman nouvo. Mèvèy lèw kapab peye ak lajan kach 55 kawo tè nou yo se te tankou yon rèv, sa te bèl anpil, men nou te toujou bezwen bati yon kay sou li. Nou pat konnen anyen ki gen rapò avèk konstriksyon yon kay, epitou nou pat vrèman konnen ki kote poun te kòmanse. Men, nou te kòmanse lapriyè sou KOUMAN pou nou jwenn kay sa nou te bezwen an sou pwopriyete a. Nou ta pral fè Lespri Sen an konfyans poul ede nou.

Nan volonte poun soti anba dèt konplètman, nou te kòmanse eksplorè lòt fason ki pat konvansyonèl sou kòman pouw bati yon kay. Youn nan metòd yo se te yon gwo kay ak yon pri redwi. Yon kay modilè se pa yon konntenè men, pito, se yon kay ki bati anndan yon faktori apre sa, yo vin montel sou pwopriyete a. Kay sa yo gen menm bon kalite a avèk nenpòt kay ki bati avèk beton men kay sa yo vann nan yon pri ki redwi akòz metòd konstriksyon efikas ke yo itilize nan faktori a. Alòs, nou te gade 2 oswa 3 konpayi ki pati modèl kay sa yo te ofri. Apre kèk rechèch epi nou te gade kèk kay modilè, nou te santi ke sa se nan wout sa poun te ale epitou chwazi yon konpayi ak modèl kay ke nou te panse ki ta dwe yon bon kay sou pwopriyete nou an. Nou te pare pou nou siyen kontra a lè nou te fin retounen lakay nou apre yon kongrè lekòl ke yo te envite nou poun te vin pale nan vil Vijini. Nou te deside ale ansanm avèk plan yo pou nou te kapab diskite sou nenpòt ti detay nou te kapab petèt rate epi asire nou ke se sa nou te vle fè anvan nou siyen kontra a lè nou te retounen.

Mwen pa sonje kòman sa te fè rive ke yo te envite nou vin pale nan konferans sa nan Vijini, men yo te envite nou rete avèk youn nan fanmi yo ki nan lekòl pandan nou te nan zòn lan. Lè nou te rive nan bèl kay ki fèt nan stil zòn Sid yo epi rankontre nouvo zanmi nou yo, nou te kòmanse fè kòmantè sou kijan kay yo a te bèl. Nan konvèrsasyon sa a, nou te vin dekouvri ke se yo menm kite konstwi kay la. Premye bagay, mwen te choke nan. Mwen te mande yo, “Èske nou konn bati kay?” “Non,” se sa yo te reponn. Papa a te enfòme nou ke li te kontab nan yon gwo

konpayi lokal. “Ok, kijan ou te fè konnen kòman pouw te bati pwòp kay ou a?” Se sa mwen te mande li.

Yo te kòmanse pale sou plizyè lòt bagay, epi nan konvèsasyon an, nou te di yo nou ta pral konstwi yon kay tou epitou nou gen poun te siyen kontra a byen rapid lè nou tounen nan vil la. Yo te kontan tande sa epi yo te kòmanse mande nou detay sou nouvo kay nou an. Nou te kòmanse pale ak yo konsènan Wayòm nan epi fason lavi nou te rive chanje. Nou te pataje fason nou te peye avèk lajan kach pou 55 kawo tè yo epitou kijan nou te eksite poun te soti nan kay kanpay sa.

Nou te di yo ke nou te gen plan an ansanm avèk nou, epi yo te mande nou èske yo te kapab wè plan an, aksyon, ke nou te fè, nou te kontan gen opinyon pa yo. Alòs, nou rale plan yo epi nou te chita sou tab kwizin yo a epi louvri plan an sou tab la. Li pat pran tan pou madanm lan te kòmanse di pawòl tankou, “Non, zòn sa a twò piti,” oswa “ou bezwen yon pi gwo kwizin,” oubyen “èske ou te reflechi ak kay sa a pou lè timoun ou yo ap vin pi gran? Antanke pastè, ou vreman bezwen yon pi gwo espas divètisman.” Alabaz, yo tap montre nou poukisa kay sa a se pat model kay ke nou te dwe bati a, epitou nou te kapab dakò ak chak gress pwen ke yo te fè. “Ok, kijan nou kapab bati yon pi gwo kay avèk kantite lajan nou genyen poun depansea ?” “Sa fasil,” se sa yo te di. “Konstwil poukont ou!” Lè mwen tande pawòl sa yo, mwen te prèske ri. “Poum bati pwòp kay mwen?” Kòm mwen te di, mwen pat konnen anyen sou sa ki gen rapò ak kay! Men, yo te kòmanse ankouraje nou, di ke se pa yon bagay ki difisil pase sa. Yo te pale nou de yon liv ki te rele, *Save up to \$50,000 or more as own General Contractor: How to Plan, Subcontract and Build Your Dream House* ke Warren V. Jaeger. Ekri.

Alòs, lè nou te retounen lakay nou, nou te chwazi poun pat siyen kontra a pou konstwi model kay modilè a. Nou te achte liv la epi nou te li liv la, ak reflechi sou chak gress chapit yo. Nou te kòmanse ap gade kèk plan kay ki pèsonalize tou. Ofinal, nou te jwenn plan yon kay ke nou te renmen epi yo te kòmanse diseke yon plan etap-pa-etap. Nou te pale avèk zanmi epi moun ke nou te konnen kite bati kay tou. Alafen, nou te vin deside ke nou te kapab fè sa! Nou te gade plan batiman an epi nou te mande tèt nou, “Kisa nou kapab fè ak pwòp tèt nou poun kreye yon bidjè pou kay sa a?” Enkwayab, mwen te deside ke mwen te kapab file kay lan annatyé, menm si mwen pat janm kenbe yon fil 12/2 nan lavi mwen. Yon zanmim kite konprann koman poun te pase fil elektrik te dim se te yon bagay ki fasil epi li tap montrem kouman.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Estrateji a**

Paske mwen te okipe nan biznis mwen an, Drenda te deside ke se li ki ta pral kontraktè jeneral la kap travay avèk lòt soutretan yo. Nou te aliye nou avèk yon kontraktè poul te ankadre kay la, epi rès la tap soukont nou. Sa kite vin pase apre yo te vin chofe anpil men se te jou kite pi enteresan nan lavi nou. Poum fè yon istwa long vin kout, nou te konplete kay nou an ak doub pye kare ke modilè a ofri. Nou te gen pòt bwa ki solid; planche bwa ki di; bòdi kouwòn bwa ki solid; ak bèl kabinèt koutim nan kwizin nan ki plen ak novo aparèy asye ki pa melanje. Nou te kalkile ke nou te rive sove plis pase \$200,000 nan bati kay sa pou kont nou!

**MWEN TOUJOU DI KE  
SEKRÈ BONDYE YO  
SERE POU OU, MEN YO  
PA KACHE POU OU!  
SATAN RETE NAN  
FENWA EPITOU LI PA  
KONNEN KISA KI PLAN  
BONDYE YO.**

pandan yon ti tan, men nou tap bezwen depase li kèk tan apre. Kay nou te bati a se toujou yon temwayaj pou mwen kòm yon egzamp sou fason Sentespri a pral edew nan chak gress sitiyasyon, lap baw yon plan ak direksyon ki pral depase tout atant ou!

Alòs, yon lòt fwa, kitem diw sa yon lòt fwa ankò...

### **Bondye gen plan PAW LA!**

Men, ou kapab ap di, “Gary, tout bagay sa yo bon, men Matye 13:44 di plan an kache!” Wi, li kache, epitou se pou avantaj paw. Mwen envitew gade kisa Jezi di nan Matye 13:10-11.

*Disip yo te pwoche bò kote li, epi yo te mandel, ‘‘Poukisa wap pale ak pèp la an parabòl?’’ Li te reponn yo, ‘‘Nou te ba ou konesans sou sekrè yo [bagay ki kache yo] nan Wayom syèl la, men se pat yo menm.’’*

— Matye 13:10-11

Konesans sekrè sa se pou ou, se pat pou dyab la oswa pou move moun ki tap mal sèvi avèk li oswa ki tap anpeche moun konnen plan Bondye yo. Bib la di Satan pral chanje taktik si li ka konprann kisa Bondye ap fè.

*Non, nou pale de sajès sekrè Bondye a, yon sajès kite kache epi ke Bondye te destine pou glwa nou anvan menm ke lè a te kòmanse. Okenn nan chèf nan epòk sa yo pat konprann sa, paske si yo te fè sa, yo pa tap klosure Senyè glwa a sou kwa a.*

— 1 Korentyen 2:7-8

Mwen toujou di ke sekrè Bondye yo kache pou ou, pa pou ou! Satan rete nan fènwa epi li pa konnen plan Bondye yo. Li ka sèlman reyaji a sa Bondye ap fè. Depi lè li jwenn sa k ap pase a, li twò ta! Kidonk, pwochen fwa ou vin yon ti kras nève lè minwi a ap pwoche epi ou toujou pa gen repons ou, konnen ke Bondye pa janm an reta, epi sa ou ka wè kòm yon reta ap travay pou ou lè ou kenbe repons lan kache jiskaske li lè pou li revele.

*Peyi Wa ki nan syèl la se tankou trezò ki **KACHE** nan yon jaden. Lè yon nonm te vin jwenn li, li te kachel ankò, epi ak kè kontan li ale, li vann tout sa li te genyen, epi li achte jaden sa a.*

— Matye 13:44

Nou te diskite sou kisa ak ki kote jaden an ye epi poukisa trezò a te kache. Nou te diskite tou sou fason pou nou tandé bagay ki kache yo nan Wayòm Bondye a lè nou priye nan Lespri a epi koute vwa Sentespri a. Men, gen yon lòt prensip enpòtan nan pwosesis la ki nan lis Vèsè ke nou dwe konnen. Lèw pa fè atansyon sa ka koz anpil bon epi plan ki nòb fè echèk epi sa ka lakoz tou destriksyon devastatè nan lavi anpil moun. Siw gade byen nan vèsè nou an depi nonm lan te fin tandé trezò a, lide a, direksyon an, oswa plan pa Bondye a, vèsè a di ke nonm lan te tounen kache trezò a ankò. LI PAT AJI SOU LI touswit! Li pat kòmanse di tout zanmil yo ansanm avèk vwazén li yo sa li te tandé nan men Senyè a oswa sou nouvo plan eksitan li yo, antouka li pot ko di anyen. Bib la di ke li tounen kachel ankò, li ale vann tout sa li te genyen, epi li achte jaden an. Nan yon tèm ki senp, li pat vle revele kote trezò a ye bay nenpòt lòt moun nan jiskaske li te vin posede li kounyea. Lè nonm lan te tann jiskaske li posede jadena an, li asirel ke pèsonn pat kapab volè trezò a nan men li.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

Vèsè a montre tou ke nan moman li te jwenn trezò a premye fwa a, li pat vreman nan pozisyon poul te peye pou trezò a epi li te dwe ale nan yon pwosesis preparasyon kap pèmèt li achte jaden an. Prensip sa a ale pi lwen pase lajan ak senpleman jis achte yon bagay. Lap anseye nou yon prensip ki enpòtan anpil nan lavi a avèk kijan ou dwe aji sou sa Sentespri a montrew si ou vle reyisi.

Vèsè a di ke depiw fin tandé lide a oswa direksyon an, ou pa dwe deplase sou li jiskaske ou gen kapasite pouw okipe li. Mwen panse ke nou tout ap kapab wè byen fasil kijan bagay sa a travay avèk lajan. Siw pa gen ase lajan pouw achte tè a, san okenn dout ou pa tap di yon lòt moun ke te gen yon trezò nan tè sa. Si pawòl la te pale epi moun te vin konnen te gen yon trezò nan tè sa, ou mèt asirew ke yon lòt moun tap gentan achtel anpremye. Olye de sa, ou ta pral fè tout sa ou te bezwen pouw jwenn lajan pouw achte tè a, pandan tan sa wap kenbe verite sou trezò a kache a pou ou menm sèl.

Menm prensip sa a se laverite pou chak gress direksyon oswa enstriksyon Bondye kapab ba ou. Anpil fwa, kretyen yo rate kòmansman an pou fen an. Anpil fwa, Sentespri a pral revele nou yon lide, li pap revele nou li pou nou kapab avanse nan lide sa nan moman an men se pou li pèmèt ke nou prepare nou poun kapab kaptire opòtinite yo. Faz preparasyon an nan nenpòt efò a se pati ki pi enpòtan nan pwosesis la. Nan espò, jwè yo pèdi oswa genyen dapre jan ekip yo te prepare pou jwèt la pandan seyans pratik yo, lè pyès moun pa tap gade. Men, ou ta dwe dakò ke fè pratik se pa pran plezi; son bagay ki di epi ki fatigan. Kòm konparezon, tout moun renmen eksitasyon nan jwèt la, foul moun yo, limyè yo, ak chèdepoul viktwa a bay.

Malerezman, rèv sa yo tounen doulè ak lapenn lè preparasyon yo pat byen fèt. Mwen pa kapab diw konbyen moun mwen te wè bato lavin yo ki tap fè nofwa paske yo pat konnen prensip sa. Mwen te konn wè moun ke Bondye te rele tout bon vre, moun kite gen onksyon, kite kòmanse yon legliz lè yo pat prepare emosyonèlman oswa finansyèman, epi ki fini ak yon dezas olye de rèv sa ke yo te anvizaje a. Mwen te wè moun kite tandé Bondye ba yo yon lide pou yon biznis, epi, konvenki nan siksè, kite kouri kite travay yo san yon bonjan dilijans oswa preparasyon epi yo fini nan fayit. Pati ki pi tris nan istwa sa yo se paske se Bondye yo vin ap blame, epitou moun sa yo pat sèlman gen pwoblèm ak pwòp tèt pa yo men yo te pwoblèm tou avèk Bondye. Mwen pa fin kwè poukisa anpil moun panse siksè vini brid sou kou konsa pandan yon lannwit. Men, moun sa yo ta dwe aprann pwosesis siksè yo ki nan sèl gress vèsè byen senp sa.

Moun vin jwenn mwen epi yo di, “Ey, Pastè, Bondye te dim ke sa se legliz pa mwen an.” Apre sa, ou pa janm wè yo ankò. “Ey, Pastè, se Bondye kite ban mwen gwo lide biznis sa.” Pwochen bagay ou te vin tandé, ke ke kay moun sa yo te nan lis nan kay pou vann yo epi yo te sezi machin moun sa yo. Se PA bagay sa ke Bondye genyen pou ou.

Lè nou tandé yon lide ki soti nan Sentespri a, sa pa vle di ke nou dwe kouri plonje tèt besé nan lide sa menm moman an. Majorite fwa, lap mennen nou poun kache rèv sa epi lap prepare nou poun kapab okipe li. Anjeneral, nou pa gen tout sa nou bezwen poun okipe vizyon sa avèk siksè. Preparasyon kapab pran yon semèn oswa menm plizyè ane, selon sa Bondye ap montrew pouw fè a. Ou dwe konprann ke preparasyon avèk jesyon tan gen menm enpòtans oswa pi enpòtan pase lide a li menm!

Mwen konnen nan ka pa mwen an, mwen te gen apèl poum preche Levanjil la lèm te gen 19 lane. Mwen te gen yon vizyon kote mwen te wè tèt mwen ki kenbe yon Bib epi Senyè a tap di, “Mwen relew pouw vin preche Pawòl mwen an” pandan 3 fwa. Se te yon eksperyans kite reyèl epi pwisan. Men, Senyè a pat dim poum tal kòmanse preche nan moman sa. Olye de sa, li te dim poum tale nan inivèsite. Ou wè sa, alabaz mwen te sèch nèt, mwen te kite nan lekòl segondè avèk yon mwayèn 1.3. Mwen te timid anpil tou epi mwen te evite rete bò kote moun. Poum pi klè toujou. Mwen pat menm genyen tou matirite ki nesesè poum te pastè lòt moun! Alòs, mwen te ale nan inivèsite, epi sa te difisil—difisil anpil, men mwen te pèsevere epi fini diplòm 4-ane mwen an.

Apre mwen te fini ak etid inivèsitè a, mwen tap mande si lè a te rive poum tap preche a. Men, Senyè a te dim li te vle mwen al travay nan yon konpayi finansye lokal kap vann asirans ak sekirite sosyal. Malgré sa pat gen okenn sans pou mwen, mwen te konnen se vwa Bondye ke mwen tap tandé, epi mwen te aksepte djòb la. Travay sa a te pi difisil pase inivèsite a. Mwen te oblige fè apèl frèt chak jou epi aprann simonte perèz mwen anvè lòt moun. Viv sou komisyon se te yon bagay ki difisil tou, epitou, poum onèt, mwen te vle kite travay la byen rapid chak jou, men mwen te konnen mwen pat kapab fè sa. Ofinal, apre kèk ane, mwen te vin bon nan sa mwen tap fè a. An reyalite, Drenda ansanm avèk mwen te vin devlope biwo nimewo 1 an sou 5,000 biwo nan tout peyi a avèk konpayi nou tap travay la.

Se nan pwen sa ke Bondye te dim ke kounye a lè a te rive poum te komanse yon legliz. Mwen te gen 40 lane nan épòk la. Sa te pranm 21 lane pou Bondye te

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

preparem pou vizyon li te ban mwen an depi lèm te gen 19 lan. Depim te fin kòmanse ap bay sèvis mwen kòm pastè, mwen te vin konprann poukisa mwen te bezwen anpil preparasyon. Sèvis antanke pastè te pi difisil ke sa mwen te kapab panse li tap ye. Men, akoz fòmasyon mwen sou koman poum trete lòt moun ak koman poum jere rejèksyon nan biznis, mwen te kapab rete fidèl ak apèl Bondye a nan lavi mwen. Chak devwa pa pral pran 21 lane poun prepare yo, men prensip preparasyon an pral menm bagay la.

Akoz prensip preparasyon sa, mwen renmen parafraze Matye 13:44 ki di konsa:

*Wayom syèl la ki nan ou baw konesans oswa aksè nan konesans sekrè yo, oswa bagay ki kache ke Bondye konnen. Konesans sa aksesib nan Lespri Bondye a, se li menm ki nan ou. Lè yon moun jwenn oswa tandé konesans sekrè sa kise yon trezò pou li, yon repons pou li, lap tounen kachel ankò nan kè li ak lespri li. Apre sa, nan lajwa li prale ak tout fòs li pou pouswiv, avèk bon jan preparasyon, direksyon ak enstriksyon kite revele ak li a, konsa lap kenbel epi kaptire repons pa li an.*

# CHAPIT 8

## ANDWA KI DIFISIL POUW PRAN PWOMOSYON

Zanmi mwen Pastè Pyè ansanm avèk madanm li, Bev, ki se pastè yon gwo legliz nan Nouvèl Zeland, te vini Ozetazini pou yon vizit rapid. Se te nan sezon Nwèl, epi yo te pral kanpe nan Colorado Springs nan otèl Broadmoor la pandan kèk jou pou yo te detann yo epi jwi peyizaj peryòd Nwèl la. Siw poko janm ale Broadmoor, se youn nan pi rafine otèl liks ki gen nan Amerik la epi enstale sou tèt montay Rocky yo; epi yo konnen rizòt sa pou bèl dekorasyon sezon Nwèl yo. Pastè Pyè te rele nou poul te fè nou konnen ke yo tap vin nan otèl sa epi li te mande si nou te vle vin jwenn yo. Nou te kouri pran opòtinite a epi nou te pase 3 pi bèl jou kote sa.

Lè mwen ansanm avèk Pastè Pyè, anjeneral nou pase anpil tan ap pale sou sa ki gen pou wè ak ministè a paske li se yon manb nan ekip mwen an, se sa nou te fè pandan vwayaj sa. Nou tou 2 tap pale de plan nou yo pou ane kap vini an epi nou te jis ap pataje lide nou. Evantyèlman, lè a te rive poun te di orevwa, se moman ki toujou tris la paske moun sa yo se bon zanmi nou. Drenda ansanm avèk mwen anjeneral toujou al vizite yo nan Nouvèl Zeland yon fwa chak ane, oswa omwen chak 2 lane, men ane sa, mwen te gentan okipe anpil epi mwen pat gen plan poum te fè sa.

Alòs, sa rive ke nou te tounen lakay nou prepare poun fè fas ak nouvo ane a avèk anpil antisipasyon. Sa ki enteresan an, sepandan, jou 9 janvye a, mwen te fè yon rèv kote yo te vin di mwen ke Pastè Pyè ta pral envitem vin preche nan legliz li a nan mwa fevriye. Map sonje mwen te panse ke sa te parèt etranj anpil kòm mwen te fenk sot pase 3 jou avèk, li pat menm pale de sa pandan tout diskisyon nou yo, epi te manke sèlman kèk semèn pou mwa Fevriye a te rive. Mwen te di Drenda kisa Senyè a te dim pandan mwen ta prale nan kwizin nan pou mal pran dejene.

Òdinatè mwen an te sou tab kwizin nan, epi mwen te jis louvri. Pandanm te chita ap bwè yon ti kafe, mwen te wè yon imèl ki rive ke Pastè Pyè te voye. Pandanm louvri imel la, mwen te sezi wè ke Pastè Pyè te envitem vin preche nan konferans finansye anyèl li a, ki ta pral fèt nan 3 semèn sèlman. Se vre, mwen te sezi, men

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwa Estrateji a

akòz rèv la mwen pat choke. Mwen te pran yon koudèy sou orè mwen poum te kapab wè si sa tap posib paske mwen te gen anpil vwayaj poum te fè pandan mwa a, nan apeprè menm epòk pastè Pyè te envitem vini Nouvèl Zeland lan. Drenda ansanm avèk mwen te gentan pwograme poun tale Bweno Zè, nan peyi Ajantin, kèk jou anvan mwen te dwe ale nan Okland. Sèl fason mwen tap kapab rive atan se te kite Bweno Zè apre konferans lan epi pran avyon poun ale Sydney,Ostrali dirèktman, epi apre sa, pran yon vòl poun ale Okland. Mwen pa tap janm òganize yon vwayaj konsa, men paske Senyè a te pale avèk mwen, mwen te konnen ke nou te sipoze ale.

Vwayaj poun te ale Ajantin lan se te yon vwayaj ke youn nan machann ke konpayi mwen an ap fè biznis avèk li te peye pou tout bagay. Se te yon bon vwayaj epi li te yon bon moman poun te wè ankò kèk zanmi ke mwen te konn wè yon fwa sèlman chak ane oswa yon lè konsa. Ajantin nan epòk sa tap fè fas ak kèk pwoblèm finansyè kite grav anpil, epitou te gen kèk manifestasyon nan vil la, men anjeneral, se te yon gwo vwayaj kòm mwen pot ko janm ale Ajantin anvan sa. Vòl poun tale Sydney tap 16 èdtan, se te vòl ki pi long mwen te janm fè avan sa. Se te poun te ale sou tèt Pòl zòn Sid la, ke mwen te panse kite bèl anpil paske mwen te espere wè pati sa nan mond lan apati fenèt yon avyon.

Pandan vòl nou an, gade deyò fenèt la pat gen anyen men se te glas avèk nèj kite anba mwen an, mwen jis reyalize ke mwen tap vole nan yon liy areyèn Ajantin, yon konpayi avyon kite gen pwoblèm finansyè tou nan yon peyi ki tap lite pou finans li te rete ap flote. Panse sa tap travèse lesprim pandan yon segond ke si konpayi sa a ta pat pran tan ki nesesè a poul te fè antretyen nan avyon li yo epi nou ta vin oblige fon atirisaj fòse nan pati sa nan mond lan, se pa tap yon bèl imaj. Men, mwen te konnen mwen te an sekirite nan men Senyè a, Li menm kite dirijem poum te fè vwayaj sa.

Lè nou te rive Sydney, nou te rele nan telefòn Pastè Pyè ak Bev byen rapid, epi nou te sezi tandem ke Pastè Pyè te nan lopital akoz li te fenk fè yon gwo kriz kadyak. Li pa tap kapab preche ditou pandan gwo wiken finansye sa epi li te mandem sim te kapab anseye pandan tout evènman an. Kounye a, mwen te konnen poukisa Senyè a te dirijem poum vini Nouvèl Zeland, epi mwen te tranble pou jan Sentespri a te dirije chak pa mwen yo. Sa se yon gwo rapèl de sa Women 8:14 di.

**“MOUN KE LESPRI  
BONDYE A TE DIRIJE  
YO SE PITIT BONDYE.”**

**— ROMEN 8:14**

## ANDWA KI PI DIFISIL POUW PRAN PWOMOSYON

“Moun ke lespri Bondye a te dirije yo se ptit bondye.” (Women 8:14).

Yon lòt fwa ankò, nap pale de kapasite poun tandem direksyon an, lide yo, ak konsèp yo nan men Lespri Sen an. Pa gen yon pi bon istwa ke sa nan Bib la poum kapab montrew pwochen lesion mwen an sou kouman lèw tandem Sentespri a ki ap baw repons ou bezwen ke istwa Danyèl la. An nou swiv istwa a ki kòmanse nan Danyèl 2:1–6.

*Nan dezyèm lane rèy li a, Nèbikadneza te fè yon rèv. lespril te boulvèse epi li pat kapab dòmi. Alòs, wa a te rele majisyen li yo, sòsye yo, vwayan li yo ak astwològ li yo pou yo te dil kisa li te reve a. Lè yo te fin antre epi yo te kanpe devan wa a, li te di yo, “Mwen te fè yon rèv kap boulvèsem Mwen vle konnen kisa rèv sa vle di.”*

*Apre sa, astwològ yo te reponn wa a nan lang arameyen, O wa kap viv pou tout tan! Rakonte sèvitè ou yo rèv la, nap kapab entèpretel.”*

*Wa a te reponn astwològ yo, Men sa mwen te deside avèk anpil konviksyon: Si nou pa dim ki rèv mwen te fè a, si nou pa dim kisa rèv sa vle di, map fè koupe tèt nou anmiyèt moso epi map fè kay nou tounen yon pil dekonb. Men, si nou rakontem rèv la epi esplikem li, wap resevwa nan menm kado ak rekonzans epi gwo onè. Alòs, rakontem rèv la epi entèpretel pou mwen.”*

—Danyel 2:1-6

*Astwològ yote reponn wa a, Pa gen yon moun sou latè ki kapab fè sa wa a mande a! Okenn wa, kèlkeswa gwo epi vanyan sólda, pap janm mande okenn majisyen oswa vwayan yo oubyen astwològ yo yon bagay konsa. Sa wa a mande a te twò difisil. Pyès moun pa tap kapab revele rèv sa bay wa a eksepte dye yo, epitou yo pap viv nan mitan lèzòm.”*

*Bagay sa te vin fè wa a fache anpil epil li te tèlman fache, li te bay lòd pou yo touye tout nèg save Babilòn yo. Alòs, dekrè a te bay lòd pou yo touye tout nèg save yo, epi yo te voye mesye yo al chache Danyèl ansanm ak zanmil yo pou yo touye yo.*

—Danyel 2:10-13

*Apre sa, Danyèl te tounen lakay li, epi li te esplike zanmil yo pwoblèm nan Ananyas, Michkayèl ak Azarya. Li te ankouraje yo pou yo sipliye Bondye ki nan syèl la pou yo te mandel mizèrikòd pou rezoud mistè sa, yon fason pou yo pat touye li menm ansanm ak zanmil yo kise moun bon konprann kite rete nan laval Babilòn yo. Pandan lannwit lan, mistè a te vin revele bay Danyèl nan yon vizyon. Apre sa, Danyèl te fè lwanj Bondye ki anwo nan syèl la, li te di: “Lwanj pou non Bondye pou tout tan gen tan. bon konprann ak pouwva se pou li. Li chanje tan ak sezon yo; Li etabli wa yo, epitou Li retire yo nan pozisyon. Li bay sajès ak moun ki gen bon konprann yo, Li bay moun ki gen bon konprann yo konesans. **Li revele bagay ki pwofon epi ki kache; Li konnen sa ki nan fènwa, epi limyè abite avèk li.**”*

—Danyel 2:17-22

Danyèl te nan yon sitiyasyon ant lavi ak lanmò, nan yon pozisyon lanmò. Men, yon kl eki enpòtan pou pwochen pwomosyon paw la. Bondye te itilize Danyèl pou te bal pwomosyonl, se pat poul te fèl tonbe. Danyèl te kapab, gras ak konesans sekrè Sentespri a, bay wa Nèbikadneza rèv la ak entèpretasyon rèv la. Wa a te kontan, jan nou kapab wè nan pasaj ki vin apre a.

*Apre sa, wa Nèbikadneza tonbe ajenou devan Danyèl, li te fè lwanj pou li epi li te bay lòd pou yo ofril yon ofrann avèk lanson. Wa a te di Danyèl, “Se vre wi, Bondye ou a se Bondye tout bondye yo, li se Seyè a wa yo epi revelatè mistè yo, paskew te kapab rive revele mistè sa a.”*

**Apre sa, wa a te mete Danyèl nan yon pozisyon byen wo epi li te bal anpil kadoi. Li mete Danyèl chèf sou tout pwovens Babilòn lan, li te metel chèf sou tout nèg save yo.** Anplis de sa, sou demann Danyèl, wa a te nonmen Chadراك, Mechak ak Abèdnego administratè pwovens Babilòn nan, pandan Danyèl li menm te rete nan lakou wa a.

—Danyel 2:46-49

## ANDWA KI PI DIFISIL POUW PRAN PWOMOSYON

Kisa rezulta a te ye paske Danyèl te kapab tandé vwa Bondye? Se te Pwomosyon avèk richès!

Nou kapab jwenn menm rezulta sa nan yon lòt istwa nan Bib la, kise istwa Jozèf la. Lè Jozèf tap fè fas ak yon sitiyasyon ki sanble ak sa, li te gen chans pou li entèprete rèv Farawon an. Lè nou rive entèprete rèv la avèk siksè epi apre sa li te bay yon plan sou kòman pou yo te administre epi rive pou sove peyi Lejip anba sechrès kite gen pou vini an, se lè sa rèv la te revele, nou te jwenn repons Farawon an nan liv Jenèz 41:39–40.

*Apre sa, Farawon te di Jozèf, ‘‘Piske Bondye fèw konnen tout bagay sa yo, pa gen pèsonn ki gen bon konprann ak sajès tankouw. Ou pral reskonsab palè mwen an, epi tout pèp mwen an va koube yo anba lòd ou yo. Se sèlman avèk respè twòn nan ki pral fè mwen pi gran pasew.’’*

— Jenèz 41:39–40

Nan tou 2 istwa sa yo, dezespwa te yon tantasyon reyèl nan kòmansman an, men pwomosyon avèk richès se te rezulta a. Sèlman mete, ke mond lan pral peye moun kap rezoud pwoblèm gwo lajan. Lespri Sen an ki nan ou a renmen metew nan pozisyon ki kòrèk la nan mitan gwo pwoblèm yo! Pa kòmanse kite perèz anvayiw lè sa rive, men kòmanse fè lwanj pou Seyè a, paske li pral edew menm jan li te ede Danyèl ansanm avèk Jozèf la! Mwen toujou di ke Bondye jwenn tout glwa yo, epi mwen menm mwen jwenn chèk kap peye a! Mwen renmen sa Danyèl te di konsènan Senyè a, **“Li revele bagay ki pwofon avèk bagay sa yo ki kache; Li konnen sa ki nan fènwa, epi limyè abite avèk li.”** Danyèl te di ke limyè a abite avèk li. Sa vle di, se tankouw tap mache deyò yon fènwa, lèw vin limen limyè a, ou kapab wè ki kote ou prale! Laperèz disparèt akoz limyè a epiw vin konnen ki kote pouw mache. Pòl foure nan vèsè sa a ke Bondye pale epi lap ede nou nan moman pwoblèm nou yo.

“*Nou konnen ke lè nou te payen, nan yon fason oswa yon lòt, yo te enfliyanse nou epi yo te twonpe nou ak zidòl sa yo ki pa menm ka pale*” (1 Korentyen 12:2).

Pòl tap di ke zidòl yo pa pale, men Bondye li menm pale!

Koulye a, ou kapab ap mande poukisa mwen te titre chapit sa a “Kote ki difisil pouw pran pwomosyon.” Se paske se nan kote ki difisil yo Lespri Sen ki nan ou an gen repons yo. Se kote ki difisil yo ki ba ou opòtinite pafè a pouw pote solisyon an.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwa Estrateji a

Kote ki difisil la se konfigirasyon pafè a pou pwochen pwomosyon paw la! Malerezman, anpil kwayan evite kote ki difisil yo. Reyalite a, anpil moun panse ke si yo twouve yo nan yon kote ki difisil, se paske yo te rate Bondye.

Mwen sonje lè nou te kòmanse fè televizyon, epi bòdwo yo te apeprè \$ 9,000 chak mwa. Gasonm, mwen te panse ke sa se te anpil lajan poum ta rive fè chak mwa, Apre sa, bòdwo yo te monte nan plis pase \$20,000 chak mwa, epi apre sa, li te vin nan \$50,000 chak mwa. Yon jou, pandan nou tout tap lapriyè, Amy, pitit fi mwen an, te kòmanse pale gras ak kado pwofesi a:

“Rekòt la te twò gwo pou ou. Map detirew. Se sèlman avèk gras Lespri Mwen an wap kapab konprann sa ki sou wout poul rive a! Èske wap retire kòw, kite Mwen mennenw nan bagay ki difisil sa yo ki depase konpreyansyonw, sa ki enposib la?

Anvan mwen rakontew istwa a, dapre saw konnen kounye a, èskew kapab dim kijan nou ta dwe bagay entèprete sa? PWOMOSYON! Mwen renmen dèské Bondye te ban mwen yon chwa. Li tap mande sim te dispoze ale byen lwen avèk li. Li te resevwa acha pam lan-anndan. Si mwen te di non, li ta prale nan yon lòt moun, mwen kwè sa ak tout fòs mwen. Men, mwen ta pito pran pwomosyon sa pou kont pam, ou pa tap pito sa?

Ok, mwen te di, “Wi, Seyè, ou konnen map fè sa.” Kèk semèn apre sa, rezo Daystar te ofri nou yon plas chak jou alòske anvan nou te sèlman fè yon gress emisyon chak semèn. Si nou ta aksepte li, bòdwo televizyon nou yo tap monte \$200,000 chak mwa. Byen, baze sou sa pawòl pwofetik ak onksyon Sentespri a andedan nou, mwen te di wi. Tout moun te dim ke se te pou kèk mwa sèlman, apre sa nou tap petèt tounen dèyè nan kantite tan nou abitye genyen nan televizyon yo jiskaske moun yo te tonbe sou pwogram ou an. Se egzakteman sa ki te pase, men petèt yon ti kras pi grav pase nou tout panse ki ta pral rive a. Nan 5 mwa, mwen te gen dèt \$500,000 reta sou bòdwo kantite lè televizyon nou an. Reyalite a, nan moun nou te achte lè a te voye yon imèl pou mwen ki deklare ke avoka li yo te yon ti kras nèvè akoz peman nou yo kite anreta.

Mwen te kòmanse ap lite tout bon vre avèk Bondye sou sa paske tit emisyon mwen an se te *Fixing the Money Thing!* (Fikse pwoblèm Lajan). Mwen te kòmanse vin yon ti kras dekoraje epi mwen te di Drenda ke mwen kapab petèt bezwen kanpe emisyon televizyon an. Men, li te reponn, “Kisa Bondye te diw? Li te diw ke li tap peye emisyon an, se pa vre?” Pandan kèk jou, se sa sèlman li tap dim chak fwa mwen te pale avèk li sou bagay sa. Ebyen, nou te lapriyè, epitou byenke mwen pat

## **ANDWA KI PI DIFISIL POUW PRAN PWOMOSYON**

gen okenn repons nan moman sa, mwen te santi lapè Bondye a. Semèn sa, mwen te fè yon rèv, mwen te wè pakèt chèk. Bagay kite parèt etranj nan rèv sa se paske mwen pat sèlman wè yon pakèt chèk, men tou mwen te wè kantite lajan lite sou chèk yo ak ki moun kite ekri sou yo. Mwen te gentan konnen ke lè mwen leve ke bòdwo televizyon yo tap peye, epi mwen tap gen lapè. Ok, wikenn sa, se te yon fen semèn ki nòmal mwen ta kapab ajoute, \$500,000 a te rive menm jan li te mwen te wè sa parèt nan rèv la. Kantite lajan mwen te wè a ansanm avèk non moun yo kite ekri sou chèk yo, yo tout te la.

Gade byen, kote ki difisil yo pa yon move bagay! Yo se plas pouw pwomosyon an, zanmim. Moun yo te dim ke yo te pè ale kote ki difisil paske yo pè pou yo pat fè yon erè. Men, Sentespri a kapab avètiw sou yon erè potansyèl si wap koute li.

Mwen sonje, lè mwen tap dirije konpayi ipotèk mwen an kèk ane anvan sa, gen yon kliyan kite vle prete etikèk la nan kay pa li a poul ta envestil nan yon konpayi ke mwen pat panse kite yon bon atou. Map sonje pandan mwen tap monte eskalye nan biwo batiman ipotèk la, youn nan reprezantan mwen yo te vin pale avèk mwen sou sa. Menm lè a, mwen te santi Lespri Sen an ki dim kisa poum te fè nan ka sa. Mwen te di reprezantan mwen an, “Ou kapab fè kontra a, men fè kliyan an siyen yon lèt ki tap fè pati pakej prè a, ki deklare ke nou pa fè pati konpayi envertisman an men nou sèlman prete lajan an baze demann kliyan an.” Nou te deklare plis ke nou pat pran okenn responsabilite konsènan sekirite oswa pèfòmans envertisman sa, ni nou pat sijere kliyan an poul te envesti nan konpayi sa tou. Ok, apeprè 6 mwa pita, tout bagay

te jis eklate. Konpayi envertisman an pèdi tout lajan kliyan sa a. Yo te depoze yon pwosè kont konpayi envertisman an avèk konpayi mwen an tou. Sepandan, lè avoka yo te wè lèt mwen te fè kliyan nou an siyen an, yo te retire nounan pwosè a.

Se te Lespri Sen an kite kanpem sou wout mwen jou sa a nan eskalye a epi se li kite fèm di reprezantan mwen an poul te mete lèt sa nan pakej final la. Ou kapab fè Lespri Sen an konfyans poul edew epi mennenw nan tout kalite sitiayson. Jan Jezi te di a, “Nou pa bezwen pè.”

Mwen te gentan rakonte istwa sa nan youn nan lòt liv mwen yo, men istwa sa ta dwe repete nan diskisyon sa a. Yon jou, fanmi nou an tap deplase pou yon wikenn 3 jou. Tout moun te nan kamyonèt la, epi pandan mwe tal estat motè a, toudenkou,

## **OU KAPAB FÈ LESPRI SEN AN KONFYANS POU EDEW EPI MENNENW ATRAVÈ TOUT KALITE SITIYASYON.**

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

Sentespri a te di poum deplase machin mwen an. Mwen te genyen yon lòt machin kite kanpe nan antre kay la bò kote kamyonèt la. Sentespri a te di poum deplase machin nan metel sou zèb la. Sa te etranj anpil. Mwen tap panse, “Poukisa Lespri Sen an tap dim poum deplase machin nan retirel nan antre kay la epi metel kanpe sou zèb la?” Mwen pat gen okenn lide. Men, enpresyon an te fò! Alòs, mwen te di Drenda sam tap fè a epi li te soti, li deplase machin nan kite nan antre kay la metel nan lakou a sou zèb la. Mwen pat panse twòp sou sa jiskaske nou te retounen lakay la dimanch nan aswè. Kote machin mwen an te konn kanpe a, kounye a se te yon gwo pye mapou kite tonbe nan wout antre kay lan kote machin nan te ye a. Koulye a, machin nan te kanpe sou zèb la li pat gen anyen byen paske pye bwa a pat fin tonbe sou li nèt. Men, si li te kanpe kote nou konn abitye metel la, pye bwa a tap tonbe sou li nèt.

Drenda ansanm avèk mwen, se vre, se te postè timoun yo de kisa nou pa dwe fè avèk lajan. Men, tout sa nou te bezwen se te kèk estrateji sekrè avèk kèk bon sajès sekrè ki pou mete nou pi wo pase sikonstans nou yo. Kounye a, mwen dwe souri paske pwogram televizyon nou an, ke moun ap gade toupatou nan mond lan, ki rele *Fixing the Money Thing! (Fikse pwoblèm Lajan)*.

Zanmi mwen, jounen jodya men destenw.

*“Sila sa yo ke fèblès yo tounen fòs yo; epi kite vin pwisan nan batay la epi kite bat lame etranje yo”* (Ebre 11:34b).

Kote sa yo ki difisil epi ki enposib yo pa difisil ni enposib lè ou konnen repons lan!

# CHAPIT 9

# TOUJOU MENM

# TI VWA A

Lè mwen te kòmanse anseye sou vwa Lespri Sen an, anpil moun te dim ke yo pat janm tande vwa Bondye. Men, mwen toujou di yo, “Wi, ou konn tandel!” Siw santiw menm jan avèk anpil lòt moun, ou pat janm tande vwa Bondye, tanpri ale nan 1 Wa 19:11–12.

*Seyè a di, “Soti, kanpe sou mòn lan devan Seyè a, paske Seyè a pral pase.”*

*Apre sa, yon gwo epi yon van ki pwisan te dechire mòn yo, li te kraze wòch yo devan Seyè a, men Seyè a pat nan van an. Apre van an te fin pase te vin gen yon tranbleman tè, men Seyè a pat nan tranbleman tè a. Apre tranbleman tè a te vin gon dife, men Seyè a pat nan dife a. Epi apre dife a te vini gon ti chichotman dous.*

— 1 Wa 19:11–12

Malgre ke mwen te tande vwa Sentespri a nan diferan degre entansitel, vwa nòmal nan Sentespri a se chuchotman dous la. Se toujou yon ti vwa. Kòm mwen te gentan di sa byen bonè nan liv la, tipikman, vwa Bondye sonnen tankou yon panse avèk yon son ki diferan ladaml. Menm jan ou kapab idantifye pwòp vwa pitit ou nan yon foul moun, ou kapab kòmanse konnen Sentespri a ase byen pouw konnen vwa li lè li pale tou. Men, nan chapit sa mwen vle pale avèk nou sou vwa Bondye ke pyès pa panse a, men ke tout moun te konn tande.

Pandan mwen te nan kolèj Oral Roberts University, mwen te pran plizyè kou teyoloji, men pi gwo kou a se te Ansyen Testaman. Te gen anpil enfòmasyon ke

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

mwen pat janm aprann anvan sa; anreyalite, mwen pot ko janm aprann pi fò nan bagay sa yo anvan. Avèk mank abitid poum etidye depi lèm te kite lekòl segondè, mwen te gen anpil presyon san kanpe sou dom poum tap eseye kenbe, espesyalman pandan peryòd semèn final yo. Nan gress klas sa anpatikilye, mwen te dwe ekri yon papye ofisyèl sou kèk sijè nan Ansyen Testaman an, ke mwen pa vreman sonje. Men, lide poum te ekri papye sa yo te fèm pè. Reyalite a, pandan premye ane mwen nan kolèj, mwen te oblige ekri premye papye pam lan, epi lè yo te voye papye a tounen ban mwen, te gen yon gwo F devan papye a kite ekri avèk yon lank wouj ak mo sa yo, “Èske sa posib kew te menm rive fè klas segondè yo?” se sa kite ekri anba fèy la. Nivo Anglè ansanm ak gramè mwen te tèlman pat bon, pwofesè a te sezi wè ke mwen te gen chans antre nan ORU. Mwen te oblige chèche èd nan lang anglè poum te kapab rive pase premye ane a.

Koulye a, anba presyon pandan semèn final yo, mwen te vin gen yon lòt papye kem te dwe. O, gad kijan mwen te gen perèz pou pwojè sa. Mwen ta kapab chita poum ekri papye a, men mwen pat janm aprann kijan poum te ekri yon papye konsa; Alòs, mwen te jis ap gade kèk lòt papye epi kopye mo sa yo ki nan papaye yo avèk ti modifikasyon nan lide pou pyès moun pat kapab di ke se kopye mwen te kopye papye pam yo nan diferan sous ki nan lòt papye tout kalte. Kè mwen te klè paskem pat konsidere sa tankou son abagy mal ke mwen tap fè, epitou mwen te ekri bagay sa yo nan pwòp mo pam; men reyalite a ki genyen nan pwooblèm sa se paske mwen pat konnen reyèlman kijan poum te ekri pappye yo.

Ok, fwa sa a mwen pat gen tan. Te gen yon zanmim kite rete bi ba nan koulwa a epi kite gen menm klas sa sof ke kou pa li an te konn fèt nan yon lè ki diferan ak kou pam lan nan pandan jounen an. Tout moun ki nan klas la te dwe ekri sou menm sijè sa, alòs mwen te mande zanmi mwen an si mwen te kapab wè kijan li te triktire papye pa li a. Kounye a, pou kèk rezon, lè papye pal yo te rive nan menm, mwen te vin konnen ke mwen pa tap kapab ekri yon papye ki bon menm jan avèk li epitou mwen te deside kopye pal la. Wi, mwen konnen sa chokew. Sonje byen, mwen te vreman yon ti bebe kretyen nan pwen sa. Ok, mwen pat kopye tout papye pa li a, men mwen te kopye apeprè mwatye ladaml mete nan papye mwen an. Nan fen semèn final sa a, mwen te remèt pwofesè a papye mwen an, mwen te soulaje ke klas ekriti sa te fini. Men, te vin gen yon bagay kite rive apre, bagay sa te anseyem yon lesyon enpòtan nan tande vwa Bondye.

Pandanm tal dòmi jou lannwit sa, mwen pat kapab dòmi. Konsyans mwen tap pale tèlman fò ke mwen pat kapab rive dòmi. Mwen te reyalize ke sa mwen te fè a pat bon, mwen te vòlè epi answit mwen te bay manti. Mwen pat respekte zanmi mwen an tou epi mwen te dezonore li. Mwen te mizerab anpil! Nan blòk 3:00 a.m. nan maten, mwen te desann nan koulwa a ale nan chanm zanmi mwen epi reveye li, mwen te dil sa mwen te fè a, epi mwen te mandel eskiz. Li te gadem avèk dòmi nan zyel epi li te di, “Tounen nan kabann ou, Gary.” Apre sa, li te jis woule sou lòt bò epil te ap kontinye dòmi.

Nan demen, mwen te ale kote pwofesè mwen an epi mwen te eksplikel sa mwen te fè. Se vre, li te oblige ban mwen yon F pou papye a, men li te souri ban mwen epi li te di ke li apresye ke mwen te vin jwenn li epi devwale sam te fè a. Apre sa, li te di paske mwen te vin bò kotel, li tap toujou banm yon B nan klas la pou ane sa. Ala yon soulajman, epi kounye a mwen te vin santim pi byen poum te kapab fè vwa kondanasyon an fè silans epi poum te libere epi poum te kapab jwenn lapè mwen.

Alòs, kitem pozew yon kesyon, “Poukisa zanmim lan te jis woule epi li te retounen dòmi pandanm te nan yon soufrans emosyonèl konsa? Poukisa li pa tap soufri konsa tou? Poukisa mwen pat kapab dòmi, epitou poukisa mwen te mizerab konsa?” Gen yon vwa ki tap pale avèm chak fwa mwen tap eseye dòmi. Se te kondanasyon pa mwen—se te konsyans mwen! Definisyon konsyans se: yon konesans enstenktif sou sa ki byen ak sa ki mal. Literalman mo sa vle di “konnen avèk” oswa “gen konesans nan”.

Tankou yon balèn, limyè li klere poul ekspoze fènwa a. Li kenbe yon dosye pafè pou chak gress panse avèk tout aksyon ou te janm komèt. Tankou yon temwen ki nan sal tribunal, li temwaye bagay ki pi kache yo. Li pale epi fèw sonje pouw fè sa ki byen epitou pouw evite fè bagay ki mal. Konsyans lan se vwa Bondye ki anndan chak gress moun. Konsyans lan rele chak gress gason oswa fanm pou yo vin rann kont pou aksyon ke yo poze. Konsyans lan rele chak gress moun, tankou lèw nan yon tribunal, pouw vin rann kont devan Bondye. Menm jan yo rele yon temwen poul vin bay prèv, se konsa konsyans nou pale anndan nou swa nan avantaj (defann) nou oswa kondane (akize) nou.

Gen yon etid kite biblîye pa Medical Xpress konfime reyalite sa yo:

“Teyori aktyèl kap dominan sou devlopman lèzòm se, èt imen an kòmanse lavi yo nan yon ‘eta moral ki vid,’ men gen nouvo rechèch ki kontredi mod opinyon sa.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

Chèchè yo te jwenn kèk ti bebe kite gen 6 mwa kite gentan tap fè jijman moral, epi yo panse ke nou te kapab fèt ak yon kòd moral ki byen-konekte nan sèvo nou.”<sup>3</sup>

**KONSYANS LA SE VWA  
BONDYE KI NAN CHAK  
GRENN GASON AK FANM,  
YON ANPRENT KREYATÈ  
A EPI EGZIJANS LI POUN  
SA VIV LAVI KE NOU TE  
KREYE POUN VIV LA.**

*Apre sa, se konsa nou konnen ke nou fè pati verite a, ak kijan nou mete kè nou repoze nan prezans li chak fwa ke kè nou kondane nou. Paske, Bondye pi gran pase kè nou, li konnen tout bagay. Mezanmi mwen, si kè nou pa kondanne nou, nou gen konfyans devan Bondye epi nap resevwa nan men li nenpòt sa nou mande a, paske nou respekte kòmandman li yo epi nou fè bagay ki fèl plezi.*

— 1 Jan 3:19-22

Konsyans la se vwa bondye ki nan chak gress gason ak fanm, yon anprent kreyatè a epi egzijans li poun sa viv lavi ke nou te kreye poun viv la. Pyès moun pa kapab chape anba konsyans yo. Mwen te konn sezi chak fwa yon moun kite touye yon lòt moun oswa kal vòlè nan yon bank epi kite rive chape epi toudenkou ta pral jis pote tèt yo bay polis. Men kounye a mwen konnen pa gen yon touman ki pi gwo ke yon konsyans ki kondane moun sa kòm koupab! Pòl di nan 2 Korentyen 1:12 ke konsyans lan temwaye, li pale.

*Koulye a, se vante pwòp tèt nou sa: Konsyans nou temwaye ke nou te kondwi tèt nou nan mond lan, sitou nan relasyon yo ansanm avèk nou, nan sentete ak senserite ki soti nan Bondye. Nou pat fè sa dapre sajès mond lan men dapre favè Bondye.*

— 2 Korentyen 1:12

Ou kapab ap di, “Dapre ki otorite konsyans lan pale? Poukisa yap kenbe temwayaj li a nan yon tribinal lalwa espirityèl?” Paske li se vwa Bondye. Pòl, di nou ankò, nan Women 2:14-15, konsyans lan pale ansanm avèk nou aktivman.

*(An reyalite, lè moun lòt nasyon yo, ki pat gen lalwa, tap fè natirèlman sa lalwa Moyiz la te mande, yo te yon lwa pou pwòp tèt pa yo, menm si yo pat gen lalwa, piske yo te montre ke egzijans lalwa a te ekri nan kè yo,*

*konsyans yo bay temwayaj tou, epi panse yote konn akize yo pafwa, kounye a menm rive defann yo.)*

— Romen 2:14-15

Tout moun gen yon konsyans. Ou kapab petèt pa dakò. Ou ka petèt konnen kèk moun ki sanble pa gen santiman. Men, mwen ka garantiw ke se pat la ye kòmanse. Si yon moun kontinye reziste ak vwa konsyans li, vwa sa a ap vin silans tanzantan.

*“Ansèyman sa yo soti nan mantè ipokrit, yo te boule konsyans yo tankou ak yon fè cho.”* (1 Timote 4:2).

Pòl ap di ke moun sa yo te boule konsyans yo, oswa mete tèt yo nan pozisyon pou yo pa kapab santi anyen oswa pou yo pa tandé konsyans yo nan fè kè yo di. Panse avèk pow. Siw boule, sa vle di boule, li pap kapab santil jiskaske nouvo po a grandi epi ansyen po difisil la ap tonbe. Se menm bagay la tou pou konsyans nou. Konsyans lan pa kapab fèw fè anyen—li pale. Ou kapab inyore li oswa aji kont li. Men, Pòl avèti ke siw inyore konsyans ou, sa kapab lakòz ou gen gwo pwoblèm; oswa, jan Pòl ap di a, fè laviw fè nofraj.

*Timote, pitit gasonm, mwen baw enstriksyon sa a annamoni avèk pwofesi sa yo ke yo te fè sou ou, alòs pandan wap swiv yo, wap batay bon konba a, rete nan lafwa avèk yon bon konsyans. Gen kèk moun kite voye jete bagay sa yo epi kite fè **nofraj** nan lafwa yo.*

— 1 Timote 1:18-19

Alabaz, moun sa yo ki fè tèt di kont vwa konsyans yo te pèdi kapasite pou yo te dirije lavi yo. Bousòl pa yo a te andomaje epi li pat travay ankò. Yo pat kapab di nan ki wout yo prale. Pòl di ke nou bezwen genyen yon bon konsyans, yon konsyans ki pwòp, poun ka asire nou ke nap navige nan chemen ki kòrèk la. Paske nou kapab fè kè nou di ak domaje kapasite nou genyen pou nou santi sa ki byen ak sa ki mal, Pòl di ke sa enpòtan pou nou swiv lalwa epi pou nou fè sa ki byen.

*“Se poutèt sa, li nesesè poun koube nou anba otorite yo, pa sèlman akòz pinisyon ki posib yo, men tou se akòz konsyans lan”* (Women 13:5).

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

Siw dezobeyi lalwa, konsyans ou pral kondanew. Alòs, Pòl ap di poun obeyi lalwa, poun fè sa ki byen pou konsyans nou rete dousman ak tandrès epi poul kapab fonksyone jan Bondye te desinel poul fonksyone a, poul pwotejew kont danje.

Anrapò avèk konsyans lan, map sonje gen yon lòt bagay moun sòt ke mwen te fè ki pral ilistre prensip sa. Evènman sa te rive anvan menm mwen te vin pasteur. Ou pral konnen poukisa Bondye pat gentan metem kòm pastè aprew fin tande istwa a. Istwa sa enplike yon machin ke mwen te posede. Se te yon Peugeot 505 modèl koupe ke mwen te renmen anpil. Ok, yon jou gen yon mesye kite-antre nan dèyè machin lan anba yon limyè wouj. Kòf la te kraze, epi ankadreman an te kòlboso, epitou te gen kèk lòt domaj toujou nan kò machin lan kòm rezulta aksidan an. Ajan asirans mesye sa kite frapem lan te soti nan kay kanpay lan poul vin wè machin nan epi poul te kapab ban mwen yon estimasyon sou domaj yo.

Anvan menm mwen di nou sa kite pase apre nonm sa rive a, map bezwen di ke nou ke kèk semèn anvan aksidan sa te rive a, mòflè machin nan te sot tonbe. Motè twati solèy la, kite nan kòf la, te sispann travay tou kèk semèn anvan ajan an te soti poul te vin trete reklamasyon an. Lè ajan asirans lan te vini poul enspekte machin lan, li te mandem si mòflè sa, ke li te wè ki kouche atè a bò kote machin nan (mwen te metel la pou li kapab wè li) te fè pati aksidan an tou. Mwen te santim koupab aprem te fin dil, “Wi, Mesye.” Apre sa, li te mandem si motè twati solèy la te ladaml, mwen te reponn li wi, li pat travay tou, kel te fè pati aksidan an. Yon lòt fwa ankò, mwen te reponn mesye a, “Wi.”

Nan lespri pam, mwen te tande konsyans mwen ki tap rele byen fò, “Gary, kisa wap fè konsa? Wap bay manti!” Koulye a, koute kijan mwen te twonpe tèt mwen. Mwen kapab sonje nan moman sa menm panse mwen yo ki tap di tèt mwen poul te inyore vwa sa, epitou di tèt mwen kem te kapab fèl janm tap fèl la. Jounen jodya, mwen pa kapab kwè mwen te gen mod panse sa. Waw, èskew pat kontan ke mwen pot ko paste yon legliz epòk sa? Mwen sèten ke Bondye te kontan!

Antouka, machin nan tale nan garaj, epi nan yon semèn yo konsa oswa plis yo te relem vin pran machin nan. Pandanm tap gade machin mwen an nan garaj la, mwen te kontan anpil anpil. Machin nan te pafè! Mwen te kondwil ale lakay mwen, mwen te kontan ke yo ye repare tout bagay nèt. Yon semèn pita oswa plis, mwen te deside kouri ale lakay la epi manje, manje midi ansanm avèk Drenda epi timoun yo. Kay kanpay la te sèlman anviwon 2 kilomèt ak biwo mwen te lwe pou konpayi finansye

mwen an. Mwen te pake machin nan toupre pòt devan an, mwen te antre nan kay la, epi mwen te gen yon bon ti manje midi.

Pandanm tap kite kay la poum te soti nan pòt devan an, mwen te remake machin ke mwen an pat la. Mwen te twoule. Ki kote machin mwen an ale? Mwen gade toupatou nan vwazinaj la, epi apre sa, mwen te vin wè li. Kay nou an te sou tèt yon ti mòn epi, ta sanble, mwen te blye byen anbreye fren an. Malgre ke mwen pat janm te konn fè sa anvan, men sanble mwen te blye meyte fren an paske machin lan te woule bak sou wout la poum ale byen lwen epi kraze nan yon pye bwa. Pandanm tap desann nan ale machin nan, mwen te choke. Kòf la te kraze, epi domaj la se te menm jan ak domaj kite fèt nan kolizyon anvan reparasyon an. Ankadreman an te kòlboso ankò menm jan li te ye anvan an, mòflè a te tonbe ankò, epi motè twati solèy la pat travay tou. Tout bagay te tounen egzakteman jan sa te ye anvan machin lan te antre nan magazen an reparasyon apre aksidan an.

Pandanm te kanpe la, toudenkou, mwen te vin konprann epim te kòmanse ri. Bondye tap anseyem yon leson, yon leson ke ti gason predikatè sa te bezwen aprann anvan menm li te vin kapab dirije lòt moun. Mwen pa janm fè repare machin sa ankò. Olye de sa, mwen te jis vann li jan li te ye a. Aèlman, mwen kapab sonje ke te gen yon lòt fwa nan lavim kote konsyans mwen tap rele sou mwen byen fò poum te sispann. Mwen rele sa, istwa bisiklèt la.

Mwen espere ke ilistrasyon sa ap ede ou. Mwen konnen, ou pat janm panse mwen ta kapab desann nan yon nivo konsa poum te fè bagay sa yo, men mod fason panse sa pa bon. Mwen jis kontan mwen te gentan sove paske mwen gen enpresyon ke lavi mwen tap pran yon lòt chimen ki diferan anpil si mwen pat gentan sove.

Istwa bisiklèt la te rive kèk ane pita, apre sa se istwa ke mwen fenk sot akontew la, epitou wi, mwen te fenk kòmanse bay sèvis mwen kòm pastè novo-legliz nou an. Mwen te kondwi ale lakay papam yon samdi apremidi, kounye a mwen te kanpe Dodge Karavàn nou an sou 2 liy bisiklèt yo ki sou wout prensipal la kote papam tap viv la. Kay papam lan te anba yon ti mòn byen dous sou tou 2 bò nan antre kay li a. Pou kèk rezon, mwen pat wè liy bisiklèt la ki tap desann ti mòn lan. Mwen te fè bak tou dousman, epi li pat dèyèm nan, men avèk momantòm nan desann ti mòn lan, li te kontre avèk mwen, mwen te chanje poum kondwi epi li te kòmanse vanse.

Pandan tout tan sa mwen pat janm konnen li te la, men, toudenkou, mwen te tandé yon BAM, BAM, BAM byen fò sou bò kamyon an. Mwen te gade nan retrouvizè a, epi mwen wè yon siklis dèyè kamyon an avèk tou 2 men li sou gidon an

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

epi li te banm dwèt lemajè ak tou 2 men li yo, ansanm ak kèk madichon byen fò. Mwen te ensilte epi totalman sezi ke mesye sa kite sou yon bisiklèt ta ppral aji konsa. Mwen konnen ke nonm lan te kapab ralanti byen fasil pandanl tap desann ti mòn lan epitou li te wèm ki tap fè bak. Mwen te konnen tou ke si nonm lan te vle, li te kapab jis ale sou lòt bò a ak tout vitès poul desann ti mòn lan. Men, olye de sa, li te chwazi di yon bagay.

Mwen te totalman choke ke nonm lan te panse li tap kapab goumen ak yon machin. Ok, mwen te panse ke yon moun tap bezwen anseye mayestro sa a yon lesion, alòs mwen te ralanti epi tann poul te pwoche pi pre kamyon an, apre sa, mwen te peze fren an. Mwen te vin jwenn kèk satisfaksyon nan gade li kite pran levye fren yo toudenkou, li tap eseye poul pat rantre nan dèyè venn mwen an. Ok, bagay sa te metel nan yon foli poul madichon nan fason sa yo mwen pat janm konn wè oswa tande anvan sa. Li te jis tap kontinye fè sa san rete.

Mwen te kondwi tou dousman desann sou wout la epi mwen te fè bak nan antre pakin yon kay epi mete fas venn lan fas ak wout la. Machin lan te kanpe nan yon ang, ki vize siklis la ki tap pedale nan direksyon pa mwen an. Kòm li te wèm ki tap tann li, mwen te vizel ak venn mwen an, toudenkou nonm lan vin trankil. Mwen panse ke li vin konprann finalman ke se sou yon bisiklèt li te ye epitou yon machin pi gwo pase yon bisiklèt. Mwen te desann vit machin lan epi mwen te tann jiskaskel pwoche bò venn mwen an. Pandanl tap vin kote mwen te chita a, mwen te rele byen fò poum dil sim ta kwazel sou wout sa ankò, mwen tap kouri machin lan sou li. Avèk sa, mwen te frape venn nan, ki nan pwen sa te vize dwa sou li nan yon distans apeprè 15 pye konsa. Mwen te santi kamyonèt la ki kranke paskem te jis rate bisiklèt la. Mwen te santi aksyonm lan te yon ti jan justifye. *Masirem kem te montrel*, se sam te mwen te panse, men se pat pou lontan.

Sa ki tap soti nan lesprom, mwen te tande Lespri Sen an ki tap di byen fò nan yon vwa, ki gen otorite, “Gary, kisa wap fè konsa?” Mwen te jis wè mo sa yo ki ekri an lèt detache epi yo te sonnen nan yon fason kòm si pat gen jistis ladan yo nan moman sa. Toudenkou, mwen te vin reyalize ke mwen te kapab touye mesye a. Mwen te gade dèyè nan retwovizè a epim wè ke li te la toujou, li tap deplase tou dousman, desann anba, li tap gade swa sil te blese oswa li te jis sezi ke li te toujou vivan. Mwen pat sèten kisal tap fè. Mwen tap kondwi sou wout la, men konsyans mwen pat kitem poukont mwen. Kòm yon nouvo pastè, mwen te reyalize tout sa kite kapab rive. Mwen te kapab wè jounal yo, “Pastè Legliz Viv Lafwa a woule machin li sou

yon siklis nan yon ensidan sou wout la.” Sentespri a te raplem ke se pou moun tankoul li te relem poum te vin kòmanse yon legliz nan kominote sa. Kounye a, mwen te vin choke parapò ak pwòp aksyon mwen an, epi mwen te repanti devan Senyè a avèk dlo nan zye mwen yo.

Alòs, ann dakò kew te gentan tande vwa Bondye anvan sa. Men, ou vle kenbe konsyans tandrèsa epi ou pa kite konsyans ou vin di pouw kapab toujou tande vwa Bondye. Bib la di pèp Izrayèl la te fè kè yo di kont Bondye epi yo pat janm ka antre nan tè pwomè la. Ekriven liv Ebre a avèti nou, kwayan Nouvo Testaman an, pou nou pa swiv egzanz moun sa yo.

*Alòs, jan Sentespri a di: “Jodya, si nou tande vwa li, pa fè kè nou di menm jan nou te fè nan rebelyon an, pandan moman eprèv nan dezè a.”*

—Ebre 3:7-8a

Avètisman sa a te repete omwen 3 fwa nan chapit 3 ak 4 la. Pouki rezon avètisman sa? Paske Bondye vle beniw epitou li vlew genyen tout bagay sa yo ke Jezi te gentan peye pou yo a.

Lè kèw di, sa fèm sonje ti cheval mwen te genyen an lèm te yon jèn tigason. Se te bèt ki pi mechan mwen te janm wè, epi li te entelijan tou. Mwen te sèl grenn moun kite kapab monte sou li, oswa mwen ta dwe di kite gen kouraj pou monte sou li. Mwen sonje yon jou mwen te gen youn nan zanmi mwen yo kite di ke li te renmen chwal epitou li te kapab okipe nenpòt chwal la. Li te ensiste poul te monte Tony, ti cheval la (se konsa mwen te relel). Apre yon bon moman, li te rive konvenk mwen poum te kitel eseye, alòs mwen Tony poul te ka moutel. Jackie se te non ti gason an, epi mwen pap janm bliye sa ki te pase a lè li te chita sou sèl la. Lè Jackie te monte chita sou Tony, yo te ale. Tony te soti tou dwat nan yon kous lanmò kite apeprè 50 mèt ak kay la. Jackie tap rale otan ke li kapab sou ren sa yo epi li tap rele pou ticheval la te kanpe, men Tony pat janm tandel. Olye de sa, Tony te kouri tout dwat nan letan an poul gen yon kous

**“ALÒS, MENM JAN SENTESPRI  
A DI AN: 'JOUNEN JODYA, SI  
NOU TANDE VWA LI, PA FÈ TÈT  
DI MENM JAN NOU TE FÈ NAN  
REBELYON AN, PANDAN  
MOMAN EPRÈV NAN DEZÈ A.”**

—EBRE 3:7-8A

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

konplè epi toudenkou li te peze sou fren an epi tèt li tal plonje nan dlo a. Byen, se vre Jackie te soti tou dwat sou do ti cheval la al tonbe nan letan an. Apre sa Tony, vire won epil te jis kòmanse manje kèk zèb kòm si pat gen anyen kite rive.

Ou wè sa, Tony te tèlman rale kòd nan bouch li a li te vin pa fèl mal ankò. Li te vin dekoraje epi li pat bay atansyon ak sa. Kòm yon ti cheval, Tony pat vo twòp bagay menm jan an tou li pat pote ankenn benefis pou nenpòt lòt moun nan sof pou mwen. Poukisa? Paske, jan mwen te gentan di sa, cheval sa te entelijan. Se mwen menm kite konn ba li manje. Epi li te aprann ke sèl fason li tap kapab soti nan depa sa nan bon tilè frèt ak zèb vèt ke li te renmen manje, se lè sa li tap kitem monte sou li. Men, mwen te oblige ap siveye li. Li tap mache ak tèt li bese sou yon bò pou te kapab gadem pandan map monte sou li. Li tap tann mwen vire tèt mwen nan direksyon opoze a. Lè sa li tap vire tounen byen vit epi frape janb mwen. Apre sa, kitem diw ke son bagay ki fè mal, alòs mwen te toujou ap siveye li. Men, osi lwen sa kapab parèt li pat janm itil anyen.

Men, si nou kite kè nou vin di, Bondye pap ka sèvi ak nou, menm jan Tony (chwal la) te ye a. Gen yon fwa, nou te mare Tony deyò nan yon chèn. Papam tap vide dlo nan yon bokit pou Tony. Lè papam te vire poul ale, Tony te jis lonje kòl epil te mòdel sou dèyè. Ok, papam pat sove epi li te fache. Te gen yon blòk sèl kite chita bò kote bokit dlo a, epi papam te ranmase sèl la epi li jis voyel sou ticheval la malgre se te yon bagay kite difisil. Men Tony te rive siviv. Èskem te fè Tony konfyans? Jamè!

Ebyen se konsa, sa ye tou nan lavi moun. Yo panse ke yo pral jis dezobeyi, kanpe kont konsyans yo gress fwa sa, men san yo pa reyalize ke yap devlope sikatris mak sa chak fwa yo fè sa. Epi yon jou, yo pral vin jis tankou Tony epi yo pap kapab santi okenn doulè oswa remò si yo ta chwazi pa obeyi Bondye oswa fè sa li di poun fè. Remèd la se pouw repanti rapid lèw vin reyalize kew kanpe kont konsyans ou.

Wa David te ekri Sòm 51 apre li te fin fè peche avèk Batcheba. Som sa se yon sòm repantans.

*Gen pitye pou mwen, O Bondye, daprè lanmou san fay ou a; Dapre gran konpasyon ou an, efase peche mwen yo. Lave tout mechanstem yo epi netwayem anba pechem yo. Paske, mwen rekonèt peche mwen yo, epi peche mwen an toujou devan mwen. Kont ou menm sèlman, mwen fè peche, mwen fè sa ki mal nan zye ou, ou pale sa ki dwat epi ou jije nan*

*jistis. Se vre wi, mwen te fè peche depi lè manmanm te ansent mwen. Se vre wi, ou vle laverite kap soti nan pati anndan; Ou anseyem bon konprann nan pati ki pi pwofon an. Netwayem ak lasent, ma vin pwòp. lavam, map vin pi blan pase nèj. Kitem tandé kè kontan avèk lajwa; Se pou tout zo kew te kraze yo fè kè yo kontan. Kache vizaj ou anba pechem yo, efase tout mechanste mwen yo. **O Bondye, kreye nan mwen yon kè ki pwòp,** ak yon lespri ki renouvle nan mwen. Pa jetem nan prezans ou oswa pa wete Sentespriw nan mwen. Restore nan mwen lajwa delivrans ou a epi ban mwen yon lespri dispoze ki pou kanpe ansanm avèk mwen.*

— Sòm 51:1-12

*Ou pa pran plezi nan sakrifis, oswa mwen pral potel; ou pa pran plezi nan bèt ki boule. Sakrifis pa Bondye yo se yon lespri brize epi kè ki gen remò; O Bondye, ou pa pral meprizem.*

— Sòm 51:16-17

David ap rele nan pye Bondye poul kreye nan li yon kè ki pwòp, yon lespri brize, ak yon kè ki repanti. Alabaz, David ap di ke li vle yon kè ki gen sansasyon ankò. Men, David pa tap janm tonbe nan pwoblèm li te ye a si li te koute konsyans li. Alòs, sonje sa byen, siw pa tandem konsyans ou, wap fè kèw di, epi sa pral vin pi fasil pouw fè sa yon pwochén fwa, epi yon lòt pwochen fwa, ak yon pwochen fwa ankò jiskaskew vin pa kapab tandem Bondye ditou.

Konsyans lan, se jis youn nan fason nou kapab tandem vwa Bondye. Se vre, Sentespri a pale ansanm avèk nou dirèkteman avèk enstriksyon epi direksyon. Epi jan mwen te gentan di sa, mwen te tandem Sentespri a kap korijem ak yon vwa byen fò, nan yon vwa ki gen otorite menm jan an tou avèk yon ti vwa ki trankil. Mwen te tandem Li kap pale atravè rèv epi vizyon tou, mwen pral pale de bagay sa nan pwochen chapit la. Men, nan chapit sa, nou te aprann ke si nou vle tandem vwa Bondye, nou bezwen kenbe konsyans nou klè anba akizasyon yo epi prese vit repanti poun sa kenbe yo dousman ak tandrèz pou nou kapab tandem klèman!



## CHAPIT 10

# VIZYON AK RÈV YO

Mwen te chita sou kabann lan epi toudenkou mwen te di Drenda, “Ou ansent yon ti bebe fi!”

Nan tout 5 ptit nou te genyen yo, sèlman yon sèl fwa Bondye te di nou ki sèks timoun lan—Polly, ki se katriyèm la. Mwen kwè ke se pou nou te kapab sispann fè ptit sou katroyèm sa paske fanmi nou an te enplike nan yon aksidan machin pandan Drenda te gen apeprè 6 mwa depil te ansent Polly. Yon jèn gason ki tap kouri machin li ak vitès 55 kilomèt pa èdtan sou yon wout ki gen 2-vwa, li te jis parèt devan nou an. Pat gen tan poun te gentan kanpe, epi nou tal frape nan machin li an. Seryezman, pat gen moun kite blese, men nou tout te ale lopital. Drenda, li menm kite ansent, te gen senti sekirite a kite tache epi sa te afekte lestomak li. Li te enkyè pou Polly pat gen anyen. Paske Bondye te pale ansanm avèk nou de Polly, nou te gen yon santiman lapè epi nou te gentan konnen ke Polly te anfòm, li te anfòm vre.

Pandan nap pale de Polly, map sonje lè li menm, antanke yon madanm, te ansent premye ptit li a. Drenda ansanm avèk mwen te oblige kite nan peyi a pou yon vwayaj biznis. Malerezman, dat pou Polly te akouche a te tonbe nan mitan vwayaj biznis sa. Kounye a, siw te konnen kiyès madanm mwen, Drenda ye, se pa moun kap rate okenn nan akouchman pitt fi li yo. Alòs, nou tap mande tèt èske nou ta dwe anile vwayaj la. Mwen te pase kèk tan nan lapriyè sou desizyon poun pran an, epi Sentespri a te dim ke dat akouchman an pat kòrèk, ke ti bebe a ta pral fèt pito nan jou apre nou tap retounen an. Mwen te di Drenda sa Senyè a te dim konsènan dat la, epi nou te kontinye ak vwayaj la. Lè nou te tounen lakay nou, Polly te vin gen tranche nan dat egzak ke Senyè a te di li tap fèt la. Ivory, nouvo ptit-ptit fi nou an, te fèt alè.

Sa yo se egzanp Lespri Sen an kap pale avèk nou sou pwoblèm sa yo ki gen nan lavi, ak pawòl Lespri Sen an kap soti nan pwòp lespri nou. Men, gen lòt fason Lespri Sen an pale ansanm avèk nou ke nou bezwen konnen yo.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

*Aprè sa, mwen pral vide Lespri mwen an sou tout moun. Ptit gason ak ptit fi ou yo pral pwofetize, granmoun ou yo pral fè rèv yo, jenn gason ou yo pral wè vizyon yo. Menm sou sèvitèm yo, fanm kou gason, Mwen pral vide Lesprim nan jou sa yo.*

— Jorèl 2:28–29

Pwofèt Jorèl te di ke gen yon jou ki tap vini kote Bondye ta pral vide Lespril sou tout limanite. Nap viv jou sa a kounye a. Nan jou Pannkòt la, Lespri Sen an te vin sou moun ki tap tann nan chanm anwo a. Foul la wè tout moun kite nan chanm anwo a tap pale nan lòt lang epi yo tap fè Iwanj Bondye, moun yo te panse gendwa se kleren yo te bwè, yo te mande: “Kisa, bagay sa ye?” Pyè te leve kanpe poul pale avèk foul moun yo.

*Aprè sa, Pyè te leve ansanm avèk 11 lòt yo, li te leve vwa li, li te di foul moun yo: “Nou menm moun jwif yo ansanm avèk nou tout kap viv Jerizalèm, kitem esplike nou sa. koute sa map di a avèk anpil atansyon. Moun sa yo nap gade la pa bwè kleren, jan nou kwèl la. Li sèlman 9 vè nan maten! Non, men sa pwofèt Jorèl te di: ‘Nan dènye jou yo, Bondye di, map vide Lesprim sou tout moun. Ptit gason avèk ptit fi ou yo pral pwofetize, jenn gason ou yo pral wè vizyon yo, granmoun gason ou yo pral fè rèv yo. Menm sou sèvitèm yo, gason kou fi, mwen pral vide Lesprim nan jou sa yo, epi yo pral pwofetize.’”*

— Travay 2:14-18

Rèv ak vizyon yo se yon gwo pati nan fason Sentespri a pale ansanm avèk nou. Mwen pa sèten poukisa Sentespri a pafwa konn pale ansanm avèk nan yon ti vwa ki trankil poutan gen kèk lòt fwa li pale nan yon rèv. Mwen panse ke yon pati nan repons lan se paske nou toujou okipe. Men nan moman nap repoze, se lè sa Li kapab atire atansyon nou. Oswa se kapab paske nou nan yon nivo konfizyon oswa kèk sikontans konsa ki rann li vin difisil pouw tandé vwa sa a ki toujou piti a. Sentespri a jis vle asirel ke nou resevwa mesaj la. Apretou, yon foto vo plis pase mil mo. Kèlkeswa rezon an, mwen remèsyé Bondye pou rèv ak vizyon sa yo. Rèv ak vizyon yo sanble menm bagay la. Tou 2 se foto nou nap gade, sèl diferans paske se nou nou kapab wè vizyon an ak zye nou kale, epi rèv yo se foto nou wè pandan nap dòmi.

Pou sa ki gen pou wè ak vizyon, mwen te rive gen kèk grenn sèlman ke mwen ta kapab rele vizyon zye kale, ki se vizyon kote wap reve zye klè epiw wè vizyon an tankou son bagay ki reyèl. Vizyon ki pi siyifikatif ke mwen pat janm fè anvan sa se lè yo te relem poum te vin preche, mwen te gen laj 19 lane epòk sa. Mwen te fèk fin batize nan Sentespri depi yon mwa konsa anvan bagay sa te rive. Se vre, tout bagay sa yo te novo pou mwen paske legliz denominasyon mwen te konn ale a pat konn anseyem twòp bagay sou Sentespri a.

Men, se te anivèsè nesans mwen, epi mwen te gen envitasyon poum tale nan yon bél dine avèk kèk zanmi. Pandan nou te chita poun manje, nou te di mèsi pou manje a, epi toudenkou, mwen te santi Sentespri a kite jis antre sou mwen avèk anpil fò. Yon lòt fwa ankò, bagay sa yo te novo pou mwen, men mwen te gentan konnen depi nan batèm Sentespri a, kijanm tap santim lè Sentespri a te antre sou ou. Mwen pat konnen kisa poum te fè nan moman sa a, alòs mwen te mande yo èske mwen te kapab fon deplase kite tab lan poum te soti deyò a paske te gen yon pòt dèyèm nan.

Pandan mwen te soti deyò a, prezans Bondye a te vin pi fò toujou, epi mwen te gen yon vizyon zye klè, sa vle di mwen tap gade bagay yo tankou son bagay mwen tap jounen jodya nan devan zyem. Mwen wè ke mwen te kanpe sou estrad oratè yo, epi mwen tap pale ak yon foul moun nan yon chanm. Chanm nan te gen anviwon 35 a 40 moun ladanl, tout moun sa yo te chita sou chèz ki kapab pliye. Mwen te kapab di ke se te yon jou lannwit paske atravè fenèt yo mwen te wè ke deyò a te fennwa. Apre sa, te gen yon vwa kite pale epi li di, “Mwen relew pouw preche Pawòl Mwen an.” Pawòl sa te repeète 3 fwa, epitou apre sa, foto a te disparèt epi onksyon an te leve. Pandanm tap retounen nan kay la, zanmi mwen yo te mandem kisa ki pwoblèm nan, epi mwen te di, “Mwen panse ke mwen te jis gen yon apèl poum al preche!”

Map sonje ke mwen tale lakay mwen jou swa sa a epi mwen te di papam sa kite pase a. Li te dim ke moun kap preche yo pa konn fè anpil lajan. Se tout sal te dim. Papam pat yon kretyen nan epòk sa, men, tout lwanj pou Bondye, papam te bay Jezi kèl, lè li te vin gen 80 lane epi li kounye a li nan syèl la.

Nan ka sa, mwen kwè Sentespri a te pale ansanm avèk mwen nan yon vizyon zye klè paske, anvan tout bagay, mwen te yon jèn gason. Li te konnen mwen tap fè fas avèk anpil pèsekisyon nan fanmim paske mwen tap sèvi Li epi mwen te bezwen ank sa pou vwayaj ki tap vini an. Epitou, vizyon sa a tap kontinye pale ansanm avèk mwen pandan tout ane sa yo.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

Yon lòt vizyon zye klè kite vin rive nan ansyen fèm kote nou te rete a. Nou tap viv nan ansyen fèm-kraze sa pandan prèske 9 lane, majorite nan tan sa se te nan gwo povrete. Men, lè nou te vin kòmanse aprann kijan Wayòm Bondye a fonksyone, nou te kòmanse pwospere epi nou te soti anba dèt nèt.

Se te pandan epòk sa a Bondye te akonpli vizyon sa ke mwen te genyen lè mwen te gen 19 lane, lè li te relem poum te vin preche. Se nan nivo sa, 21 lane pita mwen te resevwa apèl poum preche, Bondye te dim poum te kòmanse yon legliz. Jiska moman sa a te rive, mwen te nan inivète epi mwen tap travay nan domèn finansye pandan 21 ane sa yo. Men koulye a, a 40 lane, Bondye te pale avèk mwen poum te avanse pi epi kòmanse legliz pa mwen an.

Nou te kòmanse legliz nou an nan sousòl yon estasyon radyo kretyen, epi nan fè premye rankont nou an nan aswè a, sa te sanble avèk vizyon sa ke Bondye te ban mwen 21 ane anvan sa. Nan premye sèvis la, mwen te wè menm moun sa yo kite chita sou chèz pliyan yo ak menm fenèt sa yo kite nwa akoz li te lannwit. Mwen te wè menm ti estrad la tou.

Drenda ansanm avèk mwen te kòmanse legliz nou an epi nou te eksite anpil parapò ak Wayòm nan ke nou ta pral kapab finalman pran swen mwens kote nou tap viv la. Nou te gentan konnen ke nou ta pral oblige kite fèm lan paske fanmi nou te vin gen 5 timoun ladaml kounye a, epi nou pat gen ase chanm. Sepandan, nou te tèlman okipe avèk biznis nou an ki tap pwospere avèk legliz la, kè nou te kontan anpil.

Men, te gen yon jou, pandanm tap retounen lakay mwen soti nan legliz la, mwen te antre nan salon an epi mwen te chita sou kanape a. Pandanm te chita la, toudenkou, chanm kite bò kotem lan te disparèt, epi mwen te vin wè menm chanm sa ke mwen te fenk chita ladaml nan men kounye a li pat gen yon sèl gress mèb ladaml. Pòt mwen te fenk sot louvri nan sal manje a, epi kanape sa ke mwen te chita sou li a te fas a fas avèk pòt sa. Mwen te kapab gade tout anndan sal manje a apati kote mwen te chita nan salon an. Alòs, sal amanje a pat sèlman vid ni salon an te vid tou konplètman. Vizyon an te dire apeprè 5 segonn sèlman, epi pandanm tap gade imaj sa, mwen te konnen ke lè a te rive poum kite kay la. Lè vizyon an te fini, menm moman an mwen te di Drenda sa kite sot pase a epi mwen te di li ke li te tan poun te ale.

Yon fwa ankò, mwen kwè ke nan ka sa, yo te itilize yon vizyon an pou kominike plan pa Bondye a pou fèl vin pi klè. Nou te okipe anpil, epi sa tap fasil poun tap

gaspiye tan an tou. Men, vizyon an te gen yon ijans sou li, “Lè a te rive poun tale!!!” Se jis pita nou te vin konprann ijans lan. Nou te lwe kay kanpay sa pandan 9 ane sa yo, epi nou te gentan konnen ke nou ta pral oblige kite espas sa lè plan pou devlope lojman an ta aral kòmanse, men pyès moun pat konnen egzakteman ki lè sa a ta pral kapab rive fèt.

Alòs, poum fè yon istwa long vin kout, Bondye te dirije nou nan yon bél peyi kote nou tap bati novo kay nou an. Plan pa nou se te poun bati kay la tou dousman nan rit nou tap kapab travay sou li, petèt nan youn oswa 2 ane konsa. Sepandan, apre nou te fin kòmanse ap travay sou kay la anviwon 6 mwa konsa, nou te resevwa yon apèl de pwopriyetè nou an, kite di nou ke nou tap bezwen soti nan ti fèm lan nan yon mwa. Nou te dil ke nou tap bati yon novo kay epi nou te mande yo si yo te kapab pwolonje delè a pou 2 oswa 3 mwa, sa yo te dakò avèk sa men yo pa tap ban nou okenn favè apre sa.

Ok, nou voye tout lòt bagay sou kot epi bay ppriyorite a nan konstriksyon novo kay nou an poun te kite fèm lan nan fen peryòd gras yo te ban nou an. Si Bondye pat di nou poun te deplase nan lèl te di nou sa a, nou tap oblige ap deplase pandan plizyè fwa pandan peryòd tan sa a; epitou paske nou te toujou okipe, se tap yon pwoblèm.

Se vre, istwa bwouya ble ke mwen te rakonte nan kòmansman liv sa a, se te yon evènman pou-chanje lavi, se te yon vizyon zye klè tou tout bon vre. Li te yon ti kras diferan nan sans ke mwen pat reyèlman wè okenn foto de avni mwen, men mwen te chita la nan bwouya ble sa ap tande byen klè pawòl Sentespri a ki tap relem poun tal nan nasyon yo.

Mwen sèten ke te gen kèk lòt vizyon zye klè ke mwen te genyen, men rèv yo te sanble pi plis komen pou mwen. Pandan mwen ta prale Albani, apeprè yon semèn konsa anvan mwen te ale, mwen te fè yon rèv konsènan vwayaj ki tap vini an. Nan epòk sa nan lavim, mwen pat konn vwayaje anpil tankou map fè kounye a; epitou anvan ke Bondye te pale avèk mwen jou sa, mwen pat janm gen okenn enterè poum fè bagay konsa.

Men, semèn anvan mwen te ale, mwen te fè rèv sa a. Nan rèv sa, mwen te nan biwo yon doktè epim te kouche sou tab egzamen an, yon enfimyè te antre nan chanm nan epi li te dim ke li te bezwen pran yon ti san. Alòs, li te pran menm, epi li pran dwèt lemajè mwen poul pikel epi pran san an, mwen te panse fason li te fè sa a te etranj. Men, ou konnen kòman rèv yo ye; gen kèk bagay ke ou jis konnen nan yon rèv.

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

Nan rèv sa, mwen te jis konnen ke anvan mwen tap kite planèt la ke yo ta pral pike chak dwèt mwen yo pou yo pran san. Aksyon sa tap pale avèk mwen paske nan lekòl biblik yo, yo te konn anseyem ke yo kapab itilize men an pou fèw sonje 5 ofis yo nan legliz la: gwo pouz la se apòt la, lendèks la se dwèt ki montre pwofèt la, lemajè a se dwèt evanjelis la. Alinè a se dwèt bag pastè a, epi olikilè a se dwèt woz pwofesè ki travay ansanm avèk pastè a.

Alòs, mwen te konprann sa enfimyè a te dim lan. Mwen te gentan konnen ke pandan tout lavim, mwen tap, omwen nan kèk nivo nan lavi mwen, fonksyone nan chak gress biwo nan legliz la. Mwen se yon pastè epi yon pwofesè, se vre, men mwen te konnen tou ke mwen tap pote yon pawòl pwofetik pou legliz la konsènan Wayòm nan ak finans yo. Se pou sa ke Jezi te relem pandanm te Albani an. Rèv la te montre ke enfimyè a te pike dwèt lemajè mwen, alòs mwen te konnen ke yo ta pral voyem kòm yon evanjelis nan nasyon Albani an avèk Bòn Nouvèl Levanjil la. Kounye a, mwen jis kòmanse ap fonsyone epi antre nan pòsyon apostolik lavi mwen an.

Antouka, nan rèv sa apre li te fin pike dwèt lemajè a, li te pran men li yo, li te mete yo ansanm tankou yon timoun te kapab fè lè yap lapriyè, epi li te gadem epi mo lapriyè te soti nan bouch li. Li pat di mo lapriyè a byen fò; li te jis di mo lapriyè a ak bouch li tankou ou te kapab fè siw te nan yon pozisyon kote ou pat kapab pale. Apati rèv la, mwen te vin konprann ke yo te voyem kòm yon evanjelis nan nasyon Albani an, epi mwen ta dwe lapriyè pou vwayaj sa a.

Mwen te fè anpil lòt rèv, twòp rèv menm poum ta konte oswa pale de yo la, men rèv sa yo se vwa Lespri Sen an. Koulye a, map rankontre moun ki sanble ap fè rèv chak swa epitou tout bagay nan rèv sa yo “espirityèl” anpil. Mwen kwè ou sipoze kapab disène rèv yo, se vre, moun sa yo ki anvi wè rèv sa yo ak yon zye espirityèl sa pèmèt yo vin gwo tèt ak fyète espirityèl epi yo te vin wè bagay ki pat soti nan Bondye. Sepandan, mwen pat konn fè rèv souvan. Nan nenpòt ane a, mwen te kapab genyen ant 4 rive yon douzèn rèv ke mwen konnen ki soti nan Bondye epi kap dim yon bagay ki enpòtan. Nimewo sa kapab chanje nan plis oswa mwens rèv pandan yon ane, sa se vre. Mwen pa panse ke gen okenn siyifikasyon ni konbyen ou kapab genyen, men bagay kew pakab aprann ladan yo enpòtan.

Yon rèv ki-chanje lavi, kite chanje lavim literalman, se lè sa Bondye te dim kite konpayi finansye mwen tap travay lan pandan 8 lane epi kòmanse pwòp konpayi pa

mwen an epi ede moun pou yo soti anba dèt. Sèl gress rès sa te enpòtan tout bon vre.

Apre sa, te vin gen rès avètisman. Mwen kapab sonje yon bagay kite vrèman etranj se te yon avètisman. Bagay sa te rive nan yon moman ke finans ministè a te anba nèt epi te gen anpil presyon finansye. Nan rès la, mwen te kouche nan kabann mwen poum te dòmi. Pòt chanm lan te louvri, epi mwen te tandem yon ti bri nan lòt sal la (nan rès mwen an) epi mwen te gade nan direksyon pòt la. Se la mwen te wè yon ti demon, kite gen wotè anviwon 3 pye edmi konsa, ki tap rale dèyèl yon sak twal kite plen lajan. Sak la te sanble ak yon sak ke Tonton Nwèl konn itilize. Move zespri yo tap rale sak la dèyè, sak lan te plen, alòs yo tap trennen sak la atè a. Li pa tap soti kite kay la, men mwen te kapab tandem kite vire nan kwen an epi monte nan twazyèm etaj kay nou an. Pandanm te reveye epi mwen tap reflechi ak rès la, mwen te vin reyalize ke Senyè a tap montrem ke lajan son lajan yo te volè oswa son kite pèdi.

Bagay sa enteresan paske nan rès la mwen te gen yon ide sou kantite lajan kite nan sak sa. Map sonje ke mwen te panse li te ka anviwon \$25,000 konsa. Mwen te santi tou ke paske demon an pat kite kay la men yo te senpleman monte ak lajan an ki etaj anlè kay la, se te vle di ke moun sa oswa moun sa yo ki tap volè oubyen kite facilite pou lajan sa te mal itilize te fè pati moun kap viv nan kay la, lèm di kay, mwen te gentan konnen ke se te ministè a. Ok, premye bagay mwen te fè nan demen se te rele moun ki pi gran pasem lan epi mandel poul te tcheke liv depatman finansye nou an. Lè nou fè sa, nou te vin jwenn anpil depans ki pat nesesè ke yo te neglige. Apre ke nou te fin ajoute depans sa yo ki pat nesesè chak mwa sa yo, yo te vin bay prèske \$25,000 chak mwa. Nou te vin detèmine ke pat gen pyès moun ki tap volè tout bon vre, men nan negligans, yo tap gaspiye lajan sa oswa te gen kèk bagay nou tap kapab kanpe poun libere lajan ke nou tap bezwen fè a. Nou te bezwen lajan sa nan sezón sa a paske bagay yo te difisiil anpil.

Bondye kapab itilize rès yo pou ba nou estrateji tou. Ane ki sot pase a, 2018, mwen te fè yon rès ki senp anpil kote tout sa mwen tap tandem se mo, "Konvoke bato yo." Mwen te ekri bagay sa men mwen pat kapab jwenn ki sal te vle di. Mwen te kontinye ap mande Senyè kisal te ye, epi mwen pat di pyès moun sa sof Drenda. Nan reyinyon mesye yo pandan mwa janvye a, mwen tap

**BONDYE KAPAB ITILIZE  
RÈV YO POU BAN NOU  
ESTRATEJI TOU.**

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwa Estrateji a

bay delegasyon pou ane a. Youn ladan yo se te plan yon ti gwooup nan tout peyi a ke mwen tap panse sou sa depi kèk ane men mwen te santi ke ane sa se te ane poum te fè sa. Apre reyinyon an, youn nan mesye sa yo te vini epi li te di, kel te santil yon ti jan egare akoz sa li pral di a, men li te jis senpleman di ke, “Senyè a te di ou se tankou Helen nan Troy.” Mwen pat gen okenn ide de kisa li tap pale a, alòs li te kòmanse eksplikem sa li vle di a. Mwen te mandel poul te voye yon imèl pou mwen epi repete pawòl sa yo ke li tap dim an fas la. Men imel li an.

*Wa Menelaus, Sparta, te kòmande 1,000 bato pou yo te lanse epi sove madanm li, Helen, anba moun twayen yo. “Vizaj kite lanse mil bato” se te yon vizaj-ke tout moun te konnen byen nan lapawòl epi li te referans avèk Helen nan Troy.*

*Nan Mèkredi 30 janyye 2019 la, pandan Pastè a tap pale nan reyinyon mesye yo nan Apex, Senyè a te di ke li te tankou Helen nan Troy, yon wa kite lanse 1,000 bato pou sove moun kite pèdi yo, kite pèdi lafwa, kite pèdi nan fanmi yo, kite pèdi nan finans yo.*

*Pou sèvis Li,*

*Aaron*

Li te voye yon lòt imèl pou mwen yon jou pita.

*Pastè,*

*Mwen vle bay pèspektiv militè Helen nan Troy. Pou pifò moun, se istwa yon wa kite lanse 1,000 bato poul sove madanm li kite pèdi anba moun twayen yo. Men, pou yon moun kap panse tankou militè, sa se te yon deplwaman militè kite rele Operasyon Helen nan Troy. Chak deplwaman militè yo gen yon non operasyonèl. Kòm egzanp, deplwaman sa lè SEAL Team Six te anvayi Osama Bin Laden lan yo te rele Operasyon sa Neptune Spear. Mwen te konn deplwaye nan misyon avèk non kolore tankou Operation Forward Mike, Elvis Marshall, ak Santa Claus.*

*Yo bay yon moun yon lòt non nan operasyon militè yo pou yo kapab rann sa difisi pouw idantifye moun sa, oswa pou kapab fè parèt aklè ki kalite*

*operasyon, opersasyon sa ye, epi ki kalte moun ki nan ladanal oswa dirije operasyon an. Lè Seyè a te di kew te tankou Helen nan Troy a, lespri militè mwen an te twadui sa a tankou se Pastè Gary ki tap deplwaye Operasyon Helen nan Troy a, yon misyon pouw lanse 1,000 bato pou sove moun kite pèdi yo, kite pèdi nan lafwa, pèdi nan fanmi yo, epi pèdi nan finans yo.*

*Anplis de sa, lè mwen te tandé deplwaman 1,000 bato yo, mwen te panse tou ak kantite gèrye, anplwaye kap bay sipò, fòmasyon, kap jere lojistik, ak pwosesis administratif yo ke sa ap pran pou deplwaye chak gress bato yo. Pat gen okenn lòt moun kitap kapab kòmande fòs sa a epi deplwaye lame sa a pou Wayòm Bondye a ke ou menm. Ou te pase plizyè ane ap pran fòmasyon pou lè moman sa tap rive. Fanmi mwen, epitou mwen sèten ke rès Kò a tou, eksite pou yo deplwaye.*

*Pou sèvis LI,*

*Aaron*

Aaron se te yon manb ekip Navy Seal epi li te fè gentan 9 deplwaman pandan 21 lane nan sèvis militè. Li gen yon gwo istwa nan yon transfòmasyon radikal pouvwa Lakwa a. Li pat konnen anyen nan sa Senyè a tap dim nan rèv sa, poul te konvoke bato yo. Men, “pawòl konesans” li a te konfime pou mwen ke mwen te byen tandé epi li te edem nan chemen Bondye te gen pou mwen an. Objektif nou se te rasanble 1,000 ti gwoup nan tout peyi a poun pataje bòn nouvèl Wayòm nan. Siw ta renmen fè pati lame sa a, kontaktem atravè sit entènèt mwen an, Garykeesee.com.

Mwen panse kew kapab wè de kisa map pale a. Rèv yo se yon fason pwisan ke Bondye pale ansanm avèk pèp li a, ede yo avèk direksyon, estrateji, avètisman, epi konfò.

Anvan ke mwen fini aka chapit sa, mwen ta renmen ajoute yon lòt metòd ke Bondye itilize poule de nou avèk estrateji ki dirèk, epitou sa kapab kado pwofesi a. Arawon te resevwa sa nou rele yon mo konesans konsènan plan poum te lanse yon nouvo inisyativ. Yon mo konesans se jis sal vle di a, yon mo konesans. Sa kapab yon konesans ke yo te baw ki soti nan Lespri Bondye a, yon bagay ke ou pat kapab konnen pou kont ou. Nou li pawòl konesans lan nan 1 Korentyen 12 kòm youn nan 9

don Sentespri a. Kounye a, entansyon pa mwen se pa poum anseyew anyen sou liy don espirityèl yo nan liv sa, men mwen vle mansyone youn ladan yo, pawòl pwofesi a.

**“TOUT MOUN KAP  
PWOFETIZE, KAP PALE  
AVÈK LÈZÒM SE POU  
BAN NOU FÒS,  
ANKOURAJMAN AVÈK  
REKONFÒ.”**

**— 1 KORENTYEN 14:3**

Anpil moun trenen lavi yo nan dezòd paske yo mal konprann kado sa ke mwen panse ke mwen ta sipoze mansyone la. Lè moun ap panse ak pwofesi a, yap panse avèk yon pwofèt ki pral rele yo epi lonje dwèt yo nan figi yo epitou li pral di yon bagay tankou, “Ou gen pouw ale an Afrik” oswa “Ou gen apèl pouw vin yon pastè”. Tou 2 deklarasyon sa yo kapab yon reprezantasyon egzat veritab pwofesi, men tou 2 bagay sa yo kapab total

man fo tou. Sa pral depann de kijan ou li bagay yo. Siw li deklarasyon sa yo tankou son direksyon, Lè sa, tou 2 ap fo, men siw li yo tankou yon afimasyon, yo kapab kòrèk. Pòl esplike objektif pwofesi a.

“Tout moun kap pwofetize, kap pale avèk lèzòm se pou ban nou fòs, ankourajman avèk rekonfò.” (1 Korentyen 14:3).

Ou konprann sa kounye a. Pa gen okenn mo ladaml ki endike kew ta dwe jwenn direksyon gras ak pwofesi a, men se konsa pifò moun konsidere pwofesi a, ke li pral bay yo direksyon. Men, dapre Pòl, pwofesi a sèlman konfime direksyon an, li pa bay direksyon. Ou wè sa, depiw te fin fèt yon dezyèm fwa, Sentespri a ki anndanw lan se pral Sila sa kap diw kisa pouw fè. Ou pa bezwen yon gason oswa yon fanm pou vin diw kisaw te gen apèl pouw vin fè pou Jezi. Men, yon pawòl pwofesi kapab konfime yon bagay kew te gentan konnen.

Alòs, kòm egzanp, nan egzanp mwen te gentan bay la, “Ou pral ale nan kontinan Lafrik la,” mwen te di ke sa kapab yon egzanp reyèl de yon pawòl pwofetik, si Sentespri a te gentan diw sa epi li te vin konfimel ak pawòl sa. Men, si ale nan Afrik pat janm nan tèt ou epi se te premye fwa ou te janm tande yon pawòl konsa, ebyen, sa ka petèt pa yon bon egzanp de pawòl Bondye a ki soti nan pwofesi legliz Nouvo Testaman an.

Son bagay moun fou nèt lèw tandé moun kap pale. Mwen gen kretyen ki pwoche bò kotem epi yo di, “Bondye te dim nan yon reyinyon ke mwen te sipoze ap pwospere.” Ebyen wi, ou pat bezwen yon moun ki pou te vin baw yon mo pou diw ke ou pral pwospere; paske Bib lan te gentan di nou sa. Mwen wè kretyen yo kap mande moun èske yo gen okenn pawòl pou yo. Ou pa bezwen ap mande yon moun poul ba ou yon mo! Lespri Sen an ki nan ou pral pale avèk ou, wi, Bondye ka voye yon pawòl pwofetik afimasyon poul ankourajew, men se pa poul dirijew.

Egzanp ki pi dramatik la nan bagay kap pase nan pwòp lavi pa mwen se lè mwen tap koze avèk Drenda. Mwen te konn desann al rankontre fanmi li nan Georgia poum te mande yo pèmisyon poum marye avèk li. Pandanm peryòd mwen te la a, mwen te konn al vizite legliz li ak avèk li. Nan epòk sa, yo te fenk ofrim yon travay nan endistri sèvis finansye a ke mwen tap lite ansanm avèk li a. Yo te relem poum te preche lèm te gen 19 lane epi mwen te fèk fini nan inivèsite avèk yon diplòm Ansyen Testaman, men mwen te santim oblige pran travay sa nan domèn finans lan. Mwen te twouble, mpat konn kisa poum te fè.

Apre sèvis dimanch maten sa nan legliz Drenda a, yon fanm mwen pat menm rekonèt, men Drenda te sètènman konn kiyès li ye, te pwoche bò kotem epi li te di kel li te gen yon mo pou mwen. Li te di, “Wap reflechi sou yon òf travay. Travay la gen 10 aspè sa yo, epi li te nonmen tout bagay ke mwen ta pral fè nan novo travay sa san manke youn.” Li te di, “Ou dwe pran travay sa, paske prezans Seyè a nan travay sa.” Nan ka sa a, mwen te gentan santi mwen tap pran travay la men mwen te twouble sou rezon sa kite fèm santim janm te santim lan. Pawòl pwofetik li a te pote rekonfò ak ankourajman pou mwen epi li te konfime direksyon mwen ta dwe ale. Yon lòt fwa ankò, Lespri Sen an ki nan ou a pral dirijew epi li pral Konseye ou.



## CHAPIT 11

# LESPRI SEN AN SONNEN TANKOU PATRON MWEN AN.

Mwen te gen yon fanmi nan legliz mwen an, lè bagay yo te piti, kite bezwen travay. Son bèl fanmi bèl epi yo te toujou vle ede nan sa kap fèt nan legliz la. Men, ta sanble yo te toujou gen yon pwoblèm lajan. Byen, papa a pa tap travay ankò, alòs mwen te deside poum te ede yo. Nan epòk sa, mwen tap bati kay mwen an epi mwen tap fè tout kalte travay elektrik yo pou kont mwen. Mwen te vin dekouvri ke papa a te konnen kèk bagay nan travay elektrik, epi mwen te ofril poum te peyel pou kèk èdtan tan-pasyèl paske fanmi li pat gen manje. Se konsa, li te vini epi li te fè yon bon travay avèk fil elektrik ke mwen te ba li poul te fè a.

Mwen pat panse twòp sou sa, men apeprè yon mwa pita, mwen te resevwa yon apèl nan men nèg sa. Li te dim ke te gen kèk moun kite reyini ansanm pou yo te priye pou mwen. Mwen te di, “pouki rezon?” Li te dim se paske te gen kèk bagay kite jis bezwen chanje nan legliz la, epi li te kontinye poul dim ke li te gen yon lis ki gen 10 atik ke yo te diskite sou yo. Premye atik nan lis la, se te ke kay mwen an te twò gwo. Li kareman mandem konbyen legliz la tap peyem poum kapab peye yon kay konsa. Mwen te reponn li byen vit ke legliz la pat konnen peyem yon santim, mwen pat janm resevwa chèk nan men legliz la. Apre mwen te fin dil sa, te vin gen yon moman silans pandan yon ti tan. Apre sa, li te di, “Legliz la pat konn baw yon chèk kòm salè?” Mwen te reponn li, wi “Se vre.”. Yon lòt fwa ankò te vin gon lòt moman silans jiskaske li te di alafen. “Byen, yo ta sipoze bay li.” Se te fen konvèsasyon nou an.

Ok, sa te gen apeprè yon semèn konsa oswa pi plis toujou, mwen te tande pale de yon konpayi ki tap fon ouvèti ke mwen te panse ki ta kapab nan domèn enterè mesye sa, alòs mwen te pale sou sa ansanm avèk li. Mesye a te ale epi li te aplike pou pòs la li te jwenn travay la. Koulye a, sonje byen, fanmi nonm lan te sou wout pou yo te mete yo deyò nan kay yo nan epòk la. Alòs, nan semèn li te aksepte travay la li te

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

vin nan legliz la epi li te dim ke li te demisyone, mwen te choke. “Ou demisyone; poukisa?” Li te dim ke vandredi apremidi yo te kenbel pou semèn nan epi yo te mandel pou bale atè a. Li te dim ke se rezon sa, li te demisyone, li di kel pat senyen kontra poul te vin bale. Mwen pat kapab kwè bagay sa mwen tap tande a. Mwen te gentan konnen ke jenn gason sa a tap gen kèk fòmasyon ki difisil si li te vle fè siksè nan lavi. Mwen te toujou gen pitye pou madanm nèg sa. Yo te vin kite legliz la kèk tan apre sa, epitou mwen pat konnen sa kite rive yo. Sepandan, mwen kapab petèt fè yon bon travay nan devine sak te rive yo. Dapre atitud awogan nonm lan epi ki pa vle travay la, mwen kapab asime ke CV nonm sa gen plizyè enfòmasyon sou diferan travay kel demisyone, pi fò nan yo se pandan yon ti tan ki pa long. Nivo pwosperite nonm lan ka sitou yon fason poul siviv nan lavi. Koulye a, pa dim ke mwen mal panse. Moun yo chanje, epi mwen sètènman espere ke se pou byennèt li kel te chanje. Men, sèl sa mwen konnen, nan epòk mwen te konnen nonm lan, li tap pran yon move direksyon. Ou wè sa, li te neglige vwa Bondye a.

Ou kapab ap mande, “De ki vwa Bondye wap pale la?” Mwen sèten ke nonm sa tap diw siw te mandel, paske nan epòk sa, li pat gen okenn ide de sa. Men, li tap neglige youn nan metòd prensipal Bondye yo ki la pou fòme ak prepare moun pou bagay kise desten yo: aprann koube yo. Mwen konnen tit chapit sa a kapab lagew nan konfizyon. Kisa patwon mwen an ta kapab gen pou wè avèk Sentespri a? Ou pral jwenn nan chapit sa ke patwon ki nan travay ou a gen anpil bagay poul wè ak kapasitew genyen pouw tande Sentespri a!

Mwen vle kòmanse etid nou an sou sijè enpòtan sa nan Matye 8:5-10.

*Lè Jezi te antre Kapènawòm, yon kaptenn pwoche bò kote li, li te mandel èd. Li te di, “Seyè, sèvitè mwen an kouche paralize lakay li epi li nan gwo soufrans.”*

*Jezi te di l, ‘Mwen pral geri li.’*

*Kaptenn lan te reponn li, “Seyè, mwen pa merite pouw antre anba twati kay mwen an. Men, jis di yon pawòl, epi sèvitè mwen an ap geri. Paske mwen menm mwen se yon nonm ki anba otorite, epi gen sòlda ki anba otorite mwen. Map di youn nan yo, ‘Ale,’ epi li prale; epitou map di yon lòt, ‘Vini,’ lap vini. Mwen di sèvitè mwen an, ‘Fè sa’, epi lap fè sa.”*

## LESPRI SEN AN SONNEN TANKOU PATWON MWEN AN

*Lè Jezi te tande sa, Jezi te sezi, li te di moun sa yo ki tap swiv li yo: Sa map di nou la a, se vre wi: mwen pat jwenn pèsonn nan pèp Izrayèl la ki gen yon kalite lafwa konsa.*

— Matye 8:5-10

Poukisa mesye sa te kwè byen fasil Jezi ke te kapab geri sèvitè li a? Li te reponn kesyon sa pou pwòp tèt li. *Paske mwen menm mwen se yon nonm ki anba otorite, epi gen sólda ki anba otorite mwen. Map di youn nan yo, 'Ale,' epi li prale; epitou map di yon lòt, 'Vini,' lap vini. Mwen di sèvitè mwen an, 'Fè sa', epi lap fè sa.*" Se paske li te konnen kijan prensip otorite a te travay. Menm jan li te anba otorite, se konsa mesyel yo tou te anba otoritel. Li te konprann ke pawòl patwon travay li an se te jis tankou son vwa Seza. An reyalite, si yo te konnen verite a, vwa patwon an se vwa Seza. Kaptenn sa te konprann tou ke vwa li te bay sèvitè li yo te sonnen tankou vwa Seza pou mesye sa yo. Se konsa otorite a travay. Alòs, paske li te konprann kisa sa vle di poul te anba otorite, li te fasilman konprann tou kijan Jezi te kapab pran otorite sou sitiyasyon sa tou senpleman lèl tap pale avèk sitiyasyon an. Se sa sèlman li te gen poul te fè. Si li te pale ak yon sèvitè poul te fè yon bagay, yo tap fèl. Son bagay kite byen senp. Men yon verite ke ou dwe aprann:

### **WAP SÈLMAN KAPAB MACHE ANSANM AVÈK OTORITE A TOUTOTANW KOUBEW ANBA OTORITE A!**

Si Satan kapab retire tout respè pou otorite epi rive konvenk tout moun ke yo kapab fè sa ke yo vle, lè yo vle a, lè sa a mond lan pral tonbe nan dezòd ak kawo. Men ak kisa li tap bay Èv nan Jaden an, "Èske Bondye te vrèman di...?" Koute byen, chak moun sou planèt sa a anba yon otorite oswa anba plizyè otorite. Lèw rekonèt kilès ki otoritew, sa ap edew konnen ki moun ou oblige koute ak kiyès moun ou pa oblige koute. Men jounen jodya, tout moun vle gen otorite san yo pa koube yo anba okenn otorite, sa son bagay ki enposib.

Sa pa gen lontan, mwen te pale avèk yon kontraktè kite dim kijan li te peye moun ak lajan kach pou evite ke yo paye taks anplwaye yo ak frè konpansasyon travayè yo. Men, mwen te gentan konnen kijan sa ta pral fini. Yon jou, gen yon anplwaye ki ta pral blese epi li ta pral ranpli fòmilè travayè yo epi answit chèche konnen patwon sa ki pat janm peye okenn lajan pou pwogram Konpansasyon Travayè yo ki son bagay obligatwa, epi travayè sa ta pral rele kontraktè a nan tribinal paske lalwa

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

egzije pou yo peye Konpansasyon Travayè a. Mwen te istwa egzak sa kite rive nan pwòp legliz pa mwen an avèk yon mari api madanm li se kontraktè.

Semèn pase a, mwen te pale avèk yon fanm kite di ke li pat bezwen yon pastè; se te jis li menm avèk Sentespri a. Seryezman? Ok, li tap pi bon si fanm sa tal pale te de sa avèk Jezi paske se li menm ki nonmen pastè epi etabli legliz lokal la nan Efezyen chapit 4. Si fanm sa te koubel anba Jezi, apre sa, li ta pral swiv otorite ke Jezi te etabli yo. Reyalite a, se paske fanm lan pat koubel anba Jezi epi li te vle fè pwòp afè pa li. Fanm sa pral gen plis chans poul tonbe nan desepsyon ak moman difisil akòz de sa.

Sa pa gen lontan, mwen te pale avèk yon vandè kite kòmanse pwòp konpayi lavant pa li epi kite pran tout kliyan konapyi sa ke li tap travay lan ansanm avèk li, menm si yo te siyen yon Kloz ki di pou yo pat gen-konpetisyon antre yo, li pat fè sa. Epitou, yo te panse ke yo ta pral pwospere nan poze mod kalite aksyon sa? Aksyon sa pa lòt bagay ke vòl!

Mwen konnen ou gen dwa pa renmen chapit sa a menm jan avèk lòt chapit yo kote mwen te mete bagay ki sipènatirèl yo, bèl bagay ke Lespri Sen an ap fè, men siw pa byen konprann chapit sa a, ou sipoze blyie tout rès bagay yo paske se mod bagay sa yo ke Bondye ap ankouraje.

Map sonje te gen yon fanm kite vin jwenn mwen nan yon reyinyon lapriyè epi li te gen dlo nan zye li yo, li te mandem poukisa mwen pat mandel poul priye. Mwen te choke! Poukisa se te yon gwo zafè pou yo te relew vin lapriyè sof si, idantite fanm lan te baze poul te kapab fè gason yo wèl?

Epitou, se vre, mwen te kapab di fanm poukisa mwen pat rele li pandan yon minit si li pat jamm konn koute nenpòt moun lan. Fanm sa pat respekte maril, fanm lan te toujou ap desann nivo mank espirityalite li nan patisipe nan gwoup kap fè tripotay. Se poutèt rezon sa mwen pat rele li. Piskel te vini nan dlo nan zyel yo paske yo pat wè li antanke yon fanm espirityèl ke li te panse li te ye devan tout gwoup sa kite fè parèt aklè ke fanm lan pat respekte okenn otorite, alòs, se te yon fanm danjere.

**LÈW REKONÈT KILÈS**

**KI OTORITEW, SA**

**PRAL EDEW KONNEN**

**KI MOUN OU OBLIJE**

**KOUTE AK KIYÈS**

**MOUN OU PA OBLIJE**

**KOUTE.**

## LESPRI SEN AN SONNEN TANKOU PATWON MWEN AN

Alòs, kite mwen pozew yon kesyon. Èske ou kalifye pouw ale nenpòt kote ou vle ale a, kote rèv ou yo vle ale a? Sim ta mande pastèw la oswa patwon travay ou a, opinyon onèt yo sou ou kesyon sa yo, kisaw panse yo tap di? Ou wè sa, ou pap kapab gen okenn otorite jiskaskew rive pase tès soumisyon an. Se pa mwen ki di sa; men se Jezi kite di sa.

*Yon moun ke yo kapab fè konfyans ak yon bagay ti piti, yo kapab fèl konfyans tou ak gwo bagy, epitou moun ki malonèt nan bagay ki piti, moun sa pral malonèt ak anpil bagay. Alòs, si yo pat fèw konfyans nan jere richès mond lan, kiyès ki pral fèw konfyans ak richès veritab yo? Epi, si yo pat fè konfyans ak byen yon lòt moun, kiyès moun ki pral baw pwopriyete pwòptèt paw?*

— Lik 16:10-12

**Èske yo kapab fèw konfyans pou baw otorite? Prèv la se nan fason ou koubew.**

Ann gade yon istwa nan Bib la ki kapab gen yon gwo enpak sou siksè wap genyen nan lavi.

*Moun Filisten yo te reyini pou yo goumen ak pèp Izrayèl la. Yo te gen 3 mil cha lagè, 6 mil kamyon lagè, ak yon kantite sólda kite tankou sab bò lanmè. Yo te moute, epi yo etabli kan yo nan zòn Mikmas, sou bò solèy leve Bèt Avenn. Lè Izrayelit yo te wè sitiyasyon kritik sa epitou lame moun sa yo te difisil anpil, yo te kache nan gwòt ak touf bwa, nan mitan wòch yo, nan twou ak sitèn yo. Gen kèk Ebre kite menm janbe lòt bò larivyè Jouden nan peyi Gad ak peyi Galarad.*

*Sayil te rete Gilgal, epi tout lame kite ansanm avèk li yo tap tramble byen fò. Li te rete tann 7 jou, se tan sa ke Samyèl te fikse. men Samyèl pat rive Gilgal, epi mesye Sayil yo te kòmanse gaye. Li te di konsa, ‘‘Vini bèt poun boule kòm ofrann poun di Bondye mèsi pou mwen. Apre sa, Sayil te ofri ofrann bèt boule a.*

— 1 Samyèl 13:5-9

## REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwwa Estrateji a

*Samyèl te di, “Wap aji tankou yon san konprann.” “Nou pa respekte kòmandman Seyè a, Bondye nou an, te ban nou an; siw te genyen, li tap etabli wayòm ou an sou pèp Izrayèl la pou tout tan. Men koulye a, wayòm ou an pap rete. **Senyè a te chèche yon nonm kite fè kè li plezi, lap metel kòm chèf pèp li a,** paske nou pat respekte kòmandman Seyè a.”*

— 1 Samyèl 13:13–14

Sayil te diskalifye paske li pat koubel anba otorite. Alòs, yon lòt fwa ankò nou wè siw pa kapab koubew anba otorite, ou pap kapab gen otorite. Mwen vle montre yon pwen ki trè enpòtan nan pati sa. Senyè a ta pral chèche yon nonm ki fè kè li plezi. Kisa sa vle di, “ki fè kè li plezi”?

*Apre ke li te fin wete Sayil, li te mete David wa yo. Li te temwaye konsènan David: “Mwen jwenn David, ptit gason Izayi a, yon nonm ki fè kè mwen plezi; **lap fè tout sa mwen vle li fè.**”*

— Travay 13:22

Kòman Bondye defini yon moun ki gen pwòp kèl? Alabaz, se yon moun ki rayi sa Bondye rayi epi renmen bagay ke Bondye renmen, se yon moun ki pral fè sa Bondye ta fè si li te la. Nan yon lòt mo, si Bondye rayi peche, lap rayi peche. Si Bondye vle fè yon bagay, lap vle fèl. Nan mond nou an jounen jodya, nou panse yon monn ki gen pwòp kè Bondye a se moun ki gen pi plis don espirityèl la. Nou panse ke espirityèl vle di ti mizik dous nan adorasyon. Men, Bondye di aklè ke lèw obeyisan se yon adorasyon espirityèl.

*Men, Samyèl te reponn li: “Èske Seyè a pran plezi nan bèt nou te boule ak sakrifis yo menm jan ak lè nou obeyi vwa Seyè a? Obeyisans pi bon pase sakrifis, **epitou, koute pi bon pase grès belye yo.** Paske, rebelyon se tankou peche divinasyon, epi awogans se tankou move idolatri. Paskew jete pawòl Seyè a, li voyew jete tou antanke wa.”*

— 1 Samyèl 15:22–23

Alòs, yon fwa ankò, kite mwen diw ke vwa Bondye sonnen tankou patwon travay ou a! Bondye pral pèmèt repons wap bay otorite yo pase yon tès, nan moman ke pyès pa konnen nonw. Pifò moun jis pa konprann kijan tout bagay sa yo travay. Yo

pa konsidere ti travay tan-pasyèl yo a kòm yon bagay ki enpòtan; se pa yon bagay ki gen okenn enpòtan. Men, bagay yo pa konnen an, se antrene yap antrene pwòp tèt yo pou yo vin gen kapasite soumisyon subjectif la, pou yo jije dapre pwòp estanda pa

**ALÒS, YON FWA ANKÒ,  
KITE MWEN DIW KE VWA  
BONDYE SONNEN  
TANKOU PATWON  
TRAVAY OU AN!**

yo si ta vin gen yon bagay ki merite pou koube dapre dezi ak objektif pa yo. Yo pat anseye moun yo ke depi yo te fin dakò sou baz konfyans, pou travay pou yon ti tan-pasyèl, yo te tou dakò pou yo te konsidere travay sa kòm si se te pwòp biznis pa yo. Poutan, se pa konsa pifò moun wè bagay yo. Moun sa yo vize pi gwo objektif yo. Apre tout bagay sa yo, se jis yon travay tan-pasyèl pou yon ti kòb anplis, se pa yon gwo zafè. Pa bon menm!!!!

Pa gen anyen tankou yon travay ki ensiyifyan. Pa gen ti devwa. David te gen yon ti travay ki pat gen twòp enpòtans, li tap okipe mouton yo. Men, travay sa pat ensiyifyan pou David; li te konn riske lavil omwen kèk fwa pou kapab pwoteje mouton sa yo. Nan yon lòt mo, li te pran konfyans sa ke yo te ba li kòm yon biznis kite serye anpil. Menmsi pèsonn pat konnen kiyès li te ye, men Bondye te konnen! Epi Bondye te konnen egzakteman ki kote li te ye tout tan.

Bondye konnen ki kotew ye tou, epi li konnen ki atitud kè genyen anvè otorite. Sal vle diw lan se, siw pa kapab koubew anba otorite moun kew kapab wè, ou pa pral koubew anba otorite Bondye, Sila kew pa kapab wè a. Alòs, anpil moun ke mwen wè gen yon mantalite ke yo gen dwa pou yo fè, yon mantalite viktim; se toujou fòt yon lòt moun, jamè fòt pa yo. Yo toujou ap di ke se fòt patwon travay la, fòt gouvènman an, yo sèlman ap fè sa ki ase pou yo ka pase, se nan fòse yal travay. Yo anjeneral moun sa yo genyen yon mantalite posesiv, se lòt moun ki yo dwe di yo kisa yo dwe fè olye pou yo ta rive panse ak pwòp tèt pa yo. Se te menm bagay sa avèk pitit Izrayèl yo, kite soti nan ane esklavaj, yo tap kontinye panse tankou esklav malgre yo te gentan libere. Mantalite esklavaj yo a pa tap bay rezulta lè yo tap fè fas ak jeyan nan peyi a. Bondye te oblige fòme yo pou yo te kapab reyisi anvan menm yo te rive nan peyi a. Bondye pral oblige fòmew tou anvan menm kew rive nan peyi a. Peyi map pale a se destenw. Alòs, èske Li te fòme yo?

*Li te fèw vin enb, li te fèw grangou epi apre sa li baw lamàn, ni ou menm ni zansèt ou yo pat konnen, poul te moutrew ke moun pat viv ak pen sèlman, men ak tout pawòl kap soti nan bouch Granmèt la.*

— Deteronom 8:3

*Li te ban nou lamàn pou nou manje nan dezè a, yon bagay zansèt nou yo pat janm konnen, poul te kapab imilye nou epi poul te kapab teste nou, alafen pou sa te kapab mache byen pou nou.*

— Deteronom 8:16

Bondye te imilye yo, sa vle di kel te rann yo ensifizan, ke yo bezwen asistans. Yo te oblige aprann pou yo vin depann de Bondye, olye de pwòp tèt pa yo. Moun sa yo te gen pi gwo batay la devan yo ke jis jwenn manje pou yo te manje. Te gen jeyan yo avèk miray vil yo kite devan sa yo epitou kite fasil pou entimide yo sof si yo te wè ke Bondye te pi gwo pase tout pwoblèm sa yo.

Dezyèmman, yo ta dwe aprann fè bon chwa poukонт yo san yo pat oblige yo fè sa. Jounen jodya, mwen wè paran yo kap fè erè nan eseye fòme pèfòmans pitit yo olye ke yo fòme kè timoun sa yo. Yo di yon timoun pou lal netwaye chanm yo epi timoun sa frape pòt chanm lan avèk yon vye atitud pandan yap konfòmel, men li fè travay sa avèk yon kè rebelyon epi se pa avèk yon kè soumisyon. Paran ki vle vin zanmi ansanm avèk timoun yo pral antre epitou yap wè ke chanm lan pwòp, apre sa yo pral di timoun nan kijan travay yo te fè a bèl. Move bagay. Timoun lan montrew respè sou deyò, men se pa anndan li. Koubew se yon fonksyon anndan kè a. Yon jou, paran sa pap la poul fèl aplike bon chwa a. Lè paran sa retire kouvèti a, timoun nan ap lib poul fè sa li vle. Bagay sa ki anndan kè a pral parèt kounye a. Sa se kote anpil paran mete pitit yo nan pwoblèm epi yo twouble, yap deklare ke ti Johnny te toujou yon bon timoun, epi yo choke wè mòd konpòtman timoun sa yo lè yo ale nan inivèsite oswa demenaje al rete nan kay poukонт yo.

Bib la di ke Bondye ta pral teste pèp Izrayèl la pou li te kapab ale byen ansanm avèk yo alafen. Se egzakteman de bagay sa nap pale la. Kontrèman avèk paran sa ki gen anpil enkyetid pou timoun sa ta renmenl, Bondye li menm enkyetel sou byennèt timoun lan sou yon peryòd ki-long. Li pral korije ti atitud ki nan kè yo anvan yo vin gen konpòtman ki kwonik. Se sa bagay sa te vle di, lè li di Bondye ta pral teste yo a.

Bondye tap kapab korije yo paske atitud kè a te evin parèt aklè lè yo te mande pou yo te koube yo a.

Tout moun dwe pase tès soumisyon an! Alòs, ki kote Bondye ap fòme nou jounen jodya paske pa gen dezè poun travèse? Ki kote nou kapab tandem vwa li pou nou ka aprann koube epi jwenn kalifikasyon pou pwochen pwomosyon pa nou an? Sonje kisa Bondye te di konsènan Sòl? Obeyisans pi bon pase sakrifis. Zak ekstèn ou nan adorasyon nan legliz la se pa baz pwochen pwomosyon paw la. Èske Bondye kapab fèw konfyans metew nan pozisyon otorite? Ki kote bagay sa kòmanse? Nan kay la.

*Timoun yo, obeyi paran nou yo nan Senyè a, paske sa se bagay ki jis. Respekte papaw ak manmanw—sa ki se premye kòmandman an ki mache ak yon pwomès—pou sa ka byen mache pou ou epitou pouw kapab viv lontan sou tè a.*

— Efezyen 6:1–3

Poukisa obeyi paranw tap fèw gen yon lavi ki long avèk gwo siksè nan laviw? Èske Bondye baw pwen pou obeyisans? Non, men siw aprann respekte ak onore paranw, otorite yo sou laviw, lè sa a wap onore epi respekte Bondye. Siw respekte otorite Bondye nan laviw, wap obeyi li epi bagay yo ap mache byen pou ou. Alòs, mwen te kapab di ke Bondye se tankou paranw lèw te pi piti epiw te anba responsablite yo.

Dezyèm kote Bondye ap fòmew pouw koubew anba otorite se lèw metew anba otorite lèzòm. Patwonw lan, pastè ou a, ofisyè lapolis la, ak gouvènman an se tout egzanp otorite sa yo ke Bondye bay enstriksyon nou pou nou koube nou anba yo.

Map sonje te gen yon fanmi nan legliz nou an kite sanble toujou ap plenyen ak pale sou pwoblèm yo genyen. Yo te prèske pèdi kay yo a epi yo te bezwen \$10,000 pou yo tal depoze sa ki tap evite yo fèmen kay la. Yo dwe te rakonte plizyè douzèn moun konsa istwa yo nan legliz la. Ofinal, yon fanmi te deside ede yo epi li te ba yo \$10,000 a. Men, sèlman kèk mwa pita, yo te tounen menm kote yo te anvan an epi yo te pèdi kay la. Mwen te pale sou sityasyon an avèk koup sa a, ke t ou 2 pa tap travay. Mwen te sigjere yo, omwen pou te fè yon bagay pandan yap tann bon travay lan rive. Mesye sa ansanm ak madanm li te kapab travay nan restoran nenpòt kote nan vil la, men yo te di ke kalite travay sa yo pat fèt pou yo. Mwen panse ke sa parèt aklè ke pwoblèm moun sa yo pat yon pwoblèm finansye men youn ladan yo se

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

konpreyansyon otorite epi responsablite. Pou kèk rezon, yo pat wè yo te gen yon responsablite pèsonèl pou yo te pran otorite sou pwòp lavi pa yo epi pou yo te fè nenpòt bagay ke yo te sipoze fè pou yo te rezoud pwoblèm nan.

Rick Renner, se youn nan zanmim yo, di ke anvan li anboche yon moun, li te mande poul wè machin moun sa yo, oswa kèk fwa li tap pase lakay moun sa yo sanl pat anonse yo sa. Konpreyansyon pa Rick, si yon moun pa pran reskonsablite pwòp machin pa yo, moun sa yo pap janm pran responsablite sou bagay pa li yo tou. Sa tap sèlman pran yon ti tan anvan biwo travay li yo tap vin sanble menm jan ak machin moun sa yo.

Mwen tap revize tan fòmasyon mwen an nan dezè a. Epi mwen byen kontan dèské Bondye pat kitem pase la ak okenn nan atitud sa yo anvè otorite. Li te fèm vin enb epi li te testem poul te kapab preparem pou travay mwen te gen poum fè.

Map sonje epòk sa te difisil anpil pou mwen poum te gen lajan, map aple de epòk kay kanpay la. Erezman, mwen te vin konkli yon gwo envestisman kite rive fèm apab peye bòdwo mwen yo, bòdwo sa yo kite toujou konn peye anreta. Men, chèk la pat konn rive alè, alòs mwen te vin gen yon lide briyan poum te louvri yon kont kouran nan yon bank ki pat bank prensipal mwen tap sèvi a epim te ekri yon move chèk ki tap soti nan kont prensipal sa, nan lespwa kem ta kapab jwenn chèk sa nan jou apre a epi al depoze li nan nouvo kont sa ke mwen te louvri a poum kapab peye move chèk la. Men, chèk sa pat janm pandan rive 2 semèn! Chak jou, mwen te konn ap ekri yon move chèk nan youn nan bank mwen yo anvan move chèk sa te rive. Mannèv sa te mache pandan 2 semèn, epi move chèk sa te monte plis pase \$2,000 paske mwen te dwe achte manje. Pandan peryòd tan sa a, kantite lajan an tap kontinye grandi.

Men, tout bagay ta pral kanpe lè manadjè bank sa te relem byen bonè nan maten, epitou premye pawòl kite soti nan bouch li se te, “Mr. Keesee, mwen konnen sa wap fè a, epi mwen fèmen kont ou an. Ou dwe pote lajan an pouw peye dèt ki sou kont sa a, epitou ou pap janm kapab louvri yon lòt kont nan bank sa ankò.” Yo te kenbe mwen! Bagay kite pi eggajere nan move sitiyasyon sa se paske mwen tap itilize chèk kite gen vèsè ki ekri sou yo, epi mwen te konn ap temwaye bay manadjè bank sa kijan Bondye te gran. Mèsi Bondye paske chèk la te vin rive jou sa, epi mwen te kapab potel ale nan bank lan pou peye tout dèt yo. Men, mwen te oblige antre nan biwo direktè bank la, repanti devan li, epi di li poul pat pwofere okenn

## LESPRI SEN AN SONNEN TANKOU PATWON MWEN AN

pawòl blam sou Bondye paske se mwen ki tap fè tout bagay sa yo, se te aksyon moun sòt.

Apre sa, te vin gen peryòd sa nan premye ane biznis mwen an lè vis-prezidan rejyonal mwen an tap banm fòmasyon. Pandan li tap revize youn nan lavant mwen yo, li te remake ke mwen pat gen yon siyati nan youn nan espas vid yo. Li te dim, “Pa gen pwoblèm, jis kenbel anba limyè a epi trase siyati yo nan epas kote yo pat siyen an. Apre tout bagay sa yo,” li te di, “yo vle pwodwi a epi yo te siyen nan tout lòt espas yo.” Alòs, se sa mwen te fè. Apeprè yon mwa pita, mwen te resevwa yon apèl nan men avoka youn nan kliyan mwen yo kite deklare ke kliyan mwen an tap relem lajistik poum peyel \$100,000 paske mwen te fòje non li nan yon fich retrè labank. Kantite lajan an te vin redwi a \$5,000 paske vis-prezidan rejyonal mwen an te gen responsablité pal ladaml, epi yo te revoke li.

Men, mwen te oblige aprann! Youn nan nouvo reprezantan mwen yo te bezwen pase yon tès asirans epi li pat gen lajan an poul achte materyèl etid la, alòs mwen te fè kopi a pou li kapab itilizel. Li te kite kopi a nan sit kotel tal pase tès la, epi mwen te vin resevwa yon lòt apèl nan men yon avoka ki ta pral depoze yon pwosè kont mwen pou vyolasyon dwa dotè. Nan epòk sa yo, mwen te konnen wout poum tale nan biwo IRS la tankou do men mwen yo. Mwen te toujou conn ap fè fas avèk bòdwo taks mwen yo kite conn anreta ak peye penalite. Map gade dèyè tout bagay sa yo avèk yon santiman ki melanje kounye a. Bondye tap banm sans responsablité, li tap fòme mwen. Li te konnen ke yon jou jou mwen tap gen poum jere plizyè milyon dola, epi li pa tap kitem ale avèk anyen. Mèsi Bondye pou sa!

Mwen te oblige aprann ke Bondye se pwomotè mwen, epi Bondye pap pwomot pèfòmans sèlman. Entegrite mwen te dwe teste tou. Se poutèt rezon sa mwen di ke Bondye sonnen menm jan avèk patwon ou an. Patwonw lan se yon enstriman Bondye itilize poul fòmew pou pwochen travay ou a epi pou kenbew nan soumisyon. Èskew ap kapab pase tès la?

*Pa gen pyès moun ki soti nan lès oswa nan lwès oubyen nan dezè a kap kapab leve yon lòt nom. Men, se Bondye kap jije: Li desann youn, epi li leve lòt la.*

— Sòm 75:6-7

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwva Estrateji a

*Pa gen okenn disiplin ki dous nan moman an wap resevval la, men bagay ki douloure. Sepandan, pita, li pral pwodui yon rekòt lajistis ak lapè pou moun sa yo kite resevwa fòmasyon pal lan.*

— Ebre 12:11

*Esklav, obeyi mèt nou yo ki sou tè a avèk respè epi kwent, avèk yon kè ki sensè, menm jan nou tap obeyi Kris la. Obeyi yo non sèlman poun sa genyen favè yo lè yap gade nou, men kòm esklav Kris la, fè sa kise volonté Bondye ak tout kè nou. Sèvi yo ak tout kèw, kòmsi se Senyyè a ou tap sèvi, se pat lèzòm, paskew konnen Senyè a ap rekonpanse tout moun pou tout bon bagay li te fè, kit li se esklav kit li son moun ki lib. Epitou, ou menm mèt, trete esklav ou yo menm jan an tou. Pa menase yo, paske nou konnen Sila kise mèt yo epi paw tou ki nan syèl la, pa gen okenn favoritis avèk li.*

— Efezyen 6:5-9

Obeyisans avèk respè epi kwent! Sa se atitud ou dwe genyen anvè patwonw. Se Pòl ki defini obeyisans ou anvè patwonw tankou fè sa kise volonté Bondye. Ou sezi? Mwen te sezi tou!

Alòs, vwa Bondye sonnen tankou kisa? Patwon ou!

### **SE YON TÈS!**

Pandan map fini ak etid sa, mwen gen konfyans kel te enspirew epi ankourajew. Sentespri a se yon bon asosye enkwayb tout bon vre pouw kapab genyen nan lavi sa, Sila kite pwomèt ke li pap janm kitew oswa abandonew la. Se te yon gwo onè poum te rive pataje verite ki gen anpil valè sa yo ansanm avèk ou.

—Gary Keesee

Pou plis enfòmasyon sou kouman pouw soti anba dèt ak envesti san okenn danje, ou kapab kontakte konpayi mwen an kise, Financial Group nan sit wèb nou an.

Pou plis enfòmasyon sou Wayòm Bondye a, tanpri ale sou FaithLifeNow.com.

Pouw kapab jwenn plis enfòmasyon toujou konsènan Faith Life Church (Legliz Viv Lafwa), ou kapab ale sou FaithLifeChurch.org.

## CHAPIT 12

# KÒMAN POUW PRIYE AK RESEVWA BATÈM SENTESPRI A

Tout sa nou resevwa nan men Bondye nou pral resevwa yo gras ak lafwa nan sa Bondye te di nou yo, epitou resevwa kado sa nan men Bondye pa gen okenn diferans. Anvanw lapriyè pouw resevwa yon bagay, asirew kew etidye Vèsè yo ki nan liv sa jiskaskew gen konfyans ke sa se volonte pa Bondye pou ou epi jwenn repons kesyonw yo. Depiw fin gen konfyans ke Batèm Sentespri a se pou ou, apre sa senpleman fè lapriyè sa:

**“Papa, map mandew batèm Lespri pwisan Ou an jodya menm. Mwen resevwa li KOUNYE A, dapre Pawòl Ou, avèk kapasite poum priye nan Lespri a. Mwen mande sa nan non Jezi ak pou glwa Ou! Amèn.”**

Ou pap chèche yon eksperyans, oswa kèk santiman, men ou kanpe fèm sou sa kise Pawòl Bondye, kwè kew resevwa li lè ou priye. Aprew fin mande epiw resevwa saw te mande a, kòmanse fè lwanj Bondye epi di Li mèsi paskel baw onksyon an ak Lespri Li jan Li te fè pwomès la.

Lè wap lapriyè, jis asirew kew konprann *ou gentan resevwa saw mande a*, men se pa lèw vin kapab wè manifestasyon prèv sa aklè kew resevwa li. Tout prèv ke ou bezwen se Pawòl Bondye a.

*“Kèlkeswa saw mande nan lapriyè, kwè kew gentan resewal, epi bagay sa pral vin pou ou.”* ( Mak 11:24b ).

Asirew kew pase tan nan adore Senyè a, depiw lapriyè Lespri Bondye a ap libète poul manifeste pwòp tèt li nan langaj lapriyè ou a. Bondye pap fè bouch ou deplase! Ou pral oblige ouvè pou priye nan lòt lang. Anjeneral, moun yo santi yon

## **REVOLISYON FINANSYE PAW:** Pouwwa Estrateji a

akselerasyon, oswa yon konsantrasyon, nan zantray yo lè yap priye oswa lè yo santi prezans Lespri Bondye a.

Pandan wap kontinye adore, lage tèt ou bay Lespri Bondye a. Ou pral kòmanse santi kèk son ki diferan oswa kèk silab kap soti nan lespriw. Ou pral oblige site son sa yo byen fò gras ak lafwa. Pandan wap fè sa, Lespri Bondye a pral koule epi liberasyonw pral ogmante.

Si pou kèk rezon ou pa ta priye nan lòt lang touswit, pa enkyetew pou sa. Ou te gentan resevwal gras ak *lafwa*, alòs jis kontinye remèsye Bondye pou onksyon li a. Mwen te konn wè moun ki pral lakay yo apre yo te fin asiste yon reyinyon nan legliz la apre yo te fin lapriyè pou yo te resevwa Batèm Sentespri a epitou yo te jis kòmanse priye nan Lespri a pandan yo nan wout pou yal lakay yo, pandan yo nan douch nan denmen maten, oswa pandan yap koupe zèb nan lakou yo kèk jou apre. Kle a se resevwa gras ak lafwa men se pa akoz santiman.

Fè lapriyè nan Lespri a vini yon pati nan lavi ou chak jou, epi devlope yon lavi solid nan lapriyè. Bondye pral pale avèk ou epi dirije ou ak baw respons konsènan tout bagay nèt! Mwen gen konfyans ke wap pran tan pouw priye nan Lespri a epi jwi tout benefis Wayòm Bondye a kew gentan genyen deja!

# NOT YO

1. Jared Dublin, “Jailed fan suing NFL for \$88 billion over Dez Bryant non-catch vs. Packers,” 23 Janvye, 2015, <https://www.cbssports.com/nfl/news/jailed-fan-suing-nfl-for-88-billion-over-dez-bryant-non-catch-vs-packers/>.
2. <http://www.dictionary.reference.com/browse/Edified?s=t>.
3. Lin Edwards, “Sikològ di ke bebe yo konnen sa ki dwat ak sa ki mal nan laj 6 lane,” 10 Me, 2010, <https://medicalxpress.com/news/2010-05-psychologists-babies-wrong-months.html>.



# REVOLISYON FINANSYE PAW

## Pouvwa Estrateji a

Lavi a chaje ak anpil gwo desizyon.

*Kouman ou fè konnen ki kay ou ta dwe achte, a ki moun ou ta dwe marye, oswa ki kalite jòb ou ta dwe aksepte?*

Si ou pral gen pouw fè siksè, ou bezwen yon estrateji. Men, kijan ou kapab mete yon estrateji kanpe lè ou pa gen tout repons yo?

Sekrè Bondye yo sere pou ou, yo pa kache pouw pa wè yo.

**Bondye vle ou gen repons ou bezwen yo—epi se poutèt sa li te ba ou yon zam sekrè!**

Nan twazyèm tranch seri Revolisyon Finansye paw la, Gary Keesee fè parèt aklè youn nan eleman ki pi enpòtan nan siksè li ak yon sekrè KRITIK Wayòm Bondye a kise: Pouvwa Estrateji a! Nenpòt moun ka kenbe pwason si yo konnen ki kote pou yo jete nas yo. Bondye gen repons sa yo ou bezwen an, men ou dwe konprann kijan pou ou tandé repons sa yo epi aplike yo nan lavi ou—se desa nou pale selman nan tout liv sa.

Vin jwenn Gary nan vwayaj louvri—zye sa, epi dekouvri kouman pou ou aplike Pouvwa Estrateji a nan lavi ou.



Gary Keesee se yon otè, oratè, antreprenè, espè finansye, epi yon pastè ki gon pasyon pou ede lòt moun genyen nan via, espesyalman nan domèn sa yo: lafwa, lafanmi, ak finansye. Gary ak madanm li Drenda gentan kreye plizyè biznis kap fè siksè epi yo se fondatè Faith Life Now (Viv Lafwa kounya), ki pwodwi 2 emisyon ki pase nan televizyon “Fikse pwoblem lajan” epi Drenda, bay konferans toupatou nan mond lan, ansanm avèk plizyè resous pratik. Fanmi Keesees a se pastè tou Legliz Viv Lafwa, ki touprè zòn Columbus, Ohio.

P. O. Box 779, New ALBANY, OH 43054

LIFE | [garykeesee.com](http://garykeesee.com)